

---

# Pêpêthikan Saking Kitab Suci

---

Kathahipun Satus  
Sakawan Cariyos

---

Jilid I: Prajanjeyan Lami

---

## Daftar isi

|                                                                                      |    |
|--------------------------------------------------------------------------------------|----|
| 1. Tumitahing Alam Donya <sup>[1]</sup> .....                                        | 4  |
| 2. Wiwitipun Wontên Dosa .....                                                       | 5  |
| 3. Kain lan Abil <sup>[5]</sup> .....                                                | 6  |
| 4. Bumi Kinêlêm .....                                                                | 7  |
| 5. Panggung ing Babil .....                                                          | 8  |
| 6. Nabi Ibrahim Tinimbangan, Pêpisahan lan Kapénakanipun Nama Lut .....              | 9  |
| 7. Kumandêlipun Nabi Ibrahim <sup>[22]</sup> .....                                   | 11 |
| 8. Pandonganipun Nabi Ibrahim .....                                                  | 12 |
| 9. Risaking Nagari Sadum kaliyan Ngamorah .....                                      | 13 |
| 10. Lairipun Nabi Iskhak <sup>[27]</sup> , Ismangil <sup>[28]</sup> Katundhung ..... | 14 |
| 11. Nabi Iskhak Badhé Kadamêl Kurban .....                                           | 15 |
| 12. Kramanipun Iskhak .....                                                          | 16 |
| 13. Nabi Yakub lan Ésaf <sup>[34]</sup> .....                                        | 18 |
| 14. Tindakipun Nabi Yakub .....                                                      | 20 |
| 15. Nabi Yusuf Kasadé .....                                                          | 22 |
| 16. Nabi Yusuf Wontên ing Mêsir .....                                                | 23 |
| 17. Para Kadangipun Nabi Yusuf Dhatêng ing Mêsir .....                               | 26 |
| 18. Lampahing Para Kadangipun Nabi Yusuf ingkang Kaping Kalih .....                  | 28 |
| 19. Nabi Yakub Dipunpondhongi dhatêng Mêsir <sup>[59]</sup> .....                    | 30 |
| 20. Timuripun Nabi Musa .....                                                        | 32 |
| 21. Nabi Musa Wontên Ngarsaning Pringon .....                                        | 34 |
| 22. Wêdalipun Banisrail saking Mêsir .....                                           | 37 |
| 23. Lampahipun Banisrail Dumugi ing Rêdi Sina <sup>[68]</sup> .....                  | 39 |
| 24. Dhumawuhing Anggêr-Anggêr .....                                                  | 40 |
| 25. Pasucianing Allah, Para Imam, lan Dintên Agêng .....                             | 42 |
| 26. Pakuburanipun Tiyang Luamah .....                                                | 44 |
| 27. Para Têlik .....                                                                 | 45 |
| 28. Balélaning Banisrail .....                                                       | 46 |
| 29. Pandhita Balhum <sup>[4]</sup> .....                                             | 47 |
| 30. Sédanipun Nabi Musa .....                                                        | 48 |
| 31. Nabi Yusak .....                                                                 | 49 |
| 32. Gidyon <sup>[6]</sup> .....                                                      | 51 |

|                                                      |    |
|------------------------------------------------------|----|
| 33. Bok Rut.....                                     | 53 |
| 34. Èli lan Nabi Sêmuèl <sup>[14]</sup> .....        | 54 |
| 35. Nabi Sêmuèl lan Raja Saul.....                   | 56 |
| 36. Dawud Jinêbadan.....                             | 57 |
| 37. Dawud Kinuya-Kuya .....                          | 59 |
| 38. Sédanipun Raja Saul.....                         | 61 |
| 39. Prabu Dawud Manggih Lêpat, lajêng Nalôngsa ..... | 63 |
| 40. Prabu Dawud kaliyan Absalom .....                | 64 |
| 41. Wêkasaning Panjênênganipun Prabu Dawud.....      | 66 |
| 42. Kaprabonipun Raja Suléman.....                   | 68 |
| 43. Gêmpaling Karaton .....                          | 70 |
| 44. Nabi Élia .....                                  | 71 |
| 45. Nabi Élisa.....                                  | 74 |
| 46. Nabi Yunus .....                                 | 76 |
| 47. Wêkasaning Karaton Israil .....                  | 78 |
| 48. Para Ratu ing Karaton Yahuda .....               | 79 |
| 49. Wêkasaning Karaton Yahuda .....                  | 81 |
| 50. Nabi Danièl <sup>[63]</sup> .....                | 83 |
| 51. Nagari Yêrusalèm Binangun .....                  | 85 |
| 52. Nabi Ayub.....                                   | 87 |

## 1. Tumitahing Alam Donya<sup>[1]</sup>

Kala purwanipun Allah anitahakên langit lan bumi. Môngka bumi punika wor suh lan suwêng, katingal sagantên katutupan ing têdhuh, môngka rohing Allah angrêm sanginggiling toya. Allah lajêng ngandika: "Padhanga!" Sanalika lajêng padhang. Allah tumuntên misahakên padhang saking pêpêtêng. Déné kang padhang wau kanamakakên rahina, ingkang pêtêng kanamakakên dalu. Ing ngriku lajêng wontên sontên kaliyan énjing, inggih punika dintên ingkang sapisan.

Sarêng dintên ingkang kaping kalih Allah anitahakên awang-awang kêkêmuling bumi, kanamakakên langit, kadamêl misahakên toya kang wontên ing nginggil kaliyan kang wontên ing ngandhap.

Ing dintên kaping tiga Allah amisahakên sagantên kaliyan dha-[2]ratan sarta anuwuhakên rumpu, jêjanganan, lan kêkajêngan.

Dintên kang kaping sakawan Allah anitahakên surya, rêmbulan lan lintang-lintang.

Sarêng dintên ingkang kaping gangsal Allah anitahakên sawarnining sato ing toya, tuwin sato ibêran. Tumuntên sami dipunbêrkahi déning Allah, pangandikanipun: "Padha bêbranahana lan wuwuh-wuwuha!"

Ing dintên kang kaping nêtm Allah anitahakên sato dharatan awarni-warni, kawêdalakên saking bumi. Allah tumuntên<sup>[2]</sup> ngandika: "Ingsun daknitahaké manungsa amirib lan Ingsun, anguwasanana sato-sato ing sagara, miwah sato ibêran lan sato dharatan, apadéné saisiné bumi kabèh." Ing ngriku Allah anitahakên manusa<sup>[3]</sup> sairib lan sariranipun, katitahakên mèmper lan Allah, inggih punika tiyang jalêr satunggal, kanamakakên Adam. Saha kaparingan tiyang èstri satunggal. Tumuntên sami ka-[3]bêrkahan, pangandikanipun: "Padha bêbranahana lan wuwuh-wuwuha, ngêbêkana salumahing bumi lan padha nguwasanana saisiné kabèh!" Allah aningali samukawis titahipun saèstu langkung déning prayogi.

Déné ing dintên kang kaping pitu Allah kèndêl anggènipun nitah-nitahakên wau, mila dintên kang kaping pitu punika kabêrkahan lan kasucèkakên déning Allah.

1. Tidak ada nomor cerita
2. tumuntên\*
3. manungsa\*

## 2. Wiwitipun Wontên Dosa

Allah ayasa patamanan anglangkungi saé wontên ing tanah Édèn, inggih punika ingkang kanamakakên Pirdus. Manungsa wau sami kaprênahakên wontên ing ngriku, kakarsakakên mulasara ing patamanan wau. Salêbêting Pirdus punika kathah[4] kêkajênganipun awarni-warni, éndah tiningalan, wohipun éca dhinahar. Satêngahing patamanan wontên uwit kêkalih, satunggal nama witing gêsang, satunggalipun nama witing pangawruh saé lan awon. Allah amacuhi dhumatêng manungsa, botên parêng yèn nêdha wohing wit pangawruh saé lan awon wau, pangandikanipun: "Sira mangana wohing wit-witan kang ana ing patamanan iku kabèh, mung wohing wit pangawruh bécik lan ala iku baé aja sira pangan, samôngsa sira mangan wohing wit iku amêsthi sira bakal mati."

Ing satunggal dintên tiyang èstri wau mlampah-mlampah wontên sacêlaking wit pangawruh saé lan awon, lah ing ngriku wontên sawêr langkung déning julig awicantên dhatêng tiyang èstri wau: "Allah punapa botên ngandika dhumatêng sampéyan: 'Sira aja mangan sarupaning wowohan ing patamanan iku!'" Wangsulaniipun tiyang èstri: "Aku klilan baé mangan wohing wit-witan ing patama-[5]nan, mung wohing wit kang ana ing têngah iki Allah wus angandika, 'Poma sira aja mangan wohing wit iku, anggêpok baé aja, supaya sira aja kongsi mati.'" Sawêr lajêng wicantên malih: "Botên-botênipun sampéyan pêjah, nanging Allah sampun mirsa, samôngsa sampéyan dhahar woh punika amêsthi mripat sampéyan kabuka, têmahan sampéyan sami lan Allah, sumêrêp ingkang saé tuwin ingkang awon." Saksana paningalipun tiyang èstri wau woh punika dhasar prayogi katêdha, saestu aménginakên, langkung malih badhé anyagêdakên. Wasana amêthik wohipun, lajêng katêdha, punapadéné ingkang jalêr inggih dipunsukani, ugi lajêng katêdha. Sanalika tiyang sakaliyan wau mripatipun kabuka, sami rumaos yèn wuda, lajêng sami anyawung roning arah kadamêl awêr-awêr.

Sarêng wanci sontên pinuju wêdaling angin sumaribit,[6] sami mirêng suwaraning Allah apêpara wontên ing patamanan. Adam sasémahipun sami umpêtan, ampingan kajêng. Allah tumuntên animbali Adam, pangandikanipun: "Sira ana ing ngêndi?" Atur wangsulanipun Adam: "Kawula umpêtan wontên ing ngriki, ajrih mirêng suwara Tuwan wontên ing patamanan, amargi kawula wuda." Allah tumuntên ngandika malih: "Sapa kang nyumurupaké gonira wuda? Bok manawa sira wus mangan wohing wit kêkêraning-Sun." Aturipun Adam: "Pêparing Tuwan tiyang èstri punika ingkang nyukani dhatêng kawula, lajêng kawula têdha." Allah lajêng ngandika dhatêng tiyang èstri wau: "Ya géné sira nêrak wêwalêring-Sun?" Aturipun tiyang èstri wau: "Sawêr punika ingkang ngapusi dhatêng kawula, têmahan kawula têdha." Allah tumuntên ngandika dhatêng sawêr: "Sarèhné sira anglakoni mêngkono, kênaa ing ipat-ipat, angluwihi sato[7] kabèh. Sajêgira lakunira adalorsarta panganira lêbu. Sira saturun-turunira Sunpasthi sêsatron lan wong wadon iki saturun-turuné. Turuné wong wadon iki bakal anggêcêg êndhasira, déné sira bakal anyakot tungkaké." Allah lajêng ngandika dhatêng tiyang èstri wau: "Sira bakal manak kalawan lara lan bakal dikuwasani ing lakunira." Allah tumuntên ngandika dhumatêng Adam: "Sarèhné sira miturut ujaraning bojonira kongsi mangan wohing wit kêkêraning-Sun, mulané bumi kênaa ing ipat-ipat marga saka sira. Ênggonira mangan wulu wêtné bakal kanthi kasusahan ing sajêgira. Apadéné bumi iku bakal thukul êri lan kêcubung, pamanganira rêjêki kalawan kringêtên kongsi tumêka ulihira marang lêmah kadadéanira. Sira iku kadadéan lêbu, iya bakal bali dadi lêbu." Adam lajêng namakakên sémahipun Khawa<sup>[4]</sup>, têngesipun baboning agêsang. Sakaliyanipun lajêng kadamêlakên sandhangan wacuca-[8]l déning Allah, tumuntên sami katundhung saking Pirdus. Déné margi ingkang dumugi witing gêsang punika, saking karsa Allah kajagi déning malaékat, asikêp pêdhang ligang murub.

### 3. Kain lan Abil<sup>[5]</sup>

Putraning nabi Adam ingkang pambajêng anama Kain, panênggakipun anama Abil. Kain padamêlanipun angolah siti, déné Abil padamêlanipun angèn ménda. Kacariyos ing satunggal dintên sadhèrèk kêkalih wau sami nyaosakên kurban maring Pangéran. Kurbanipun Kain awarni pamêdaling siti, déné kurbanipun Abil awarni pambajênging méndanipun. Ing ngriku kurbanipun Abil katarimah déning Pangéran, kurbanipun Kain botên, amargi Abil punika sa-[9]lèh, Kain botên. Kain tumuntên muring-muring sangêt, ulatipun amarêngut, Pangéran lajêng angandika dhumatêng Kain: "Ya géné sira mêngkono? Kawruhanira yèn dhasar sira bêcik, amêsthi Ingsun tarima, déné yèn sira ora bêcik, dosa iku tansah angarah ing sira, nanging sira aja têluk, malah têlukna." Ing ngriku Kain aruh-aruhan malih kaliyan Abil ingkang rayi. Sarêng sami wontên ing sabin, Kain anandukakên panganiaya. Abil lajêng dipunpêjahi.

Pangéran tumuntên angandika dhumatêng Kain: "Adhinira si Abil ana ing êndi?" Aturipun Kain: "Kawula botên sumêrêp, punapa kawula êmbanipun adhi kawula?" Pangéran amangsuli pangandika: "Sira anglakoni apa? Déné gêtihé adhinira têka sê-[10]sambat marang Ingsun. Saiki sira kênaa ing ipat-ipat ana ing bumi, awit bumi iku nêsep gêtihé adhinira. Gonira angolah bumi ing tênggê bakal ora mêtu wohé lan sira bakal ngulandara." Kain tumuntên matur ing Pangéran: "Dosa kawula sakalangkung agêngipun ngantos botên kénging dipunapuntên. Sintên-sintêna ingkang kapanggih kaliyan kawula tamtu badhé mêjahi." Pangéran tumuntên damêl têtêngêran dumunung wontên ing badanipun Kain supados sampun ngantos dipunpêjahi. Sêsampuning makatên, Kain lajêng késah saking ngarsaning Pangéran, manggèn wontên ing tanah Nod, sawétaning tanah Êdèn. Mênggah anak putunipun sami ambêk sumangkéyan, anuruni bapakipun, saha sami botên éring dhatêng Pangéran.[11]

Kacariyos wontên turunipun Kain têtiga, ingkang satunggal wasta Yabal, punika ingkang amurwani padamêlan angumbara angèn raja kaya, satunggalipun anama Yubal, punika ingkang amurwani pirantosing lélagon. Satunggalipun malih anama Tubal Kain, punika ingkang amurwani padamêlan pandhé tuwin sayang.

Sapêjahipun Abil, Khawa lajêng ambabar putra kakung malih, kaparingan nama Sis<sup>[6]</sup>, têngêsipun: lèlîntuning kaicalan. Punika anurunakên satunggaling tiyang ingkang sakalangkung salèh anama Ênoh<sup>[7]</sup> (Idris) botên pègat anggènipun madhêp maring Allah, tênggahakên dhatêng ing Swarga tanpa nglampahi pêjah. Wondéné Ênoh wau gadhah putra satunggal, anama Matusalah<sup>[8]</sup>. Sami-sami manungsa Matusalah wau umuripun panjang piyambak ngantos sangangatus sawidak sanga taun.[12]

5. Abel #
6. Set #
7. Enos #
8. Metusalakh #

## 4. Bumi Kinêlêm

Manungsa sangsaya mindhak kathahipun, sangsaya mindhak piawonipun. Allah tumuntên angandika: "Manungsa iku badan wadhag, mulané ora gèlêm kaparéntah déning rohing-Sun, bakal Sunsabari satus rong puluh taun êngkas." Sarêng Pangéran aningali manungsa botên purun tobat, malah sangsaya andadra piawonipun, Pangéran tumuntên angandika: "Ingsun bakal nyirnakaké manungsa titahing-Sun." Môngka ing ngriku wontên tiyang salèh satunggal anama Ênuh<sup>[9]</sup>, punika ingkang manggih sih piwêlasing Allah, mila kadhawuhan pangandikaning Allah makatên: "Sira agawéa prau apétak-pétakan, nganggoa lawang lan jandhéla, dawané têlungatus asta, ambané sèkêt asta, dhuwuré têlung puluh asta, sabab Ingsun bakal angêlêm bumi. Déné sira saanak bojonira[13] lan mantunira padha lumêbua ing prau mau sarta anggawaa sakutu-kutu walang ataga nyajodho, supaya dadia bibit ana ing bumi, lan asangua sarupaning pangan." Nabi Ênuh tumuntên anglampahi samukawis dhawuhing Allah wau. Déné tiyang kathah sami botên manah mênggah dhawuhing Allah wau, sami andalurung pamurangsarakipun. Nabi Ênuh lajêng lumêbêt ing baita sarayatipun saha bêtêktinipun. Kala samantên yuswanipun nabi Ênuh nêmatius taun, Allah tumuntên nginêbi kontêning baita, lah ing ngriku dhasaring sagantên sami bêngkah, kontêning langit sami mênga, dhawuhing jawah kados dipunsokakên. Ingkang makatên wau laminipun ngantos kawandasa dintên kawandasa dalu. Ing sabên dintên toya sangsaya mindhak agêng, angumbulakên baita têtah kumambang. Saking agênging toya ngantos anyilêpakên pucaking rêdi ingkang inggil-inggil, déné kasilêping pucak wau ngantos gangsal wêlas asta. Sarêng sampun antawis gangsal wulan, punika katoging toya,[14] ing ngriku sakathahing tiyang tuwin sawarnining sato dharatan sami pêjah sadaya, namung nabi Ênuh sakancanipun tuwin sato kéwan ingkang sami kabêkta wontên ing baita punika ingkang wilujêng. Sarêng sampun kalangkung gangsal wulan, Allah andhatêngakên angin, têtahan toya wiwit surud, baitanipun nabi Ênuh wau lajêng kandhas wontên ing rêdi Ararat. Sarêng sampun angancik sadasa wulan, pucaking rêdi-rêdi sami katingal malih. Sarêng sampun antawis kawandasa dintên êngkas, nabi Ênuh angêngakakên jandhéla, tumuntên anguculakên gagak. Gagak wau anggènipun mabur awongsal-wangsul, nanging botên malêbêt ing sêngkêran malih. Nabi Ênuh tumuntên nguculakên dara, punika lajêng wangsul lumêbêt ing kurunganipun malih. Antawis pitung dintên êngkas, dara wau kauculakên malih. Sêsampuning mabur lajêng wangsul sarwi anggondhol pupusing kurma. Antawis pitung dintên malih nabi Ênuh nguculakên dara malih, lah punika pun dara lajêng mabur bablas botên wangsul-wangsul. Na-[15]bi Ênuh tumuntên bikak tutuping baita, ningali toya sampun asat, sarêng sampun antawis kalih wulan, siti sampun gasik. Nabi Ênuh sakancanipun nuntên sami mêtal saking baita. Sawêdalipun wau nabi Ênuh lajêng nyaosakên kurban, minôngka tondha panuwun maring Pangéran. Ing wêkdal punika Pangéran angandika: "Ing têtêbé Ingsun ora angipat-ipati bumi manèh kang marga saka dosaning manungsa, sabab pikiré ala cilik mula ing têtêbé bumi iku tulus sajêgê, tansah kasêbaran wiji lan kaundhuh, ora pègat adhêm panas, môngsa katiga lan rêndhêng, rahina lan wengi." Ing ngriku Allah ambêrkahi dhumatêng nabi Ênuh sarta adamêl prajanjéan, kados ingkang kasêbut ing nginggil wau, déné ingkang kadamêl têtêngêran punika kluwung, pangandikaning Allah: "Iku têtêngêring prajanjéaning-Sun, lan sarupaning kang urip ana ing bumi."

Wondéné putraning nabi Ênuh ingkang sami tumut wontên ing baita wau têtiga, inggih punika: Sêm,[16] Kham<sup>[10]</sup>, lan Yafèt, punika ingkang sami nurunakên sakathahing manungsa sêsampuning bumi kinêlêm.

## 5. Panggung ing Babil

Kala sédanipun nabi Ênuh yuswa sangangatus sèkêt taun, dados sêsampuning bumi kinêlêm taksih sugêng tigangatus sèkêt taun. Sêsampuning nabi Ênuh botên wontên tiyang ingkang nyandhak samantên umuripun. Déné umuripun Sêm andungkap nêmatas taun. Wiwit nalika punika karosaning tiyang sangsaya suda, katôndha saking umur-umuranipun botên antawis lami sêpuh-sêpuhipun tiyang namung umur kawanatus taun, botên antawis lami malih malah namung kalihatatus taun.

Ing jaman punika wiwit wontên tiyang ambawahakên saha masésa sêsamining tiyang, inggih punika Namrud<sup>[11]</sup>, wayahipun Kham. Inkang wau padamêlanipun ambêbêdhag, sakalangkung kuncaranipun lajêng amurwani yasa kara-[17]ton ing nagari Babil.

Kala samantên sakathahing tiyang basanipun sami kémawon. Kocapa têtiyang kang sami manggèn ing tanah Singar<sup>[12]</sup> sapinggir bènawi Frat, punika sabiyantu badhé yasa nagari, mawi panggung inggil, wagêda sundhul ing langit. Inkang makatên wau pikajêngipun supados misuwura namanipun, ngiras kadamêl têtêngêran, murih tiyang-tiyang wau sampun ngantos pating salêbar ing salumahing bumi. Nanging prakawis punika Pangéran botên amarêngi, mila lajêng tumêdhak, angisruhakên têtêmbunganipun tiyang wau, dados sami botên mangrêtos wicantêning kancanipun. Wusana anggènipun yasa nagari wau wandé, kala samantên têtiyang lajêng sami buyar, déné salajêngipun sami pating salêbar, ngênggèni salumahing bumi sadaya.[18]

11. Nimrod #

12. Sinear #



## 6. Nabi Ibrahim Tinimbalan, Pêpisahan lan Kapénakanipun Nama Lut

Kocapa ing nagari Urkasdim, wontên turunipun Sèm satunggal, anama Térâh, putranipun têtiga, inggih punika: Abram, Nahor, lan Aran<sup>[13]</sup>. Sarêng Aran sampun pêjah, Térâh sarayatipun lajêng sami ngalih dhatêng nagari Aran, tanah ing Mésopotami.

Kala samantên manungsa sampun dados pérangan bôngsa kathah, kêdhik ingkang nêmbah maring Allah sajati. Ing ngriku Pangéran ngandika dhumatêng Abram: "Sira ninggala tanah kalairanira, mênyinga ing tanah kang bakal Suntutuhaké marang sira! Ing kono sira Sunpêncaraké dadi bôngsa gêdhé, lan sira Sunbêrkahi, sarta jênêngira Sun-gawé mulya, sira kang minôngka bêrkah, sing sapa ngasihi sira iya Sunsihi, mêngkono uga sing sapa ngipat-ipati sira iya Sunipat-ipati, para jinis kabêh bakal o-[19]lèh sih jalaran saka sira."

Nabi Abram satampining dhawuh tumuntên bidhal, ingkang kabêkta garwanipun anama Sarah<sup>[14]</sup> kaliyan kapénakanipun anama Lut. Kala samantên yuswanipun nabi Abram sawêg pitungdas gangsal taun. Sarêng lampahipun dumugi ing tanah Kênangan<sup>[15]</sup>, nabi Abram dipunkatingali ing Pangéran, saha kadhawuhan ing pangandika makatên: "Mungguh tanah iki bakal Sunparingaké ing turunira" Nabi Abram tumuntên yasa pakurbanan wontên ing ngriku, sarta amêmuji dhatêng asmaning Pangéran.

Kacariyos nabi Abram lan Lut wau sami gadhah rajakaya anglangkungi kathah, ngantos siti ing ngriku botên anyêkapi kadamêl angèn rajakaya wau, têtahan pangènipun nabi Abram sami rêbatan pangènan kaliyan pangènipun Lut. Nabi Abram tumuntên pirêmbag dhatêng Lut: "Sarêhné aku lan kowé padha sanak, kang môngka tanah iki jêmbar, amurih aja ana padu, aku lan kowé, utawa pangonku lan pangonmu, bécik padha/[20] pêpisahan baé, yèn kowé mangiwa lah aku kang manêngên, apadéné yèn kowé manêngên, lah aku kang mangiwa." Lut tumuntên amilih siti sacêlaking bêtawi Yârdén, kalêbêt laladaning Sadum<sup>[16]</sup> lan Ngamurah<sup>[17]</sup>. Siti punika sakalangkung déning loh jinawi, sampun kados taman ing Pirdus, Lut tumuntên manggèn ing ngriku, déné nabi Abram tumuntên pindhah dhatêng wana Mamrêh<sup>[18]</sup> sacêlaking nagari Khébron<sup>[19]</sup>.

Botên antawis lami sang prabu ing nagari Êlam, anama Kédarlangomêr<sup>[20]</sup>, punika anglurugi pêrang dhatêng raja Sadum lan Ngamurah, têtah sami kèngsêr sabalanipun. Griya-griya ing ngriku sami dipunrayahi, punapadéné tiyang ingkang kacêpêng sami kaboyong, Lut ugi tumut kaboyong. Ing ngriku wontên satunggaling tiyang ing nagari Sadum, lumajêng ngaturi uninga dhatêng Abram, mênggah kadadosaning pêrang wau. Nabi Abram tumuntên ngalêmpakakên abdinipun, cacah tiyang tigang-[21]atus wolulas, sami mirantos ing dêtamêl, lajêng sami nututi raja Kédarlangomêr wau, katukup wontên ing pasipêngan, têtah kaplajêng. Lut saanak bojonipun punapadéné bala ing Sadum sadaya dalasan barang jarahan, sami kènging karêbat. Sakonduripun, nabi Abram kapêthuk déning Malkisêdêk<sup>[21]</sup>, ratu ing nagari Salêm, ngiras imaming Allah Kang Maha Luhur, punika anandukakên roti kaliyan anggur dhatêng nabi Abram, sarwi pêpujinipun makatên: "Abram mugi kabêrkahan déning Allah Kang Maha Luhur, ingkang kagungan Swarga lan bumi, Allah inggih kaluhurna, déné sampun angulungakên mêngsah dhatêng asta sampéyan."

Kacariyos, raja ing Sadum amanggihi dhatêng nabi Abram, anêdha tiyang bêtayongan kawulanipun piyambak. Déné barang jarahan lêstantuna dados kagunganipun nabi Abram. Ananging wangsulanipun nabi A-[22]bram: "Dêmi Allah Ingkang Maha Luhur, kula botên purun

mêndhêt kagunganipun sampéyan saêlêr utawi sajangêting tarumpah kémawon, supados ing wingking sampéyan sampun ngantos anêmbungakên: 'Aku kang nyugihaké Abram.'"

- 13. Haran #
- 14. Sarai #
- 15. Kanaan #
- 16. Sodom #
- 17. Gomora #
- 18. Mamre #
- 19. Hebron #
- 20. Kedorlaomer #
- 21. Melkisedhek #

## 7. Kumandêlipun Nabi Ibrahim<sup>[22]</sup>

Botên antawis lami nabi Abram dipunkatingali ing Allah sarta kadhawuhan: "Hé Abram, sira aja wêdi! Ingsun iki tamêngira lan ganjaranira kang luwih gêdhé." Kacariyos ing satunggal dintên nabi Abram angraosakên prihatin margi anggènipun botên kagungan putra. Pangéran tumuntên angandika dhumatêng Abram: "Sira tumêngaa marang langit, amilanga sakèhing lintang. Sira apa bisa wruhanira ing tênggê turunira kaya lintang iku akèhé?"<sup>[23]</sup> Nabi Abram inggih kumandêl maring Pangéran, môngka kumandêlipun wau kaanggêp déning Pangéran dados kautamènipun.

Wondéné nabi Abram kala yuswa sangangdasa taun kadhawuhan pangandikaning Pangéran malih: "Ingsun iki Allah Kang Maha Kuwasa, sira madhêpa marang Ingsun kalawan tênggê-tênggê. Ingsun arêp gawé prajanjéan lawan sira lan turunira Sunakèhaké kang luwih bangêt. Mulané jênêngira Abram Sunpundhut, samêngko sira Sunparingi jênêng Ibrahim. Sabab sira Sundadèkaké lèluhuring bôngsa akèh." Allah tumuntên andhawuhakên pranat<sup>[23]</sup> ingkang winastan têtak, minôngka têtêngêraning prajanjéan wau.

Pangéran lajêng angatingali malih dhumatêng nabi Ibrahim wontên ing wana Mamrèh. Kala samantên nabi Ibrahim anglêrêsi lênggah wontên ing tarubipun sangajênging kontên, anuju wanci têngangé. Sarêng nabi Ibrahim tumênga, aningali wontên tiyang têtiga.<sup>[24]</sup> Nabi Ibrahim gupuh amêthukakên sarwi umatur kalayan sumungkêm: "Tuwan, mênawi wontên sih piwêlas Tuwan dhumatêng kawula, Tuwan kawula aturi pinarak, badhé kula pêndhêtakên toya wijik suku. Sumôngga Tuwan pinaraka sangandhaping uwit punika, kawula saosi roti pisan." Nabi Ibrahim tumuntên sigra-sigra lumêbêt ing tarub, angandika dhumatêng Sarah ingkang garwa: "Dèn énggal ngratêngana apê!" Nabi Ibrahim lajêng mragat pêdhêt lêma. Sêsampuning kaolah lajêng kaladosakên, tumuntên sami dhahar.

Sêsampuning dhahar Pangéran angandika makatên: "Bésuk sataun êngkas Ingsun bali mréné lan wruhanira Sarah iku bakal duwé anak lanang." Kala samantên Sarah pinuju lênggah sawingkinging kontên tarub. Sarêng mirêng pangandikaning Pangéran ingkang makatên wau lajêng gumujêng. Ing ngriku Pangéran andangu sabab apa Sarah gumuyu, yèn mungguhing Pangéran a-[25]pa ana prakara kamokalan.

22. Abraham #

23. pranatan\*

## 8. Pandonganipun Nabi Ibrahim

Tamu têtiga wau lajêng sami mangkat anglajêngakên tindakipun dhatêng nagari ing Sadum, nabi Ibrahim andhèrèkakên. Wontên ing margi Pangéran angandika: "Ibrahim môngsa ora Sunbêlakanan prakara kang bakal Sunlakoni iki. Awit para jinis kabèh bakal olèh sih marga saka dhèwèké. Lan manèh wus Sunpiji amaréntahana anak putuné, padha ngambaha dèdalaning Pangéran kalawan anglakoni kang bènêr bécik." Saksana Pangéran aparing priksa dhumatêng nabi Ibrahim, mênggah anggènipun badhé ngrisak ing nagari Sadum lan Ngamorah satiyangipun sadaya, margi saking kathahing durakanipun. Nabi Ibrahim lajêng marêk wontên ngarsaning Pangéran sarwi umatur: "Punapa Tuwan badhé numpês tiyang saé[26] katut ing tiyang kang awon? Manawi salêbêting nagari wontên tiyangipun saé sèkêt, punapa Tuwan botên ngapuntên ingkang kathah-kathah margi tiyang saé wau?" Pangéran lajêng mangsuli pangandika: "Yèn ing Sadum ana wongé bécik sèkêt, kang akèh-akèh iya Sunapura, awit saka wong sèkêt mau." Nabi Ibrahim tumuntên matur malih: "Sanadyan kawula punika lêbu tuwin awu, éwadéné kawula kamipurun darbé atur ing Tuwan: Manawi tiyang saé sèkêt wau wontên kirangipun gangsal kémawon, punapa nagari punika tamtu Tuwan tumpês?" Wangsulaning Pangéran: "Amêsthi ora Suntumpês nagara iku yèn ana wongé bécik patang puluh lima baé." Nabi Ibrahim tansah umatur ngawis: "Ing nagari punika manawi wontên tiyangipun saé kawandasa, utawi tigangdasa, utawi kalihdasa, bok manawi ingkang saé namung tiyang sadasa Pangéran inggih nyagahi?" Pangandikanipun: "Sok dhasar ana wongé kang[27] bécik sapuluh baé, nagara iku iya ora Suntumpês." Saksana Pangéran linggar, punapadéné nabi Ibrahim inggih kondur.

## 9. Risaking Nagari Sadum kaliyan Ngamolah

Sarêng ing wanci sontên, malaékat kêkalih ingkang andhèrèkakên Pangéran wau sami rawuh wontên ing nagari Sadum. Ing ngriku Lut kaparêng lênggah wontên sakèthènging nagari. Sarêng ningali rawuhipun malaékat kêkalih wau, kinintên bilih punika tiyang lèlampah. Saksana lajêng amêthukakên tuwin angacarani, kaaturan nyaré wontên ing griyanipun, sangêt- sangêt ing pangudinipun. Malaékat kêkalih wau inggih anglêgani. Sêsampuning sami lênggah lajêng kaaturan dhahar. Sarêng ing wanci dalu têtayang ing Sadum sêpuh anèm sami dhatêng ing griyanipun Lut, sumêdya nandukakên piawon dhatêng tamu kêka-[28]lih wau. Tumuntên sami dipunpanggihi déning Lut saha sami dipunpênging, ananing botên kénging. Malaékat kêkalih tumuntên sami mêdal anggèndèng Lut dhatêng salêbêting griya. Kontên lajêng dipunkancing. Déné têtayang kang wontên ing jawi sami kwalat dhatêng malaékat wau. Mripatipun sami wuta têtamah bingung sami mèk-mèkan ngupadosi kontèning griyanipun Lut botên pinanggih. Malaékat wau lajêng ngandika dhumatêng Lut: "Ing kéné yèn kowé isih duwé kulôwangsa padha jakên mêtû mênyang sajabaning kutha! Marga têkaku iki ingutus déning Allah angrusak nagara iki." Lut tumuntên anyariyosi dhumatêng badhé mantunipun, ananging calon mantu wau sami maibên, dipunwastani sêmbranan kémawon.

Sarêng ing wanci bang-bang wétan, malaékat angatag Lut kapurih gêgancangan mêdal saking nagari. Ananging Lut tansah andêdangu ngantos malaékat wau anganthi astanipun Lut saanak rabinipun, sa-[29]mi kairit<sup>[24]</sup> mêdal saking nagari ing Sadum. Sarêng dumugi sajawining nagari, malaékat angandika: "Kowé padha angrêbuta uripmu, aja nolah-nolih lan aja mandhêg ana sawawêngkoné<sup>[25]</sup> kéné, supaya aja kongsi katut katumpês." Sawêdalipun surya tindakipun Lut sampun dumugi ing nagari Soar<sup>[26]</sup>. Saksana Allah anjawahakên walirang tuwin latu saking langit dhatêng nagari ing Sadum miwah ing Ngamolah wau, sarta anumpês nagari punika sawawêngkonipun sadaya. Kacariyos sémahipun Lut kala wontên ing margi anolih. Ing sanalika punika lajêng malih dados tugu sarêm.

Wondéné nabi Ibrahim ing wanci énjing punika ugi dhatêng ing panggènan anggènipun ngadhêp wontên ngarsaning Pangéran wau. Anyawang nagari Sadum lan Ngamolah katingal wontên kukus kumêlun saking bumi kados kukusing kundhi.[30]

24. kairid\*

25. sawawêngkoné\*

26. Zoar #

## 10. Lairipun Nabi Iskhak<sup>[27]</sup>, Ismangil<sup>[28]</sup> Katundhung

Sarêng nabi Ibrahim yuswa satus taun, Allah anuhoni prasêtyanipun. Sarah ambabar putra kakung kanamakakên Iskhak. Ananging kala samantên nabi Ibrahim sampun kagungan putra kakung patutan saking Agar<sup>[29]</sup> sêliripun, anama Ismangil. Kala panyapihipun Iskhak, nabi Ibrahim damêl bujana agêng, ing ngriku Ismangil karêm sêsêmbranana. Sarêng Sarah sumêrêp lajêng matur dhatêng nabi Ibrahim: "Pawongan punika saanakipun mugè katundhunga kémawon!" Aturipun Sarah makatên wau sangêt andadosakên rêguning nabi Ibrahim. Pangéran lajêng ngandika dhumatêng nabi Ibrahim: "Sira aja rêngu! Apa kang dadi aturé Sarah sira turutana baé, sabab turunira kang ngêmban prajanjéaning-Sun iku bakal mêtu saka pancêring Iskhak. Éwadéné anakira kang patutan saka pawonganira iku iya<sup>[31]</sup> Sundadèkaké bôngsa gêdhé." Énjingipun nabi Ibrahim anundhung Agar saputranipun sarta sinangonan roti lan toya.

Agar tumuntên mangkat, lampahipun kasasar wontên ngara-ara ing Bèrséba<sup>[30]</sup>. Dumugi ing ngriku sangunipun toya têlas, môngka botên wontên sêndhang. Sarèhning anakipun kasatan sangêt, tumuntên kasèlèhakên wontên sangandhaping kêkajêngan. Agar lajêng lênguk-lênguk sarwi ngadhêp anakipun saking katêbihan amargi botên wêntala ningali, awit sampun katamtokakên pêjah. Botên antawis dangu Allah miyarsakakên sêsambating Ismangil. Saksana malaékating Allah anguwuh-uwuh dhatêng Agar, pangandikanipun: "Hé Agar, ya géné ta kowé? Kowé aja sumêlang!" Saking pitêdahing Allah, Agar dumadakan aningali wontên sêndhang. Anakipun lajêng dipunombèni.

Môngka Allah anjangkung dhatêng Ismangil. Sarêng sa-[32]mpun diwasa manggèn wontên ing ara-ara paran, dados pambêdhag kang wasis. Ismangil punika anurunakên ratu kalih wêlas sarta dados lêluhuripun bôngsa Ismangil, inggih punika bôngsa Ngarab.

27. Iskak #

28. Ismael #

29. Hagar #

30. Bersyeba #

## 11. Nabi Iskhak Badhé Kadamêl Kurban

Sarêng antawis lami, Allah karsa anyobi dhumatêng nabi Ibrahim, pangandikanipun: "Anakira ontang-anting si Iskhak, kang sira trisnani iku gawanên marang gunung kang bakal Suntuduhaké ing tanah Moria. Ana ing kono gawénên kurban obaran!"

Kawuwusa énjingipun nabi Ibrahim andadosi kuldi lajêng bidhal. Kadhèrèkakên Iskhak tuwin réncang kêkalih, kabêktanan kajêng sigaran.

Sarêng angsal lampahan tigang dintên, nabi Ibrahim tu-[33]mênga aningali panggènanipun saking katêbihan. Tumuntên andhawuhi réncangipun kêkalih wau: "Kowé padha tunggwa kuldi iki ana ing kéné baé! Iskhak arêp takgawa banjur mrono. Déné mêngko sawusing sêmbahyang aku iya padha bali mréné." Saksana nabi Ibrahim anglajêngakên tindakipun sarwi nyangking latu tuwin lading, kadhèrèkakên Iskhak, sarwi anggéndhong kajêng. Sarêng wontên ing margi, Iskhak matur dhatêng ingkang rama: "Dhuh rama, anggèn sampéyan badhé saos kurban punika, mênggah latu tuwin kajêngipun sampun wontên, wangsul cêmpénipun punika wontên ing pundi?" Wangsulaniipun nabi Ibrahim: "Ênggèr, Allah piyambak kang bakal angrupakaké cêmpé kang ginawé kurban obaran." Tumuntên sami nglêstantunakên tindakipun.

Sarêng dumugi ing panggènan, nabi Ibrahim ayasa pakurbanan lan anata kajêng wontên sanggilingi-[34]pun. Sêsampuning rampung, nabi Ibrahim lajêng anangsuli putranipun, nuntên katumpangakên ing kajêng wau. Nabi Ibrahim lajêng angasta lading. Sarêng astanipun tumêlung badhé amragat ingkang putra, lah ing ngriku malaékating Pangéran anguwuh-uwuh saking Swarga: "Héh Ibrahim, Ibrahim, pangandikaning Allah marang sira, bocah iku aja sira kapak-kapakaké! Samêngko Ingsun wêruh yèn sira dhasar wêdi maring Allah, kongsi ora ngéman anakira kêkasih kang Sunpundhut." Nabi Ibrahim lajêng anolih, lah ing ngriku wontên ménda jalêr, singatipun kacangkol ing garumbul, punika lajêng kadamêl kurban, minangka lêluntung putranipun.

Malaékat wau lajêng anguwuh-uwuh malih saking Swarga: "Héh Ibrahim, dhawuhing Allah marang sira mangkéné: 'Dêmi Ingsun pribadi, sarèhning sira wus anglakoni kang dadi paréntahing-Sun,[35] kongsi ora angéman anakira. Mulané turunira bakal Sunbêrkahi, Sunkèhaké kaya lintang ing langit. Mêngkono uga para jinis kabèh bakal padha olèh sih marga saka ing sira.'"

Sêsampuning makatên nabi Ibrahim wangsul dhatêng panggènaning réncangipun malih, Iskhak ugi andhèrèkakên, lajêng sami kondur dhatêng ing Bèrséba.

## 12. Kramanipun Iskhak

Nalika Sarah sampun yuswa satus pitulikur taun lajêng séda wontên ing nagari Khébron. Dipuntangisi déning nabi Ibrahim, lajêng kasarèkakên wontên ing gua Makpélah<sup>[31]</sup>. Inggih punika anggènipun tumbas gadhahanipun tiyang ngriku badhé kadamêl pasaréan ing salami-[36]nipun.

Nalika samantên nabi Ibrahim inggih sampun sêpuh, kang môngka Iskhak putranipun dèrèng kakramakakên. Ing ngriku nabi Ibrahim lajêng animbali satunggal abdinipun ingkang pinitados anguwasani samukawis kagunganipun. Saksana abdi wau sowan wontên ngarsanipun nabi Ibrahim, lajêng kadhawuhan makatên: "Kowé angupayakna jodho anakku Iskhak, kang kalêbu kulawangsaku ing bumi wutah gêtihku. Poma aja kopèkaké jodho ing tanah Kênangan kéné, marga iku ênggoné wong padha nêmbah brahala!" Pun abdi wau matur sandika, nuntên kasumpah. Saksana lajêng bidhal ambêkta unta sadasa, kamomotan barang pèni-pèni kagunganing bendaranipun minôngka sêdhiyaning pamêthuk. Lampahipun lêstantun saéngga dumugi sacêlakipun na- [37]gari ing Aram, inggih punika panggènanipun Nakhor, sadhèrèkipun nabi Ibrahim. Ing ngriku lajêng anjêrumakên untanipun wontên sapinggiring sêndhang. Pun abdi wau lajêng nyênyuwun maring Allah: "Dhuh Pangéran Allahing Ibrahim bândara kawula, mugi rumêntah asih Tuwan dhatêng Iskhak. Ing dintên punika anggèn kawula kêkésahan mugi angsala damêl." Lah punika laré-laré èstri sami mêdal badhé ngangsu mriki. Ing mangké kula badhé damêl panitikan. Kawula badhé wicantên dhatêng salah satunggaling laré punika: 'Aku wènèhana ngombé saking êjunmu!' Dhuh Gusti, laré-laré wau pundi ingkang Tuwan karsakakên dados jodhonipun Iskhak, kawula suwun mugi mangsulana dhatêng kawula makatên: 'Sumôngga sampéyan ngunjuk, punapadéné unta sampéyan inggih badhé kula ombèni pisan.'"[38]

Sêsampuning makatên, lah ing ngriku wontên satunggaling laré èstri dhatêng sarwi angindhiti êjun. Pun abdi wau kagawokan aningali éndahing warninipun kang sarta taksih kênya. Laré èstri wau sêsampuning angisèni êjunipun, abdi wau lajêng amêthukakên sarwi wicantên: "Aku wènèhana ngombé sathithik saking êjunmu!" Wangsulipun: "Sumôngga sampéyan ngunjuk, punapadéné unta sampéyan inggih badhé kula ombèni pisan." Sêsampuning abdi wau ngunjuk, kênya wau lajêng angangsokakên untanipun sadasa. Ing ngriku pun abdi anjêtung, lajêng amêndhêt supé jêné kaliyan sangsangan jêné sarakit. Sami kaanggèkakên laré èstri wau, tumuntên apitakên: "Ènggèr, kowé iku anaké sapa?" Wangsulipun: "Nama kula pun Ribkah anakipun Bêtuèl." Déné Bêtuèl punika putranipun Nakhor<sup>[32]</sup> lan Milkah<sup>[33]</sup>. Pun abdi lajêng sujud sumungkêm dha-[39]têng Pangéran, anyaos panuhun: "Pangéran kaluhurna, déné tansah agêng sih lan kasêyanipun dhumatêng bândara kawula, saha angirid lampah kawula dumugi griyaning sadhèrèkipun bândara kawula."

Ribkah lajêng mantuk, awêwartos dhatêng kang ibu tuwin Laban sadhèrèkipun. Laban tumuntên amêthukakên pun abdi wau saha lajêng kaaturan nyipêng ing griyanipun. Sêsampuning atata lênggah, lajêng dipunsunggata. Ananging abdi wau botên purun nêdha, kédah amratêlakakên ingkang dados parlunipun rumiyin. Wusana lajêng angaturakên dhatêng Laban punapa ingkang dados pitungkasipun nabi Ibrahim, saha lèlampahipun wiwitan dumugi ing wêkasan. Ing ngriku Laban lan Bêtuèl lajêng nêksèni bilih prakawis punika pancèn trang saking karsaning Pangéran. Sarêng sampun sami anjurungi ingkang dados pirêmbagipun, abdi wau lajêng amêdalakên barang panganggé jêné tuwin sa-[40]laka lan wastra kasukakakên dhatêng Ribkah.



Énjingipun, pun abdi pamit badhé lajêng mantuk. Ananging Bêtuèl sangêt anggènipun anggondhèli. Kapurih kèndêla wontên ing ngriku ing sawatawis dintên. Wangsulani pun abdi wau: "Sampéyan sampun anggondhèli kula." Wusana Bêtuèl tuwin Laban lajêng sami nantun dhatêng Ribkah: "Kowé apa gélêm mèlu mangkat saiki?" Wangsulani pun Ribkah: "Inggih purun." Tumuntên sami anglilani dhumatêng Ribkah mawi kadhèrèkakên abdi pawonganipun.

Kawuwusa sarêng sampun cêlak kaliyan panggènaning nabi Ibrahim, ing ngriku Iskhak anglêrêsi mêtal badhé sêmbahyang wontên ing tégil, wanci ngajêngakên sêraping surya. Sarêng tumênga aningali wontên unta dhatêng, punapadéné Ribkah sarêng angungak, ugi aningali Iskhak. Nuntên apitakên dhatêng pun abdi wau: "Tiyang ingkang lumampah mêtuk mariki punika sintên?" Wangsulani pun abdi: "Inggih pu-[41]nika bêtara kula." Ribkah lajêng mandhap, lumampah dharat sarwi kudhung. Sarêng sampun pêpanggihan, pun abdi wau tumuntên cariyos dhatêng Iskhak punapa salampahipun wiwitan dumugi ing wêkasan. Iskhak lajêng angirid Ribkah, kabêkta dhatêng tarubing ibunipun. Ing ngriku Ribkah dados jatu kramanipun Iskhak. Lêstantun sami sih-sinihan, têtah dados panglipuring Iskhak anggènipun kécalan ibu.

Sarêng nabi Ibrahim sampun yuswa satus pitungdas gangsal taun, lajêng séda, kasarèkakên déning Iskhak lan Ismail wontên pakuburanipun piyambak.

31. Makhpela #

32. Nahor #

33. Milka #

### 13. Nabi Yakub lan Ésaf<sup>[34]</sup>

Kramanipun nabi Iskhak lan Ribkah punika kala yuswa kawandasa taun. Sarêng yuswa sawidak taun, apêputra mêdal kêmba kakung. Ingkang pambajêng kanamakakên Ésaf, ingkang nèm kanamakakên Yakub. Nanging putra kalih<sup>[42]</sup> wau botên mèmper ing warni tuwin solahipun. Ingkang pambajêng warni sarta solahipun kahu, déné ingkang ênèm alus. Laré kalih wau kala taksih wontên ing guwa garba, Allah sampun ngandika dhumatêng Ribkah, yèn ingkang sêpuh pinasthi ngawula dhatêng ingkang nèm. Sarêng diwasanipun, Ésaf punika dados pambêdhag, wondéné Yakub sarêng diwasa anglêluri padamêlaning lêluhuripun, angèn khéwan, lan manggèn wontên ing tarub. Ésaf dipuntrisnani déning kang rama margi saking padamêlanipun wau, déné Yakub dipuntrisnani déning kang ibu margi saking jatmikanipun.

Kacariyos ing satunggal dintên, Yakub anggोधhog kacang. Sarêng Ésaf mantuk saking ambêbêdhag, sariranipun karaos sayah. Tumuntên anêmbung dhatêng Yakub: "Aku jaluk godhogamu<sup>[35]</sup> kacang iku marga aku sayah." Yakub lajêng amangsuli prajanj: "Saiki ênggonmu dadi pambarêp êdolên marang aku! Awit pambarêb iku mungguhing aku ana paédahé<sup>[43]</sup> kang gêdhé." Wicantênipun Ésaf: "Lah aku môngsa wurunga mati, pambarêp iku dadi ora ana gunané." Ésaf tumuntên wadé pambajêngipun dhatêng Yakub kalayan sumpah. Saksana Ésaf anêdha kacangipun, lajêng késah, botên manah icaling pambajêngipun.

Sarêng nabi Iskhak sampun sêpuh, paningalipun sampun suda. Ing satunggaling dintên animbali Ésaf, pangandikanipun: "Aku iki wus tuwa, ora wêruh ing dina ênggonku mati. Kowé ambêdhaga khéwan kang takdoyani, tumuli cawisna! Supaya kowé dakparingi pangèstu, mupung aku isih urip."

Ésaf sêsampunipun mangkat, Ribkah lajêng anyawisakên cêmpé. Yakub kinèn angladosna, supados angala pangèstunipun kang rama. Wangsulani Yakub: "Punika kados pundi, déné kakang kula dhiwut-dhiwut, môngka kulit kula alus kémawon. Dados kula ajrih bok manawi mangké bapak angyêtos<sup>[36]</sup>, têmahan kula botên angsal pangèstu, malah ang-[44]sal wilalat." Wusana kang rékanipun Ribkah lajêng mênthêt wacucaling ménda, kaanggèkakên dhatêng Yakub, punapadéné sandhanganipun Ésaf ugi kaanggèkakên. Yakub lajêng malêbêt angladosakên dhahar sarwi umatur: "Dhuh rama." Wangsulani nabi Iskhak: "Héh anakku, kowé iku sapa?" Yakub lajêng matur: "Kula punika Ésaf putra sampéyan pambajêng. Kula sampun anglampahi punapa ingkang dados dhawuh sampéyan wau. Lah sumôngga sampéyan pinarak, dhahara lêladosan kula bêbujangan, supados sampéyan amaringana pangèstu dhumatêng kula." Nabi Iskhak tumuntên anggrayangi dhumatêng Yakub. Pangandikanipun: "Mungguhing swara, swarané Yakub, nanging mungguhing tangan, tangané Ésaf." Wangsulani Yakub: "Inggih." Nabi Iskhak lajêng dhahar. Sêsampunipun lajêng ngandika dhatêng Yakub: "Héh anakku, majua mréné ngujugana a-[45]ku!" Sarêng Yakub sampun ujung, lajêng kaparingan pangèstu, pangandikanipun: "Allah amaringana gandum lan anggur kang akèh marang kowé, jinis akèh padha ngawulaa marang kowé sarta kadang-kadangmu padha sumungkêma ana ngarêpmu, wong kang ngipat-ipati kowé kêna ing ipat-ipat. Apadéné wong kang asih ing kowé iya olèh asih."

Saunduripun Yakub saking ngarsanipun ingkang rama, Ésaf tumuntên dhatêng saking ambêbêdhag, lajêng angladosakên dhahar sarwi umatur: "Dhuh rama, sampéyan wungu, dhahara lêladosan bêbujanganipun putra sampéyan." Nabi Iskhak lajêng anjêlih: "Kapriyé? Lah sapa kang ngladèkaké dhahar kang dakpangan mau? Malah wis dakparingi pangèstu, ika mau amêsthi

tulus kabêrkahané." Ésaf lajêng anjêrit sarwi umatur: "Dhuh rama, kula ugi sampéyan paringi pangèstu!" Nabi Iskhak angandika malih: "Adhimu culika, mau mréné angalap pangèstu kang pancèn ma-[46]rang kowé." Ésaf tumuntên anangis sangêt. Nabi Iskhak lajêng ngandika: "Lah bumi kang êloh panggonamu<sup>[37]</sup>, déné pêdhangmu panguripanamu<sup>[38]</sup>, nanging adhimu iku bëndaramu."

Déné Ésaf lajêng gêthing dhatêng Yakub margi saking culika ngrêbat pangèstu, saha sangêt anggènipun anguman-uman dhatêng Yakub. Pangunadikanipun: "Bapakku mêsthi énggal nandhang prihatin, kang awit adhiku arêp dakpatèni." Môngka kang ibu sarêng mirêng pangincim-incim ingkang makatên wau, lajêng angrêmbagi dhatêng Yakub: "Ênggèr, kakangmu Ésaf angarah patimu, bêcik kowé ngungsia mênyang uwakmu Laban ing Kharan<sup>[39]</sup>! Samôngsa wus34. Esap #

- 35. godhoganmu\*
- 36. anyêktosi\*
- 37. panggonanmu\*
- 38. panguripanmu\*
- 39. Haran # lilih nêpsuné kakangmu, kowé nuli dakkongkoni."[47]

## 14. Tindakipun Nabi Yakub

Sêsampuning Ribkah apirêmbagan kaliyan ingkang rama, Yakub tumuntên dipuntimbali. Sarêng sampun sowan saha pamit, ingkang rama amêmêling: "Poma kowé aja ngalab<sup>[40]</sup> bojo bocah wadon anaké wong Kênangan, balik lungaa mênayang Padhan Aram. Angalapa bojo anaking uwakmu Laban!" Nabi Iskhak lajêng paring pangèstu dhumatêng Yakub, pangandikanipun: "Allah Kang Maha Kuwasa muga ambêrkahana marang kowé. Kowé muga ginawéa bêbranahan, malah dadia bônghsa kang gêgolongan, lan kowé saturun-turunmu muga kaêdumana bêrkahé Ibrahim." Sêsampuning makatên, Yakub lajêng mangkat. Sarêng wontên ing margi, ing satunggaling dalu Yakub saré abantal séla. Ing ngriku Yakub supêna, katingal wontên ôndha ngadêg ing bumi, pucakipun sundhul ing langit. Punapadéné malaékating Allah aminggah tumêdhak ing ôndha punika. Wondéné<sup>[48]</sup> Pangèran jumênêng wontên sanginggiling ôndha wau, pangandikanipun: "Ingsun iki Allahé Ibrahim lan Iskhak. Para jinis ing bumi kabèh bakal olèh sih marga saka ing sira, sarta ngulihaké sira mênayang tanah iki." Yakub sarêng wungu saking saré lajêng angunadika: "Iba-iba wingité panggonan iki, amêsthi ing kéné iki padalêmaning Allah, iya lawangé Swarga." Yakub lajêng angadêgakên séla ingkang kaagêm karang ulu wau, kadamêl têtêngêran kawastanan Bètèl, têngesipun: padalêmaning Allah. Ing ngriku Nabi Yakub lajêng apunagi makatên: "Yèn dhasar Allah anjangkung marang aku ing saparanku iki, tuwin amaringi sandhang pangan, utawa kaslamêtan nganti ing saulihku, amêsthi Allah iku dakanggêp Pangèranku." Nabi Yakub sarêng sampun antawis lami anggènipun alêlampah, lajêng dumugi ing dalêmipun ingkang uwa<sup>[41]</sup> Laban ing nagari Kharan.

Kacariyos, Laban punika gadhah anak èstri<sup>[49]</sup> kêkalih. Inkang sêpuh awasta Léa, déné ingkang ênèm awasta Rakhèl<sup>[42]</sup>. Ing ngriku nabi Yakub rêmên dhatêng Rakhèl ngantos kalampahan dipunngèngèri pitung taun. Wusana nabi Yakub dipunapusi déning Laban, ingkang dipunulungkên Léa. Sarêng nabi Yakub botên trimah lajêng dipunsukani Rakhèl pisan, ananging mawi prajANJI nabi Yakub kapurih ngèngèr pitung taun êngkas. Nabi Yakub ugi sagah. Antawis pitung dintên nabi Yakub kadhaupakên kaliyan Rakhèl. Garwa kêkalih wau sami gadhah pawongan nyatunggal. Pawonganipun Léa anama Silpa<sup>[43]</sup>, déné pawonganipun Rakhèl nama Bilha. Sarêng sampun antawis lami pawongan kalih wau sami kapundhut sêlir pisan dhatêng Nabi Yakub. Léa apatutan jalêr nênm, inggih punika: Rubin<sup>[44]</sup>, Sémangun<sup>[45]</sup>, Lèwi, Yahuda<sup>[46]</sup>, Isakar<sup>[47]</sup> lan Sêbulon<sup>[48]</sup>, ingkang èstri satunggal nama Dinah<sup>[49]</sup>. Déné Rakèl<sup>[50]</sup> apatutan jalêr kêkalih, inggih punika: Yusuf lan Bun Yamin<sup>[51]</sup>. Silpa ugi patutan jalêr kêkalih, ing-[50]gih punika: Gad, kaliyan Asêl<sup>[52]</sup>. Punapadéné Bilha ugi patutan jalêr kêkalih, inggih punika: Dhan, tuwin Naftali. Gunggung putranipun Nabi Yakub ingkang sami jalêr: sadaya kalihwêlas, inggih punika ingkang sami dados pancêring Banisrail.

Pangèngèripun Nabi Yakub sêsampuning angsal kawanwêlas taun, ugi taksih nunggil kaliyan marasêpuhipun laminipun nênm taun. Nabi Yakub angsal sihing Allah kasugihan awarni abdi jalêr lan èstri, punapadéné unta lan kuldi, miwah lêmbo lan ménda.

Kacariyos, Laban anjaili kasugihaning nabi Yakub anak mantunipun. Nabi Yakub lajêng tampi dhawuhing Pangèran, kakarsakakên mantuk dhatêng nagarinipun piyambak. Tumuntên animbali garwanipun kêkalih dhatêng patêgilan. Ing ngriku Nabi Yakub lajêng mangkat késah saking Kharan sagarwanipun tanpa pamit dhatêng Laban, sarta ambêkta khéwan lan sabarang darbêkipun. Ing tigang dintênipun, Laban kaaturan uni-[51]nga mênggah lolosipun nabi Yakub wau. Saksana lajêng anututi, kontapanipun lampahana pitung dintên. Kocapa Allah anêdhaki Laban salêbêting pasupênan, pangandikanipun: "Sira dingati-ati, lungané Yakub iku aja pisan

sira cêgah!" Laban tumuntên aprajanjéan kaliyan nabi Yakub wontên ing rêdi Gilhad <sup>[53]</sup>. Sêsampuning makatên, lajêng sami ungkur-ungkur kang sarta andum wilujêng.

Nabi Yakub tumuntên ngrumiyinakên utusan dhatêng Ésaf, angaturi uninga anggènipun badhé dhatêng. Déné Ésaf ugi lajêng méthukakên, kadhèrèkakên ing tiyang kawanatus. Nabi Yakub sangêt ajrihipun, mila lajêng amôntha tiyang utawi rajakayanipun, kadamêl kalih pôntha. Pangunadikanipun: "Bokmanawi Ésaf dhatêng anggitik ingkang sapalih, sapalihipun sagêd angoncoti." Nabi Yakub lajêng anyênyuwun maring Allah: "Dhuh Allahing lêluhur kawula, iba-iba gêngipun sih piwêlas Tuwan ingkang rumêntah[52] dhumatêng kawula, ngantos kawula botên pantês anampèni. Déné nalika kawula nyabrang Yardèn rumiyin namung ambêkta têkên punika. Samangké gadhahan kawula tiyang tuwin rajakaya ngantos kalih pôntha punika. Kawula mugè Tuwan luwarna saking tanganipun Ésaf sadhèrèk kawula. Déné Tuwan sampun angandika: 'Ingsun karsa ambêciki sira.'"

Nabi Yakub tumuntên amilihi rajakaya ingkang saé-saé, kadamêl pisungsung dhatêng Ésaf sadhèrèkipun. Wondéné abdi ingkang kautus nyaosakên dipunwêling supados matura makatên: "Punika angsal-angsalipun abdi sampéyan Yakub, katura dhatêng Ésaf bêndaranipun." Tiyang tuwin rajakaya wau tumuntên sami kasabrangakên ing lèpèn Yabok. Ing ngriku nabi Yakub kantun piyambak.

Tumuntên wontên tiyang angayoni dhatêng nabi Yakub ngantos dumugi ing wanci bang-bang wétan, angongsulakên cêthikipun. Sarêng byar rahina, tiyang wau[53] ngandika: "Ingsun uculna, marga wus byar!" Déné aturipun nabi Yakub: "Tuwan botên kawula uculakên, yèn kawula botên Tuwan bêrkahi rumiyin." Tiyang wau tumuntên ngandika: "Sira maria jênêng Yakub, samêngko sira jênênga Israil (têgêsipun: tiyang mênang lan Allah). Sabab sira wis anglawan Allah utawa wong, môngka sira mênang." Tiyang wau lajêng ambêrkahi dhatêng nabi Yakub. Môngka nabi Yakub amastani panggènan punika Pniël, têgêsipun: pasuryaning Allah. Wicantênipun nabi Yakub: "Aku wis wêruh dhéwé marang Gusti Allah suprandéné ora mati."

Nabi Yakub inggih Israil tumuntên ningali sadhèrèkipun dhatêng. Nabi Israil tumuntên sumungkêm ing siti rambah kaping pitu. Môngka Ésaf gupuh méthukakên, ingkang rayi dipunrangkul sarwi amuwun. Wondéné para garwanipun nabi Yakub, punapadéné para putranipun, ugi lajêng sami sumungkêm wontên ngarsaning Ésaf. Wondéné angsal-angsal wau sanali-[54] ka punika Ésaf botên karsa nampèni. Éwadéné sarèhning nabi Yakub adrêng sangêt, mila lajêng dipuntampèni ugi. Ésaf tumuntên mundur, punapadéné nabi Yakub lajêng rawuh ing tanah Kénangan, kapanggih ingkang rama wontên ing wana Mamrèh.

- 40. ngalap\*
- 41. uwak\*
- 42. Rahel #
- 43. Zilpa #
- 44. Ruben #
- 45. Simeon #
- 46. Yehuda #

- 47. Isakhar #
- 48. Zebulon #
- 49. Dina #
- 50. Rakhèl\*
- 51. Benyamin #
- 52. Asyer #
- 53. Gilead #

## 15. Nabi Yusuf Kasadé

Kacariyos, Yusuf putranipun nabi Yakub patutan saking Rakhèl, nalika yuswa pitulas taun angréncangi para kadangipun sami angèn rajakayanipun ingkang rama. Môngka Yusuf asring madulakên dhatêng ingkang rama mênggah pocapaning akathah bab piawoning para kadangipun. Déné nabi Yakub pilih asih, ingkang dipuntrisnani namung Yusuf. Kacariyos, Yusuf kadamêlakên rasukan jubah déning kang rama anglangkungi saénipun. Inggang makatên wau sadaya andadosakên sêngiting para kadang dhatêng Yusuf, ngantos sami dipunkèndêla-[55]kên. Kocapa Yusuf supêna anggèdhèngi gandum wontên ing sabin kaliyan para kadangipun. Wondéné gèdhènganing para kadang wau sami sujud dhatêng gèdhènganing Yusuf. Nalika supênan punika dipuncariyosakên, para kadang wau sangsaya wêwah sêngitipun. Sarêng antawis dintên Yusuf supêna malih. Lajêng kacariyosakên dhatêng para kadangipun, wicantênipun: "Kula supêna, katingal surya lan rêmbulan, punapadéné lintang sawêlas sami asujud dhatêng kula." Awit saking punika Yusuf kadukan ingkang rama, pangandikanipun: "Apa aku lan ibumu sarta sadulurmu kabèh bakal padha sujud marang kowé?" Éwadéné kang rama lajêng anyathêt prakawis punika wau sadaya.

Sarêng antawis dintên, para kadangipun Yusuf panuju sami angèn cêlak ing nagari Sikhèm, ingkang kapara têbih saking griyanipun. Ing ngriku Yusuf kautus déning kang rama anuwèni para kadang tuwin rajakayanipun. Yusuf lajêng mangkat. Sarêng para kadang wau sami ningali dhatêngipun Yusuf saking[56] katêbihan, lajêng sami rêraosan: "Lah kaé tukang ngimpi têka, ayo padha dipatèni, lan padha diyêktèkaké kadadéaning impèné!" Wondéné Rubin sadhèrèkipun pambajêng sarêng mirêng rêmbag ingkang makatên wau, lajêng wicantên: "Aja mutahaké gêtih, bêcik dicêmplungaké ing sumur baé!" Déné panyiptaning Rubin wau sumêdya angêntasakên Yusuf saking sumur punika kalayan dhêdhêmitan.

Yusuf sêsampuning dipundhèdhèli sandhanganipun, lajêng kacêmplungakên ing sumur. Lah ing ngriku para kadang lajêng sami ningali têtiyang dagang bôngsa Ismangil, sami untan- untan ambêgta<sup>[54]</sup> barang wangi, sami lumampah adêduluran, sumêdya dhatêng nagari ing Mêsir. Yahuda tumuntên wicantên dhatêng para sadhèrèkipun: "Lah Yusuf iku padha êdolên baé!" Yusuf lajêng kaêntasakên saking sumur saha lajêng dipunsadé. Katumbas déning tiyang Ismangil wau, pajêng kalihdasa uwang salaka. Nalika samantên Rubin botên wontên. Sarêng[57] Rubin wangsul dhatêng sumur sumêdya angêntasakên ingkang rayi, ing ngriku pinanggih Yusuf sampun botên wontên. Saking sangêting sêdhihipun, Rubin lajêng anyuwèk-nyuwèk sandhangan, saha lajêng wangsul kapanggih para kadangipun, wicantênipun: "Yusuf wis ora ana, lah mênyang ngêndi ta paranku iki?"

Para kadang wau lajêng amragat ménda jalêr. Rasukaning Yusuf lajêng kacêlub ing rah ménda wau, tumuntên kakintunakên dhatêng kang rama. Déné tiyang ingkang dipunkèngkên wau kawêling supados matura dhatêng ingkang rama makatên: "Kula manggih rasukan, punapa punika gadhahanipun putra sampéyan?" Sarêng nabi Yakub aningali rasukanipun ingkang putra kuthah êrah, tumuntên anjêrit, pangandikanipun: "Iya iku kulambiné anakku, amêsthi wus dimôngsa ing sato galak." Sêsampuning makatên, para putra tumuntên sami dhatêng sumêdya anglêlipur ingkang rama, nanging kang rama botên kénging dipunlipur, pangandikanipun: "Kasusahanaku<sup>[55]</sup> iki môngsa ilang-ilanga, luput-luput aku énggal nyu-[58]sul mati."

## 16. Nabi Yusuf Wontên ing Mêsir

Yusuf tumuntên kabêkta dhatêng Mêsir. Wontên ing ngriku lajêng kasadé déning tiyang Ismangil wau, katumbas ing lurah kaparakipun sang prabu, anama Potifar. Déné lurah kaparak wau sarêng sumêrêp kasagêdaning Yusuf tuwin kasaénanipun, sarta sumêrêp yèn Allah anglêstantunakên padamêlanipun sadaya, Yusuf tumuntên pinitados anguwasani sabarang darbêkipun. Allah ambêrkahi dhumatêng Potifar margi saking Yusuf, katôndha saking tulusipun ingkang sarwa tinanêm tuwin sarwa ginarap. Kocapa sémahipun Potifar punika baléré, asring anggonjak Yusuf kaajak pulang rêsmi. Nanging wangsulanipun Yusuf: "Kados pundi anggèn kula nglampahi prakawis punika, sarèhning kalêbêt dosa agêng maring Allah?" Éwa samantên taksih tansah dipunarih-arit ké-[59]mawon, ananging Yusuf maksa kêncêng botên purun angladosi, ngantos kalampahan badhé dipunwasésa sarana dipuncêpêngi rasukanipun. Yusuf lajêng anilar rasukanipun sarta lumajêng. Sakonduripun Potifar lajêng dipunwaduli ingkang garwa, aturipun: "Abdi sampéyan têtumbasan tiyang Ngibrani sampun purun-purun nyêmbanani dhatêng kula. Déné sarêng kula ajêlih-jêlih sarta nimbali tiyang, rasukanipun lajêng katilar wontên sandhing kula, nuntên lumajêng dhatêng jawi." Potifar lajêng duka sangêt, saha dhawuh anglêbêtakên Yusuf ing pakunjaran. Môngka Allah angosikakên manahipun juru kunjara, têtah angandêl dhatêng Yusuf, sarta pinitados amariksani pasakitan sadaya.

Ing wêkdal punika priyantun abdinipun sang prabu kêkalih sami kinunjara. Kang satunggal kalênggahanipun lurah madharan lan satunggalipun priyantun minuman. Ing satunggal dintên priyantun kêkalih wau sami sangêt prihatinipun, sami cariyos dhatêng Yusuf, bilih ing dalu[60] sami supêna anèh, môngka botên wontên ingkang sagêd anarbukani supênanipun. Wangsulanipun Yusuf: "Namung Allah ingkang sagêd narbuka. Éwa samantên kula kapéngin badhé sumêrêp supênan sampéyan ingkang anèh wau, sumôngga sampéyan cariyosakên!" Saksana priyantun minuman lajêng cariyos: "Olèhku ngimpi mêngkéné, katoné ana wit anggur êpangé têlu. Pandêlêngku wit anggur mau sêmi agodhong mêtù kêmbangé, wohé banjur matêng, déné tanganku nyêkêl cangkiré sang prabu pringon. Aku tumuli mêtik wohé, banjur takpêrês ana ing cangkir, tumuli taksaosaké marang Sang Prabu." Wangsulanipun Yusuf: "Mênggah êpang têtiga punika anyasmitani tigang dintên. Kirang tigang dintên êngkas sampéyan badhé kawêdalakên saking kunjara, sarta kawangsulakên dhatêng kalênggahan sampéyan malih, saha sampéyan badhé angladosakên pangunjukan dhatêng astanipun sang prabu, kados kala rumiyin nalika sa-[61]mpéyan dados abdi dalêm minuman. Nanging bêtjing yèn sampéyan sampun sakéca, sampéyan mugi èngêta dhatêng kula. Sang prabu mugi sampéyan èngêtakên, supados kula kawêdalna saking pakunjaran margi anggèn kula kinunjara punika tanpa dosa."

Wondéné lurah madharan wau sarêng mirêng yèn pambatanging supênanipun priyantun minuman punika saé, lajêng abingah sarta wicantên dhatêng Yusuf: "Aku iya ngimpi mangkéné, katoné aku nyunggi kranjang tundha têlu. Déné kranjang kang ana dhuwur dhéwé kêbak dhaharané sang prabu awarna-warna, banjur ana manuk têtika anucuki dhaharan mau." Wangsulanipun Yusuf: "Kranjang têtiga punika anyasmitani tigang dintên, kirang tigang dintên êngkas sampéyan badhé kaukum gantung lan badhé wontên pêksi dhatêng anucuki kunarpa sampéyan."

Sêsampuning kalampahan tigang dintên anglêrêsi tingalan wiyosanipun pringon, ing ngriku pringon kêngêtan pasakitan kêkalih wau, saksana lajêng sami kawê-[62]dalakên saking pakunjaran. Lurah madharan lajêng kaukum gantung, wondéné priyantun minuman lajêng kawangsulakên ing kalênggahanipun malih, anocogi kados pambatangipun nabi Yusuf wau.



Ananging priyantun minuman wau kasupèn wêwêlingipun nabi Yusuf kala wontên ing pakunjaran.

Sêsampuning kalampahan kalih taun pringon asupêna, kang môngka botên wontên ingkang sagêt<sup>[56]</sup> narbuka ing supênanipun. Ing ngriku priyantun minuman wau lajêng kèngêtan kasagahanipun dhatêng nabi Yusuf, tumutên matur dhatêng sang prabu, yèn ing pakunjaran wontên satunggaling tiyang nènèman bôngsa Ibrani, sampun naté anarbuka supênanipun, miwah supênanipun lurah madharan ingkang sampun kagantung, môngka panarbukanipun wau kayêktosan patitis. Saksana Yusuf gupuh tinimbalan. Sêsampuning kawêdalakên saking pakunjaran, lajêng kasowanakên dhatêng ngarsanipun sang prabu. Pangandikanipun sang prabu: "Aku ngimpi, môngka ora ana kang bisa narbukani impènku, wasana aku ngrungu yèn kowé bisa anarbuka impèn." [63] Atur wangsulanipun nabi Yusuf: "Inkang makatên wau botên saking kuwasa kawula, Allah ingkang badhé nyumêrêpakên wahananing supênan wau dhatêng panjênêngan dalêm." Sang prabu lajêng anyariyosakên, pangandikanipun: "Impènku mêngkéné, katoné aku ngadêg ana sapinggiring bêngawan Nil. Ing kono aku andêlêng sapi pêpitu kang padha bêcik-bêcik lan lêmu-lêmu, padha mêngtas saka ing banyu banjur asaba ana ing glagahan. Sawusé mêngkono nuli ana sapi pêpitu manèh nanging rupané angluwihi ala lan kuru-kuru, uga padha mêngtas saka ing bêngawan. Wusana sapi pêpitu kang padha kuru iku padha môngsa sapi pêpitu kang lêmu-lêmu mau, môngka isih padha kuru baé kaya kang mau-mau. Tumuli aku nglilir. Tan antara aku turu, nuli ngimpi manèh, katoné ana wulèn pêpitu aos-aos tur bêcik-bêcik padha thukul saka dami siji. Sawusé iku iya banjur thukul wulèn pêpitu manèh agabug lan ladhoh. Wusana wulèn pêpitu kang gabug-gabug iku [64] anguntal wulèn pêpitu kang aos-aos mau."

Atur wangsulanipun nabi Yusuf dhatêng sang prabu: "Supênan dalêm kêkalih punika sami kémawon. Allah amratêlakakên dhatêng sang prabu punapa ingkang badhé kalampahan. Mênggah lêmbu pêpitu kang lêma-lêma saha wulèn pêpitu kang aos-aos punika sasmitanipun, pitung taun mirah tédha, déné lêmbu pêpitu kang kêra-kêra saha wulèn pêpitu kang gabug-gabug punika sasmitanipun: pitung taun awis tédha. Têrangipun: taun pêpitu ing ngajêng punika ing tanah Mêsir anglangkungi mirah tédha, sêsampuning punika nuntên pitung taun awis tédha. Mênggah wontênipun supênan dalêm ngantos rambah kaping kalih punika anyasmitani saèstu Allah badhé anglêksanani prakawis punika wau kalayan tumuntên." Nabi Yusuf lajêng umatur: "Mênggah prayoginipun, sang prabu mugi angupadosa tiyang satunggal ingkang wagêt<sup>[57]</sup> sarta wicaksana, lajêng kaangkata angrèh ing Mêsir. Salêbêtipun pitung taun ingkang mirah tédha, tiyang wau ambawonana saking tiyang Mêsir [65] sadaya sapara gangsalan sarta dipuntandhoa ing gêdhong-gêdhong, supados ing tanah Mêsir sampun ngantos karisakan ing môngsa awis tédha."

Ing ngriku pringon kakênan ing galih, sênêng ing pamêca tuwin atur pirêmbagipun nabi Yusuf wau. Pangandikanipun: "Lah ing ngêndi ana wong kadunungan rohing Allah kaya kowé?" Pringon tumuntên masrahakên tanahipun sadaya dhatêng nabi Yusuf, pangandikanipun: "Mungguh panguwasamu wis takgawé padha lan aku, mung bab dhamparing kaprabon aku angungkuli kowé." Sang prabu lajêng angunus supênipun, kaanggèkakên ing darijinipun nabi Yusuf lan dipunbusanani sutra pêthak sarta dipunkalungi ranté mas. Tumuntên katumpakakên ing karêtanipun sang prabu, lajêng dipunarak. Inkang anajari wontên ingkang nguwuh-uwuh, padha andhodhoka.



Makatên Allah anuntun lan anyêngkakakên nabi Yusuf saking dalêmipun ingkang rama dumugi ing sumur. Saking sumur dumugi anggènipun dados têtumbasan lan kalêbêta-[66]kên ing pakunjaran. Punapadéné saking pakunjaran dumugi ing kadhatoning sang prabu.

Wondéné nabi Yusuf nalika jumênêng adipati ing Mêsir yuswanipun sawêg tigang dasa taun.

54. ambêkta\*

55. kasusahanku\*

56. sagêd\*

57. wagêd\*

## 17. Para Kadangipun Nabi Yusuf Dhatêng ing Mêsir

Samukawis ingkang sampun kawêca déning nabi Yusuf lajêng kayêktosan sadaya. Salêbêting pitung taun anglangkungi mirahipun têdha. Ing ngriku nabi Yusuf anandho gandum sapara gangsalaning wêdalipun ing Mêsir sadaya, saking kathahipun ngantos botên kénging kawical. Déné sêsampuning pitung taun wau lajêng awis têdha, sawêg sataun kémawon tiyang sakiwa têngêning Mêsir sampun sangêt kakirangan têdha, lajêng sami kumrubut dhatêng ing Mêsir anêmpur dhatêng sang adipati Yusuf.

Kocapa ing tanah Kênangan ugi awis têdha. Nabi Yakub inggih Israil lajêng angandika dhumatêng para[67] putranipun: "Ya géné kowé padha sawang-sinawang baé? Lah aku wus ngrungu warta yèn ing tanah Mêsir ana têmpuran. Kowé padha nêmpura mrana, supaya aku lan kowé aja kongsi padha mati kalirên!" Putranipun nabi Yakub ingkang sadasa lajêng sami mangkat dhatêng tanah Mêsir. Déné nabi Yakub botên marêngi yèn Bun Yamin tumuta, amargi kuwatos bok manawi amanggih tiwas.

Sadhatêngipun ing Mêsir lajêng sami sowan wontên ngarsaning sang adipati Yusuf, sarwi sumungkêm kados adatipun tiyang sowan wontên ngarsaning priyantun agêng ing Mêsir, amargi para putra Yakub wau sami pandung dhatêng nabi Yusuf. Ananging sang adipati botên pisan pandung dhatêng para kadangipun. Lajêng kêngêtan ing supênanipun. Éwadéné ing wêkdal punika sang adipati Yusuf botên pasaja, malah sami dipunpangandikani kalayan sugal, kang sarta mawi juru basa, dhawuhipun: "Kowé wong ngêndi?" Atur wangsulanipun para putra Yakub: "Kula tiyang tanah Kênangan, sowan kula mriki sumêdya anêmpur." Pangandikani-[68]pun sang adipati: "Kowé iku têlik sandi, patut kongkonané mungsuh." Wangsulanipun putra Yakub: "O, botên gusti, kula dédé tiyang nêlik, kula tiyang têtên-têtên, panunggilan kula sadhèrèk tiyang kalih wêlas sami atunggil bapa. Ingkang wuragil kanton wontên panggèning pun bapa, déné ingkang satunggal sampun botên wontên." Pangandikanipun sang adipati Yusuf: "Yèn mêngkono calathumu iku arêp taknyatakaké apa têtên, lah kowé padha kongkonana salah sawijining kadangmu amarani adhimu kang wuragil iku. Déné liya-liyané padha karia ana ing kéné!" Para putra Yakub wau tumuntên sami kalêbêtakên ing pakunjaran ngantos tigang dintên. Ing dintên kaping tiganipun sami kasowanakên dhatêng sang adipati Yusuf malih, lajêng dipunpangandikani: "Aku wêdi maring Allah. Aku ora gêlêm agawé kaluputan marang wong. Lah uwis kang siji baé karia ing pakunjaran, déné liya-liyané padha muliha[69] lan gandummu padha gawanên! Déné yèn kowé bali mréné manèh môngka ora anggawa adhimu kang wuragil iku, amêsthi kowé mati." Para putra Yakub lajêng rêraosan cara Ngibrani: "Lah iki tinêmuné kaluputanaku<sup>[58]</sup> marang Yusuf biyèn, aku wus andêlêng prihatiné goné mêmêlas marang aku, môngka ora dakrèwès." Rubin tumuntên wicantên dhatêng para sadhèrèkipun: "Aku biyèn rak uwis pitutur mênyang kowé, aja padha agawé dosa marang bocah iku, nanging kowé padha ora anggugu. Ing samêngko aku padha katêmpuh ing gêtihé." Para putra Yakub botên sumêrêp yèn sang adipati mangrêtos ing wicantênipun. Sang adipati Yusuf sarêng mirêng rêraosaning para kadangipun, lajêng angiwa sarwi muwun. Déné Sêmangun tumuntên kabônda wontên sangajênging para kadangipun, lajêng kawangsulakên dhatêng pakunjaran. Wondéné para putra Yakub sanès-sanèsipun lajêng sami mantuk. Sarêng dumugi ing griya karungipun kasuntak. Ing ngriku arta-[70]nipun panêmpur ingkang sampun kabayarakên kala wontên ing Mêsir, pinanggih awor lan gandum. Mênggah ingkang makatên wau dhasar saking dhawuhing sang adipati Yusuf, arta kakarsakakên mangsulakên. Para putra Yakub wau lajêng sami matur dhatêng ingkang rama ing samukawis lèlampahanipun wiwitan dumugi ing wêkasan.

Sarêng nabi Yakub sumêrêp yèn Bun Yamin badhé kabêkta, lajêng sangêt prihatinipun.  
Pangandikanipun: "Kowé padha angilangaké anakku. Yusuf wus ora ana. Sêmangun iya wus ora ana. Dadi ing mêngko susahku tumpa-tumpa, môngka saiki kowé arêp anggawa Bun Yamin, kang iku aku mêsthi ora awèh."

58. kaluputanku\*

## 18. Lampahing Para Kadangipun Nabi Yusuf ingkang Kaping Kalih

Sarêng gandum anggènipun nêmpur wau sampun têlas, para putra Yakub lajêng sami kakarsakakên déning kang[71] rama anêmpura malih dhatêng Mêsir. Ananging para putra wau sami botên purun yèn botên ambêkta Bun Yamin, amargi ajrih pangancam-ancamipun sang adipati ing Mêsir. Mênggah karsanipun nabi Yakub botên parêng yèn Bun Yamin wau tumuta. Éwa samantên sarèhning ingkang sapisan kapêksa ing kabêtahan, kaping kalih Yahuda purun tumanggêl ing kawilujênganipun Bun Yamin ngantos dumugi ing griya malih. Mila nabi Yakub lajêng amarêngi saha ambêktani atur-atur awarni blêndok wangi, mabên, anggi-anggi lan mênyan, sapanunggilanipun. Punapa malih arta ingkang kapanggih wontên ing karungipun rumiyin kinèn nyaosakên wangsul. Pangandikanipun nabi Yakub: "Allah Kang Maha Kuwasa muga amikolèhna marang kowé sihé sang adipati ing Mêsir, anglilani mulih kowé lan Sêmangun utawa Bun Yamin. Déné puput-puputé aku kudu kélangan anak iya uwis." Para putra Yakub lajêng sami mangkat, lampahipun lêstantun dumugi ing Mêsir, lajêng katur ing sang adipati.[72]

Wondéné sang adipati Yusuf sarêng kaaturan uninga dhatênging para kadangipun, lajêng sami kadhawuhan sowan wontên ing arsanipun. Punapadéné Sêmangun inggih lajêng kinèn amêdalakên saking pakunjaran, sarta sami dipunpangandikani kalayan têmbung manis: "Bapakmu apa isih sugêng?" Wangsulipun para kadang: "Pangestu dalêm inggih wilujêng." Sang adipati sarêng uninga dhatêng Bun Yamin lajêng andangu malih: "Apa iku adhimu kang wuragil, kang kotuturaké marang aku biyèn?" Para kadang sami matur: "Inggih punika." Sang adipati Yusuf lajêng angandika dhumatêng Bun Yamin: "Ènggèr, Allah muga ambêrkahana marang kowé." Nabi Yusuf mèh botên sagêd anglajêngakên samudananipun, awit déning rêntah wêlasipun dhumatêng ingkang rayi, lajêng lumêbêt ing gêdhong amuwun. Sêsampuning angusapi waspa, sang adipati lajêng mêdal malih sarwi anakat-nakatakên sariranipun, tumuntên dhawah anata dhahar. Sang adipati lajêng amêrnahakên lêng-[73]gahipun para kadang ing satunggal-tunggal. Para kadang sami kahébatan ing manah, margi anggènipun katata lênggahipun têka ing sauruting umuripun. Ing ngriku sami kaparingan lorodan saking arsaning sang adipati, Bun Yamin malah kapanduman tikêl gangsal.

Sabibaring dhahar sang adipati lajêng dhawuh karungipun para putra Yakub kinèn sami angisèni gandum, punapa malih artanipun kinèn angatutakên wontên salêbêting karungipun piyambak-piyambak. Kajawi saking punika cangkir salaka pangunjukanipun sang adipati kinèn anglêbêtna wontên ing karungipun Bun Yamin. Sarêng sampun rampung, para kadang lajêng sami kalilan bidhal lan mantuk. Dèrèng antawis dangu anggènipun bidhal, sang adipati tumuntên anujuli paladènipun. Sarêng sampun kacandhak, lajêng sami dipunwicantêni: "Kapriyé déné kowé padha malês ala marang kabêcikan?" Ing ngriku para putra Yakub lajêng sami kodhêng, botên sumêrêp nalar-nalaripun. Wicantêning pala-[74]dèn: "Amêsthi kowé padha sumurup kang dadi sêdyaku, sapa kang nyolong cangkir pangunjukané bêndaraku?" Wangsulipun para putra Yakub: "Kados pundi déné sampéyan têka ngandika makatên? Môngka kula punika sami tiyang têtên, lah sintên ingkang kanggènan cangkir wau dipunpêjahana saha kula sadaya dadosa abdinipun sang adipati." Karung-karung tumuntên sami dipundhudhah lan dipunpariksani. Ing ngriku cangkir pangunjukan kapanggih wontên ing karungipun Bun Yamin. Para putra Yakub sakalangkung kagètipun ngantos anyuwèk-nyuwèk sandhanganipun, lajêng sami wangsul. Sadhatèngipun wontên ngarsaning sang adipati, lajêng dipunpangandikani sugal: "Kapriyé déné kowé wani anglakoni pratingkah mêngkono?" Yahuda tumuntên adarbé atur: "Kula sagêd matur punapa dhatêng panjênêngan dalêm, kados pundi anggèn kula sagêd angrêsikakên badan kula. Allah sampun manggihakên dosa kula, lah kula punika sadaya saha laré ingkang kanggèna-[75]n

cangkir pangunjukan, sami dadosa abdi dalêm." Wangsulipun sang adipati: "Aja mêngkono, mung kang kanggènan cangkir baé iku kang dadi abdiku, déné kowé kabèh padha muliha marang ngomahmu kalawan slamêt." Yahuda tansah adrêng ing panyuwunipun, supados sampun ngantos kalampahan kados karsanipun sang adipati wau. Aturipun: "Manawi kula mantuk kamôngka adhi kula botên tumut, botên wandé abdi dalêm bapa kula pêjah ngênès. Kula sampun ananggêl laré punika dhatêng bapakipun. Atur kula dhatêng pun bapa makatên: 'Manawi kula botên ngantukakên laré punika, kula kénginga ing kalêpatan salami kula gêsang.' Mila luhung kula kémawon dadosa abdi dalêm minôngka lèlunting laré punika. Déné laré punika mugi kalilana tumut mantuk kadangipun. Kados pundi anggèn kula mantuk yèn botêna bêkta adhi kula? Kula botên sagêd ningali kaprihatinanipun abdi dalêm bapa kula." [76]

Kala samantên sang adipati Yusuf sampun botên sagêd angampêt pamuwunipun. Tumuntên dhawuh tiyang Mêsir sadaya sami kinèn mêdal, sampun ngantos wontên tiyang satunggal kajawi para putra Yakub. Saksana sang adipati anggènipun badhé pasaja dhatêng para kadang, pamuwunipun dipunturuti. Pangandikanipun sarwi karuna: "Aku iki Yusuf, bapak apa isih sugêng?" Para kadang sami anjêngêr botên sagêd amangsuli, sami sumlêngêrên wontên ngarsanipun nabi Yusuf. Sang adipati tumuntên ngandika malih: "Padha majua maréné!" Para kadang lajêng sami majêng, nanging botên sagêd wicantên. Nabi Yusuf tumuntên ngandika malih: "Aku iki Yusuf sadulurmu, kang koêdol biyèn. Ing mêngko kowé aja padha kaduwung lan aja ngandhut watir gonmu padha ngêdol aku biyèn. Dhasar Allah kang angutus aku mréné, andhisiki kowé supaya dadia panguripanmu. Kowé padha muliha lan matura marang bapak mungguh sakèhing kamuktênku ana ing Mêsir. Lan apa kang wus kodêlêng kabèh, lan dirikat kowé balia maré-[77]né, amondhongana bapak!"

Kocapa sang prabu pringon sarêng mirsa yèn sang adipati Yusuf kadhatêngan para sadhèrèkipun, andadosakên suka pirênanipun saha mrayogèkakên karsanipun sang adipati badhé amboyongi akrabipun dhatêng Mêsir, malah karsa paring pêthukan titihan supados kaagêma nabi Yakub wontên ing margi.

Nabi Yusuf tumuntên angrangkul Bun Yamin ingkang rayi. Kalih-kalihipun sami amuwun, punapadéné lajêng angaras para kadangipun sadaya. Ing ngriku para kadang sawêg sagêd wicantênan kaliyan sang adipati Yusuf.

Nabi Yusuf angintuni karéta dhatêng ingkang rama minôngka titihan wontên ing margi, punapadéné pisungsung sanèsipun, raja pèni ing Mêsir.

Para kadang tumuntên pamitan, sang adipati inggih lajêng anglilani. Wêlingipun: "Kowé ana ing dalan aja padha tutuh-tinutuh!" Para kadang lajêng sami bidhal mantuk dhatêng Kênangan kalayan suka ing manah. [78]

## 19. Nabi Yakub Dipunpondhongi dhatêng Mêsir<sup>[59]</sup>

Para putra Yakub sawêlas sarêng dhatêng ing dalêmipun ingkang rama, lajêng sami anguwuh-uwuh: "Dhuh rama, Yusuf taksih gêsang, inggih punika sang adipati ing Mêsir." Ing ngriku Israil maibên dhatêng aturing para putra wau. Éwadéné sarêng dipunaturi uninga mênggah pangandikanipun nabi Yusuf sadaya, saha sarêng ningali karéta kêkintunaning nabi Yusuf, galihipun nabi Israil lajêng asrêp. Pangandikanipun: "Sokur anakku Yusuf saiki dadi gêdhé, salaginé isih urip baé wus bangêt bungahku. Ing mêngko aku arêp lunga katêmu, mupung aku isih urip." Nabi Israil saputrawayahipun gunggung tiyang sawidak nêmu, tumuntên sami bidhal dhatêng Mêsir sarwi ambêkta samukawis darbèkipun sadaya, punapadéné abdi jalêr lan èstri kathah. Sarêng nabi Israil sampun dumugi ing tanah Gosèn<sup>[60]</sup>, lajêng utusan Yahuda amaringi pirsu dhumatêng nabi Yusuf mênggah rawuhipun.

Déné sang adipati Yusuf sarêng kaaturan uninga<sup>[79]</sup> lajêng anitih karéta mêtuk ingkang rama. Sarêng sampun cundhuk lajêng sami rêrangkulan sarwi muwun ngantos dangu. Pangandikanipun nabi Yakub dhatêng nabi Yusuf: "Dadia aku pinundhut déning Allah saiki iya wis rila marga wus andêlêng kowé isih urip." Sang adipati Yusuf tumuntên anyowanakên ingkang rama dhatêng ngarsanipun sang prabu pringon. Sêsampuning atata lênggah sang prabu nuntên andangu dhatêng nabi Israil: "Yuswa sampéyan pintên?" Aturipun nabi Yakub: "Umur kula sampun satus tigang dasa taun, ananging tansah ngumbara tuwin sangsara kémawon, dèrèng nyamèni umuripun lèluhur kula." Nabi Yakub sêsampunipun mujèkakên kasugênganipun sang prabu pringon, lajêng mundur saking arsanipun.

Kacariyos, nabi Yakub sarêng sampun ngajêngakên dumugi ing janji nuntên animbali nabi Yusuf ingkang putra. Pangandikanipun: "Lamun kowé dhasar trêсна marang aku, kowé supataa, aku aja nganti kopêndhêm ana ing tanah Mêsir kéné, balik aku tunggalna karo lèluhurku<sup>[80]</sup> kapêndhêm ing astanané!" Wangsulani nabi Yusuf: "Sandika, lajêng sumpah."

Botên antawis lami nabi Yusuf kawartosan yèn kang rama gêrah sangêt, tumuntên tindak ambêkta putranipun kakung sakaliyan, Éfraim sarta Ménasé<sup>[61]</sup>. Nabi Yakub tumuntên paring pangèstu dhumatêng putraning nabi Yusuf kêkalih wau, kasami kaliyan putranipun piyambak. Déné pangandikanipun dhatêng nabi Yusuf: "Lah saiki aku arêp tinggal donya, déné Allah bakal ana ing kowé lan kowé bakal padha diulihaké déning Allah mênyang tanahé lèluhurmu." Nabi Yakub tumuntên anglêmpakakên para putranipun sadaya dhatêng pasaréanipun, sarta sami kaparingan pangèstu piyambak-piyambak. Déné pangandikanipun ingkang dhumatêng Yahuda makatên: "Yahuda iku kaya gogoring singa barong, jungkating kaprabon bakal ora gumingsir saka Yahuda, utawa jungkating panguwasa saka sêlaning sikilé, saéngga<sup>[81]</sup> rawuhé Sang Pamarta kang bakal dadi panutaning para jinis." Sêsampuning rampung anggènipun paring pangèstu, tumuntên anggêblag wontên pasaréanipun lajêng séda. Nabi Yusuf tumuntên anyungkêmi pasuryanipun ingkang rama sarwi muwun lan ngarasi. Kacariyos, nabi Yakub anggènipun manggèn wontên ing tanah Mêsir, laminipun pitulas taun, déné yuswanipun satus kawandasa pitu taun.

Sasédaning nabi Yakub, nabi Yusuf lan para kadangipun sami angêtêrakên layonipun ingkang rama dhatêng tanah Kênangan. Kadhèrèkakên ing para priyantun agêng-agêng ing Mêsir kathah sami anumpak karéta tuwin kêkapalan kathah. Nabi Yakub sinarékakên wontên astananipun ingkang éyang nabi Ibrahim ing guwa Makpêlah.

Kocapa sakonduripun nabi Yusuf ing Mêsir, para kadangipun sami kuwatos ing manah. Sasédanipun ingkang rama bokmanawi nabi Yusuf malês piawonipun ingkang sampun kalampahan. Sarêng sang adipa-[82]ti Yusuf uninga ingkang makatên wau, lajêng angandika dhatêng para kadangipun: "Kowé aja padha ngandhut kuwatir, sanadyan ing ngarêp sêdyamu angalani aku, éwadéné pialamu mau wus dinadèkaké marganing bêcik déning Allah. Iya iku ênggoné anguripi marang bôngsa kang gêdhé, kaya kang wus kanyataan ing mêngko iki, kang iku ing sabanjuré aku iya nglêstarèkaké agawé bêcik marang kowé lan marang anak putumu."

Nabi Yusuf sarêng sampun andungkap séda, lajêng ngandika dhatêng para kadangipun: "Allah mêsthi ambalèkaké kowé marang tanah kang wus kajanjèkaké marang éyang Ibrahim, lan Iskak, lan rama Yakub. Mulané bésuk yèn kowé bali marang tanah Kênangan, aja tan ora balungku mêsthi gawanên." Wondéné nabi Yusuf nalikanipun séda yuswa satus sadasa taun.[83]

59. tidak ada nomor cerita

60. Gosyen #

61. Manasye #

## 20. Timuripun Nabi Musa

Sarêng nabi Yusuf tuwin para kadangipun sampun sami dumugi ing janji, Banisrail lajêng angombra-ombra wontên ing tanah Mêsir lami-lami anglangkungi kathahipun ngantos andadosakên sumêlangipun para ratu ing Mêsir. Môngka ing Mêsir sampun kajumênengan ratu kang sanès darahipun ratu ingkang rumiyin, botên sumêrêp mênggah lêlabêtanipun nabi Yusuf. Mila Banisrail sami siniya-siya kapatrapan padamêlan ingkang awrat, kinèn andamêl banon kang badhé kanggé yêyasaning nagari. Éwadéné Banisrail punika sangsaya siniya-siya. Malah sangsaya mindhak kathahipun. Wusana wontên ratu satunggal, adhawuh dhatêng para dhukunipun tiyang Israil, kinarsakakên amêjahi sawarnining bêbayinipun tiyang Ibrani kang mêdal jalêr, déné kang èstri kinèn gêsangi. Ananging para dhukun wau sami ajrih maring Allah, têmah sami anggêsangi sakathahing bêbayi. Sang prabu tumuntên dhawuh dhumatêng tiyang Mêsir[84] sadaya, andikakakên anglurungi sawarnining bêbayi jalêr anakipun tiyang Ngibrani wau.

Kacariyos, kala samantên wontên tiyang sasémah ingkang jalêr nama Amram, ingkang èstri nama Yokèbèt, sami têdhaking Lèwi, punika sampun apatutan kêkalih, ingkang sêpuh jalêr Arun<sup>[62]</sup>, déné ingkang nèm èstri nama Miryam. Wondéné nalika dhumawuhing préntahipun sang prabu ing Mêsir wau, Yokèbèt ambabar malih putra jalêr warninipun langkung déné pêkik. Saking kuwatosipun, bayi wau kaumpêtakên laminipun ngantos tigang wulan. Sêsampuning makatên botên kénging kaumpêtakên malih, ingkang ibu lajêng mênindhêt kandhaga panjatos, dinalit lan kinruwing, kadamêl wadhahing bayi wau, lajêng kaprênahakên ing glagahan sapinggiring bènawi Nil. Déné Miryam kautus ingkang ibu angulatna punapa kadadosaning bayi wau saking katêbihan kémawon. Botên antawis dangu putranipun putri[85] prabu pringon miyos badhé siram ing bènawi wau. Sarêng mirsa yèn ing glagahan wontên kandhaga, tumuntên andhawuhi pawonganipun kinèn amênindhêt kandhaga wau. Sarêng sampun kapêndhêt lajêng kabikak tutupipun, lah ing ngriku isi bayi jalêr pêkik ing warni anangis. Sang putri rêntah wêlasipun dhatêng bayi wau, pangandikanipun: "Iku anaké wong Ngibrani." Wondéné Miryam sarêng sumêrêp lajêng umarêk ing arsanipun sang putri sarwi umatur: "Kawula punapa klilan animbali tiyang èstri Ngibrani supados anêsepna laré punika." Wangsulaniipun sang putri: "Iya bécik ngundanga!" Miryam lajêng ngundang ibunipun piyambak. Salajêngipun kang ibu wau kadadosakên abdi dalêm inya, sarta bayi wau klilan kabêkta mantuk dhatêng griyanipun. Sêsampuning sinapih bayi wau lajêng kapundhut dhatêng kadhaton malih déning sang putri, kaakên putranipun piyambak lan kanamakakên Musa, têngesipun: ingkang kaéntas saking toya. Salajêngipun, Musa[86] wontên ing kadhaton kawulang punapa kasagêdanipun bôngsa Mêsir.

Sarêng Musa sampun diwasa asring nuwèni dhatêng bangsanipun Israil, lajêng sumêrêp ing kasusahanipun. Kacariyos ing satunggal dintên, Musa sumêrêp wontên tiyang Mêsir anggêbagi tiyang Israil. Musa lajêng atêtulung dhumatêng ingkang pinisakit wau. Tiyang Mêsir kagêbag ngantos pêjah, jisimipun lajêng kapêndhêm wontên wêdhèn. Panyananipun Musa, tiyang Israil mêtêhi sumêrêp yèn badhé angsal pitulunging Allah jalaran saking piyambakipun, nanging sami botên sumêrêp.

Énjangipun Musa amrangguli tiyang Israil kêkalih sami kêkêrêngan, tumuntên sami dipunpurih arukuna. Pangandikanipun Musa dhumatêng tiyang ingkang lêpat: "Ya géné kowé siya-siya marang sadulurmu dhéwé?" Wangsulaniipun tiyang punika: "Sapa kang ngadêgaké kowé dadi lurah utawa jêksaku? Apa kowé arê-[87]p matèni aku kaya déné olèhmu matèni wong Mêsir



wingi ika?" Musa lajêng ajrih, osiking galih: "Yèn mêngkono prakara iku wus kawêruhan ing wong."

Wondéné sang prabu inggih sampun kaaturan pirsabab prakawis punika, nuntên andhawuhakên timbalan dikakakên nyêpêng Musa, badhé dipunpêjahi. Musa lajêng késah anglès. Sarêng sampun antawis dangu, Musa dumugi tanah Mêdayin<sup>[63]</sup>. Darahipun nabi Ibrahim kathah kang sami manggèn ing ngriku wontên sapinggiring sagantên Suf. Musa kèndêl wontên sacêlaking sumur. Kocapa ingkang jumênêng imam ing tanah ngriku anama Yitro, punika kagungan putra èstri pêpitu, kala samantên anglêrêsi badhé ngangsu, tuwin angombéni kéwanipun dhatêng sumur ngriku, ananging dipunpakèwêdi déning laré jalêr, Musa lajêng atêtulung dhatêng laré èstri pêpitu wau, sarta angombékakên kéwanipun pisan. Prakawis punika sarêng kapingrêng bapakipun laré èstri wau, Musa lajêng<sup>[88]</sup> dipunkèn nimbali. Ing salajêngipun andhèrèk dhatêng Yitro saha kapundhut mantu, kaangsalakên putranipun kang nama Siporah<sup>[64]</sup>.

Lah makatên putranipun angkat sang putri ing Mêsir anglampahi dados pangèn anglêluri lèluhuripun, botên pisan kèngêtan kamuktènipun kala wontên kadhaton Mêsir.

62. Harun #

63. Midian

64. Zipora #

## 21. Nabi Musa Wontên Ngarsaning Pringon

Musa nalika lolos saking Mêsir yuswanipun kawandasa taun, déné anggènipun dhèrèkakên Yitro wontên ing Mêdayin laminipun inggih kawandasa taun. Sapêngkêripun Musa, Banisrail tansah kinaniaya kémawon.

Kacariyos ing satunggil dintên, Musa angèn ménda wontên ngara-ara ing Mêdayin, sacêlaking rêdi Korêb<sup>[65]</sup>. Ing ngriku Musa ningali êron murub nanging botên kabêsmi.[89] Musa lajêng marêpêki, saksana wontên suwara anguwuh-uwuh saking ngêrèn wau: "Musa, Musa." Aturipun: "Kula." Pangandikaning suwara: "Sira aja nyêdhak maréné! Tarumpahira copotên! Sabab panggonan kang sira ambah iku lêmah suci, déné Ingsun iki Allahé lêluhurira, Allahé Ibrahim, Allahé Iskhak, sarta Allahé Yakub." Musa tumuntên anutupi wadananipun, margi ajrih ningali Allah. Pangéran angandika malih: "Ingsun wus anguningani sangsaraning umating-Sun ana ing Mêsir lan Ingsun wus miyarsa ing sêsambaté. Ing mêngko Ingsun karsa angluwari saka tangané wong Mêsir sarta padha Suntuntun mênayang tanah kang panjang apunjung, pasir awukir, loh jinawi. Mulané sira Sunutus mênanga kadhatoné pringon supaya sira mêtokna umating-Sun Banisrail saka ing Mêsir!" Aturipun Musa: "Kawula punika sintên? Yèn sowana dhatêng raja pringon saha mêdalna Banisrail saking Mêsir." Pangandikaning Allah: "Aja kuwatir! Ingsun kang anjangkung ing sira." Aturipun Musa: "Ka-[90]dos pundi bokmanawi Banisrail sami maibên dhatêng kawula?" Pangandikaning Pangéran: "Kang ana ing tanganira iku apa?" Aturipun Musa: "Punika têkên." Pangéran tumuntên angandika: "Lah iku buwangên!" Têkên wau sarêng kabucal déning Musa, sanalika dados sawêr. Musa saking gilnipun lumajêng. Pangéran tumuntên angandika: "Pêthité ula iku sira cêkêla!" Sarêng kacêpêng déning Musa, sawêr wau lajêng dados têkên malih. Môngka Allah angandika malih: "Kêmpitên èpèk-èpèkira!" Sêsampunipun kakêmpit, èpèk-èpèkipun Musa lajêng budhugên, ing sanalika. Tumuntên dipunkêmpit malih, saksana kulitipun lajêng saras kados ingkang wau-wau. Pangandikaning Allah: "Déné yèn ora ngandêl pratôndha loro iku, sira apêka banyu saka ing bêngawan banjur êsokna ing dharatan! Banyu iku amêsthi banjur dadi gêtih." Déné aturipun Musa maring Pangéran: "Dhuh Gusti, kawula punika dédé tiyang luwês amicara." Pangandikaning Pangéran: "Sapa kang anitaha-[91]ké cangkêming uwong, utawa kang gawé bisu lan budhêg, anggawé mêtêk lan picak? Apa dudu Ingsun pribadi? Mulané sira mangkata! Sira Sunwulang samubarang kang pêrlu sira ucapaké." Aturipun Musa: "Kawula nuwun Gusti, Tuwan mugé angutusa sanèsipun kawula, sintên-sintêna ingkang Tuwan karsakakên." Pangéran tumuntên ambêndoni dhumatêng Musa sarwi angandika: "Kakangira Arun apa ora ana? Ingsun wêruh yèn iku kang wasis micara. Arun iku iya bakal mapak marang sira. Sawusé katêmu lan sira, sira wuruka apa kang bakal dadi aturira marang Pringon supaya Arun mau angaturna sabarang paturanira marang Pringon."

Nabi Musa lajêng pamit dhatêng marasêpuhipun, wangsul dhatêng tanah Mêsir. Kocapa Arun kadhawuhan pangandikaning Allah amapag nabi Musa wontên ing margi. Sarêng sampun kapanggih, nabi Musa anyariyosakên samukawis pangandikaning Allah ingkang sampun kadhawuhakên wontên ing rêdi Korêb wau. Nabi Musa lan Arun la-[92]jêng sami anglêmpakakên para pinisêpuhing Banisrail, sami kasêrêpakên punapa dhawuhing Allah wau. Banisrail sarêng mirêng yèn Pangéran badhé karsa angluwari piyambakipun, lajêng kumandêl saha sujud.

Saksana nabi Musa lan Arun lajêng sami sowan dhatêng ngarsaning sang prabu pringon sarta umatur: "Dhuh sang prabu, pangandikaning Pangéran Allahipun tiyang Israil makatên: 'Sira

anglilanana lunga umating-Sun asidhêkahana ing ngara-ara!" Wangsulanipun sang prabu: "Pangéran iku sapa? Déné ingsun kinon angèstokaké, ingsun ora sumurup Pangéran iku lan ingsun ora anglilani lungané Banisrail." Pringon lajêng dhawuh wiwit ing dintên punika sêsanggèning Banisrail kaindhakakên. Pangandikanipun: "Wong Ngibrani iku kènthèngên goné nyithak bata aja diwènèhi mêrang manèh, padha golèka dhéwé baé, nanging cacahing bata aja nganti kurang!" Lah ing ngriku nabi Musa lajêng adamêl mukjizat, têkênipun dados sawêr. Nanging tiyang su-[93]lapan ing Mêsir sami niru, dumados mukjijatipun nabi Musa wau botên ginalih. Sarèhning pringon botên amraduli, Allah lajêng andhatêngakên wêwêlak gantos-gumantos saha anggêgiris dhatêng tiyang Mêsir sadaya lantaran saking nabi Musa lan Arun.

Pratélanipun makatên, nabi Musa angacungakên têkênipun dhatêng bènawi Nil. Sanalika toyaning bènawi lajêng malih dados êrah ngantos pitung dintên laminipun, botên kénging kaombé ing tiyang sarta ulamipun sami pêjah, inggih punika bancana ingkang sapisan.

Arun tumuntên anudingi dhatêng toya-toya ing Mêsir. Sanalika lajêng wontên kodhok anasabi salumahing tanah Mêsir sarta sami lumêbêt ing griya-griya, tuwin ing sênthong patilêman, ing kasur, ing pawon, lan ing cithakan. Pringon lajêng asêmbat dhatêng nabi Musa lan Arun: "Sira andongakna maring Pangéran, kodhok iku dènsirnakna, déné ingsun iya anglilani Banisrail padha lunga." Nabi Musa lajêng andê-[94]donga dhatêng Pangéran. Ing ngriku sakathahing kodhok lajêng sami pêjah. Sarêng sadintên sami kinalêmpakakên mawi sapu, dumados ing tanah Mêsir bacin. Ananging Pringon puguh, botên anglilani késahipun Banisrail.

Arun tumuntên ngacungakên têkênipun, sanalika lêbuning tanah Mêsir sadaya lajêng dados lêmut, sami anyokoti manungsa lan kéwan. Ucaping tiyang sulapan: "Iku dhasar kuwasaning Allah, suprandéné pringon taksih puguh kémawon."

Sêsampuning lêmut, tumuntên coro andhatêngi ing tanah Mêsir. Punapadéné saicaling coro lajêng wontên pagêring unta, lêmbu, ménda, kuldi, lan kapal kathah ingkang sami pêjah, suprandéné pringon taksih puguh kémawon.

Nabi Musa tumuntên angukub awu kasawurakên manginggil wontên ngarsaning pringon. Sanalika manungsa lan kéwan lajêng sami wudunên. Ing sabên-sabên, nabi Musa amasthèkakên ing wanci wiwitan lan wêkasa-[95]ning bancana, suprandéné pringon ing sabên-sabên inggih mêksa puguh kémawon.

Nabi Musa tumuntên anggayuhakên têkênipun manginggil, sanalika lajêng wontên gêlap thathit lan jawah woh. Salaminipun ing tanah Mêsir kaênggènan ing tiyang, dèrèng naté kambah bancana ingkang makatên, kêkajêngan sami êsol, punapadéné manungsa lan kéwan ingkang sami wontên ing sabin sami ambruk margi saking jawah woh wau. Saksana pringon gupuh animbali nabi Musa lan Arun, pangandikanipun: "Ing sapisan iki ingsun wus rumôngsa luput. Sira andongakna maring Pangéran, gêlap lan udan woh sirêpa!" Nabi Musa tumuntên mêdal saking sakèthènging nagari lajêng angêgarakên astanipun manginggil, sanalika jawah woh lan gêlap lajêng sirêp. Nanging pringon ugi taksih puguh kados ing wau kémawon.

Tumuntên wontên angin saking wétan ambêkta walang, anasabi ing tanah Mêsir, angrisak sasising kang rinisak déning jawah woh wau. Saksana pringon amêminta dhatêng na-[96]bi Musa lan Arun, pangandikanipun: "Sira ngapuraa dosaningsun sapisan êngkas!" Ing ngriku

Pangéran lajêng dhatêngakên angin saking kilèn, ambuncang sakathahing walang sami kacêmplungakên ing sagantên Suf. Ananging Pringon ugi taksih puguh kémawon.

Nabi Musa tumuntên anggayuhakên astanipun manginggil, sanalika nagari Mêsir lajêng pêtêng dhêdhêt laminipun tigang dintên, botên wontên tiyang sagêd ningali kancanipun sarta sami ajrih mênayat saking panggènan. Éwa samantên ing tanah Gosèn panggènaning tiyang Israil padhang kémawon. Wondéné Pringon lêstantun puguh botên karsa miturut dhatêng nabi Musa lan Arun, pangandikanipun: "Héh Musa, sira lungaa lan aja manèh-manèh sira séba marang ingsun, samôngsa nganti sira pindho amêsthi sira nêmu pati!"

65. Horeb #

## 22. Wêdalipun Banisrail saking Mêsir

Sarêng piangkuhipun sang raja pringon sangsaya andadra, Pangéran lajêng ngandika dhumatêng nabi Musa: "Ingsun bakal nêkaka-[97]ké bancana siji manèh. Ing kono pringon banjur anglilani gonira padha lunga, malah bakal anundhung sira. Sabab Ingsun bakal tumêdhak ing wayah wêngi, amêmatèni sakèhé pambarêpé wong lan khéwan<sup>[66]</sup> ing Mêsir."

Tiyang Banisrail lajêng kadhawuhan sadhiya anggènipun badhé késah. Sabên griya satunggal ing wanci sontèn sami kinèn amragat cêmpé kang tanpa cacat<sup>[67]</sup>. Déné rahing cêmpé wau kinèn anglèlètakên pipining kontènipun piyambak-piyambak, kiwa lan têngên, punapadéné ing têtêngipun. Déné ulamipun kinèn anêdha kaliyan roti ingkang tanpa ragi sarta mawia lawuh janggan pait. Inggang makatên wau sadaya kalampahan sarêng sadalu punika. Dhawuhing Allah: "Gonira mangan, lambungira sabukan, sikilira nganggoa tarumpah, lan tanganira anyangkinga têtên, gonira padha mangan dirikat! Déné gêtihing cêmpé kang wus sira lèlètaké ing pipining lawang mau, iku minôngka têtêngêran supaya sira aja katut katêmpuh ing bancana." Inggang makatên wau kasêbut paskhahing Pa-[98]ngéran.

Sarêng dumugi ing dintên ingkang sampun katamtokakên, tiyang Banisrail sami samêkta badhé bidhalan. Déné ing wanci têngah dalu malaékat ingkang amêmêjahi dhatêng, lajêng anggêbag pambajênging tiyang Mêsir sadaya. Pambajênging sang prabu sapangandhap dumugi pambajênging tiyang èstri ingkang miskin piyambak, dalasan pambajênging kéwan sadaya. Ing ngriku tiyang Mêsir sadaya sami sêsambat lan nangis, punapadéné sang raja pringon sarta para tiyang salêbêting kadhaton sadaya sami miris. Saksana ing dalu punika ugi, raja pringon andhawuhi nabi Musa lan Arun: "Dirikat padha mangkata, sira saanakira lan kéwanira, ngabêktia maring Pangéran, kaya kang wus dadi panjalukira, lan ing sun dongakna slamêt!" Makatên ugi para tiyang ing Mêsir sami anundhung Banisrail: "Ayo padha mangkata, yèn kasuwèn wong Mêsir iki mêngko êntèk kabèh!"

Makatên Banisrail anggènipun nilar tanah pangawulanipun sami ambêkta raja brana lan raja pèni kathah, pawèwèh-[99]ipun tiyang Mêsir badhé kadamêl sidhêkah. Cithakanipun ingkang isi jêladrènan tanpa ragi inggih kabêkta, margi botên kantos angratêngi. Déné bêbalungipun nabi Yusuf ugi kabêkta. Pangéran piyambak ingkang anêdahakên margi dhatêng bôngsa Israil, yèn siyang sarana tugu méga, déné yèn dalu sarana tugu latu.

Kocapa sang raja pringon sêsampuning kaaturan priksa yèn tiyang Ibrani sami bidhalan, malah sampun dumugi ing ara-ara lampahan tigang dintên. Lajêng kaduwung anggènipun anglilani késah wau, tumuntên gupuh amêpakakên balanipun. Lajêng anututi, kacandhak wontên sêlaning rêdi sacêlaking sagantên Suf. Sarêng tiyang Israil aningali bala ing Mêsir sami anututi, lajêng sami andharodhog. Nanging nabi Musa angayêm-ayêmi, pangandikanipun: "Kowé aja padha wêdi, Pangéran bakal anyarirani pêrang, kowé padha mênênga baé!" Môngka tiyang Israil sami kabêntêl, awit ing ngajêngipun wontên sagantên, punapadéné sakiwa têngênipun wontên rêdi sungil, môngka kabujêng déning[100] bala Mêsir saking wingking.

Pangéran lajêng angandika dhumatêng nabi Musa: "Ya géné sira nangis? Lah Banisrail sira dhawuhana, konên padha lumaku!" Aturipun nabi Musa: "Dhatêng pundi? Punapa mêdal ing sagantên?" Pangandikaning Pangéran: "Iya mêtua ing sagara, sira anjunjunga têtênira sarta tanganira acungna marang ing sagara, banyuné amêsthi piyak. Banisrail bakal padha lumêbu marang satêngahing sagara lumaku ing asatan. Ing kono wong Mêsir mêtsthi padha sumurup yèn

Ingsun iki Pangéran!" Sarêng nabi Musa angacungakên astanipun dhatêng sagantên, Pangéran lajêng aniyupakên angin sadalu muput, toyaning sagantên kapiyak, dhasaring sagantên ngantos gasik. Tugu méga ingkang wontên ing ngajênganing Banisrail nuntên mumbul ngalih dhatêng wingkingipun, saantawisipun Banisrail lan bala Mêsir, têmah Banisrail kapadhangan lan bala Mêsir kapêtêngan. Ing sadalu punika Banisrail sami lumêbêt ing sagantên, toyanipun kados pagêr banon ing kiwa têngênipun. Wondéné sang raja pringon inggih anututi. Sarêng wanci[101] bangun énjing, bala ing Mêsir sawêg sami dumugi satêngahing sagantên, déné Banisrail sampun nyabrang dumugi ing dharatan. Pangéran tumuntên anggêgêteri bala Mêsir sarana gara-gara, têmah kandhêg lampahipun. Bala Mêsir sami gumêtêr sarwi anjêrit: "Ayo padha lumayu! Pangéran piyambak anyarirani pêrang anglawan aku." Allah tumuntên ngandika dhumatêng nabi Musa: "Tanganira acungna marang sagara!" Sarêng nabi Musa ngacungakên astanipun, bala Mêsir lajêng katangkêban aluning sagantên. Anggènipun lumajêng sami anumbuk toya, tumuntên sami kasasaban ombak, tumpês tapis botên wontên ingkang gêsang satunggal-tunggal. Sarêng Banisrail sumêrêp mênggah agêngipun kuwasaning Pangéran, têmah sami ajrih sarta kumandêl maring Pangéran tuwin dhatêng nabi Musa abdinipun, lajêng sami angrêpi panggunggung maring Pangéran.

66. kéwan\*

67. cacad\*

## 23. Lampahipun Banisrail Dumugi ing Rêdi Sina<sup>[68]</sup>

Margi ingkang saking Mêsir dhatêng tanah Kênangan punika mêdal ing<sup>[102]</sup> ara-ara kang wiyar lan sungil, botên wontên sabin lan lèpèn. Lêlampahan pintên-pintên dintên wêdhèn kémawon, botên wontên sêndhang lan awis-awis wontên rumput. Botên wontên radinan lan botên wontên griyaning tiyang. Antawis lampahan tigang dintên saking sagantên Suf sami amanggih sêndhang, nanging toyanipun lêti botên kénging kaombé. Banisrail tumuntên anggarundêli nabi Musa. Wondéné nabi Musa lajêng asêsambat dhatêng Pangéran. Allah tumuntên anêdahakên kajêng, kinèn anyêmplungna ing toya. Sarêng sampun, sanalika toyanipun dados tawi. Pangandikaning Allah dhatêng Banisrail: "Ingsun iki Pangéran dhukunira." Banisrail tumuntên anggarundêli dhatêng nabi Musa malih margi saking botên wontên roti tuwin ulam. Lah ing ngriku Allah andhatêngakên pêksi puyuh kumêbul, punapadéné énjingipun ing siti wontên maujud ingkang bundêr alit-alit kados êbun. Banisrail sarêhning dèrèng naté sumêrêp maujud ingkang makatên wau, mila sami kèwêdan anggènipun badhé mastani. Wusana dipunnamakakên: man<sup>[69]</sup>.<sup>[103]</sup> Nabi Musa lajêng angandika: "Iku roti pêparinging Allah marang kowé saka ing Swarga." Déné raosipun man punika lêgi kados apêm madu.

Nabi Musa amalêri sakathahing tiyang sami botên kénging angèngèhakên man dumugi énjingipun. Môngka wontên tiyang ingkang kirang mituhu angèngèhakên. Sarêng dumugi énjing man wau singgatên sarta bacin. Éwa samantên bilih ing dintên Jumuwah, Allah anurunakên man kathahipun tikêl. Têtiyang kénging ugi angèngèhakên, margi ing dintên sabat botên wontên man. Ingkang makatên punika laminipun ngantos kawandasa taun, éngga dumuginipun Banisrail ing tanah Kênangan.

Mangsuli cariyos ing ngajêng, kala wontên ing ara-ara Rapidin<sup>[70]</sup>, Banisrail sami kakirangan toya malih, lajêng anggarundêli dhatêng nabi Musa malih. Déné nabi Musa lajêng asêsambat dhatêng Pangéran, pangandikaning Allah: "Anjupuka têtênira, banjur jojohna ing parang iku!" Nabi Musa tumuntên anjojoh parang wau, sanalika lajêng mêdal to-<sup>[104]</sup>yanipun.

Kocapa lajêng wontên tiyang bôngsa Amalèk ambégal dhatêng tiyang Israil. Ing ngriku nabi Musa andhawuhi dhumatêng satunggaling kanthinipun anama Yusak kinèn amapagna yudanipun. Déné nabi Musa lajêng minggah dhatêng pucaking pêpunthuk sarwi angêgarakên astanipun maring Allah. Sadanguning astanipun nabi Musa kaulukakên, Banisrail sami unggul ing yuda. Déné yèn astanipun sumèlèh, tiyang Amalèk ingkang unggul. Mila Arun lan Khur<sup>[71]</sup> sami anyanggi astanipun nabi Musa, wusana Banisrail angawonakên tiyang Amalèk.

68. Sinai #

69. Manna #

70. Rafidim #

71. Hur #

## 24. Dhumawuhing Anggêr-Anggêr

Sarêng Banisrail anggènipun lumampah sampun angsal kalih wulan langkung, lajêng dumugi ing ara-ara rêdi Sina. Wontên ing ngriku sami lêrêp<sup>[72]</sup> sataun. Déné para pancêr lan kulawôngsa sami katata, Banisrail sami kacacahakên, kapanggih[105] gunggungipun tiyang jalêr kémawon nêmbah, déné cacahing tiyang sadaya tigang yuta. Ing ngriku sami kaparingan anggêr-anggêr pranataning kalakuanipun, lah punika Banisrail anggènipun kadadosakên umating Allah. Sarêng sampun sami tata panggènanipun, nabi Musa lajêng minggah ing rêdi Sina. Pangéran tumuntên ngandika dhatêng nabi Musa: "Sira anataa Banisrail, sabab ing dina katêluné Ingsun bakal tumêdhak marang gunung Sina. Gunung iku sira sêngkêra ing saubêngé, sing sapa angambah gunung iku amêsthi mati."

Sarêng dumugi ing tigang dintênipun, ing rêdi wontên méga kandêl sarta wontên gêlap lan thathit, punapadéné suwaraning salomprèt ingkang bantêr. Rêdi Sina kakêmul kukus, déné suwaraning salomprèt wau sangsaya bantêr. Nabi Musa wontên ing rêdi ngadêg wontên ngarsaning Allah. Wondéné Banisrail sadaya sami ngadêg wontên ing ngandhap, sami anganggé sandhangan rêsik. Saking jrihipun ngantos gumêtêr.

Allah tumuntên dhawuhakên pangandika kados ing ngandhap punika.[106]

Ingsun iki Allah Pangéranira kang amêtokaké sira saka ngomahing pangawulan ing tanah Mêsir.

Sira aja anganggêp Allah liyané Ingsun.

Sira aja nêmbah ing ukir-ukiran utawa gambaring samubarang. Sabab Ingsun iki Pangéran Allahira kang aniksa marang wong duraka nganti turun kaping têlu utawa kaping pat, lan ambêciki wong kang trêсна marang Ingsun nganti turun kaping sèwu.

Sira aja ambaèkaké Asmaning Pangéran Allahira.

Sira amulyakna ing dina sabat. Sajroning nêmbah dina sira anggarapa panggawéanira, déné dina kang kaping pitu iku kagunganing Pangéran Allahira, aja sira anggarap gawé apa- apa.

Sira angajênana bapa biyungira.

Sira aja matèni uwong.

Sira aja abandrèk.

Sira aja nyênyolong.

Sira aja dadi saksi goroh.

Sira aja mélik sabarang darbèké kancanira.

Sadangunipun Pangéran andhawuhakên paréntah punika wa-[107]u, Banisrail sangsaya sangêt ajrihipun aningali gêlap lan thathit aliwêran, nuntên sami lumajêng umatur dhatêng nabi Musa: "Sampéyan kémawon andhawuhana dhatêng kula, sampun ngantos Allah piyambak. Kula ajrih



bokmanawi pêjah. Punapa dhawuhing Allah dhumatêng sampéyan badhé kula èstokakên." Sêsampuning prajangi ingkang makatên, nabi Musa lajêng damêl kurban. Déné rahipun kasirat-siratakên dhatêng tiyang kathah. Pangandikanipun: "Lah iku gêtih prajanjéaning Pangéran lan kowé."

Nabi Musa sêsampuning minggah ing rêdi lajêng manjing salêbêting mêga. Wontên ing ngriku laminipun kawandasa dintên lan kawandasa dalu. Sadanguning makatên, nabi Musa anampèni dhawuhing Allah awarni-warni ingkang badhé kadhawuhakên dhatêng Banisrail. Sarêng pangandikaning Pangéran dhumatêng nabi Musa sampun têlas, nabi Musa lajêng kaparingan papan anggêr-anggêr kêkalih, kadamêl saking sêla saha kasêrat tapak astaning Allah.

Wondéné Banisrail sarêng sumêrêp yèn nabi Musa nga-[108]ntos lami botên tumêdhak saking rêdi, tumuntên sami matur dhatêng Arun: "Sumôngga kula sampéyan damêlakên déwa kang minôngka pangirid kula, awitdéné Musa punika, kula botên sumêrêp kadadosanipun." Pangandikaning Arun: "Yèn mêngkono kang dadi karêpmu, lah anting-antingé êmas anak bojomu padha takpundhut kabèh, bakal takgawé déwamu." Banisrail tumuntên sami nyaosakên anting-anting êmas dhatêng Arun. Sêsampuning katampèn déning Arun lajêng kacithak, kadamêl pêdhèt êmas. Banisrail tumuntên wicantênan sami kancanipun: "Héh kônca, iku déwamu kang dadi pangiridmu saka ing tanah Mêsir." Enjingipun, Banisrail lajêng sami nyaosakên kurban dhatêng pêdhèt êmas wau sarwi asuka-suka.

Pangéran tumuntên angandika dhumatêng nabi Musa: "Sira mudhuna saka ing gunung! Marga Banisrail padha rusuh lakuné, gêlis padha nyêbal saka dêdalan kang wus Sundhawuhaké." Nabi Musa tumuntên tumêdhak saking rêdi sarwi anyangking papan anggêr-anggêr wau. Sarêng dumugi sacêlaking pabarisan, nabi Musa[109] ningali wontên pêdhèt êmas sarta Banisrail sami ajêjogèdan ing saubêngipun, sami anganggé gôngsa lan sêsindhèn. Ing ngriku nabi Musa sangêt ing dukanipun. Papan ingkang cinangking wau lajêng binanting wontên sangandhaping rêdi ngantos rêmuks. Saksana lajêng anyandhak pêdhèt êmas wau, nuntên kabêsmi ing latu sarta kaêjur-êjur kados balêdug, lajêng sinawurakên dhatêng toya. Tumuntên Banisrail sami kinèn angombé toya wau.

Enjingipun nabi Musa angandika dhumatêng Banisrail: "Kowé wus padha agawé dosa gêdhé. Déné ing mêngko aku arêp matur ing Pangéran, bok manawa aku bisa ngolèhaké pangapura ing kowé." Nabi Musa tumuntên wangsul umarêk maring Pangéran sarwi umatur: "Dhuh Gusti, Banisrail punika sampun sami anandhang dosa agêng margi anggènipun damêl déwa kancana. Ing samangké mugi Tuwan angapuntêna dhatêng dosanipun wau. Manawi botên kaparingan pangapuntên,[110] kawula mugi kalêbura saking sêratan Tuwan." Wondéné dhawuhing Pangéran: "Wong kang wus agawé dosa marang Ingsun, iku mêsthi linêbur saka têtulisaning-Sun. Déné saiki sira ngirida Banisrail marang panggonan kang wus Sunpangandikakaké marang sira! Déné malaékating-Sun bakal lumaku ana ing ngarêpanira, Ingsun iya bakal aniksa dosané wong iku bésuk yèn wus têkan ing mangsané. Héh Musa, sira anataha papan wau loro padha alan kang dhisik! Bakal Suntutis pangandikaning-Sun kaya papan kang dhisik, lan ing sésuk-ésuk sira saosna marang Ingsun ana ing gunung!" Lah makatên nabi Musa anggènipun wontên ngarsaning Allah kawandasa dintên lan kawandasa dalu malih, tanpa dhahar lan ngunjuk. Déné papan kêkalih wau kasêrat pêpakên sadasa déning Allah.[111]

## 25. Pasucianing Allah, Para Imam, lan Dintên Agêng

Sêsampuning Pangéran andhawuhakên anggêr-anggêr ingkang kasêbut ing ngajêng wau, lajêng andhawuhi dhumatêng nabi Musa, andikakakên yasa pasucian minôngka padalêmaning Allah. Sêsampuning makatên, Banisrail lajêng nyaosakên raja brana tuwin sêsotya lan kajêng ingkang saé-saé sapanunggilanipun, ingkang badhé kanggé ing yêyasan punika. Punapa malih wontên sarjana kêkalih ingkang amandhégani ing samukawis padamêlan wau, manut tuladha ingkang sampun kaparingakên déning Allah dhumatêng nabi Musa wontên ing rêdi Sina. Wondéné pasucian punika wau panjangipun tigangdasa asta, wiwaripun sadasa asta, lan inggilipun ugi sadasa asta. Inggilipun kadamêl gêdhègipun blabag linapis ing êmas, payonipun wacucal. Salêbêting pasucian wau mawi kasinggêt ing gubah dados kalih panggènan. Inggilipun ngajêng winastan: sasana suci,[112] déné ingkang wingking winastan: sucining asuci, punapadéné pasucian punika mawi palataran mubêng kasukanan gêbêr.

Salêbêtipun sucining asuci wontên pêthi êmas isi papan sêla kêkalih ingkang kasêrat anggêr-anggêr. Sangingiling tutup mawi kasukanan pratima kancana rinéka malaékat kêrub kêkalih ajêng-ajêngan sarwi ambabar suwiwinipun. Déné salêbêting sasana suci wontên madbah êmas kanggé ambêsmi dupa, punapadéné méja êmas wadhah roti sajèn. Lan malih wontên ajug -ajug êmas êpang pêpitu mawi clupak êmas nyatunggal. Punapa malih ing palataran ngajêng wontên madbah pangobaran kadamêl saking tênggah, tuwin padasan tênggah kanggé pawijikaning para imam. Sarêng panggaraping pasucian wau sampun arampung ramping, Allah angatingalakên kamulyanipun wontên salêbêting pasucian wau warni mega.

Wondéné ingkang kapatah ambakoni padamêla-[113]n wontên salêbêting pasucian wau, sakathahing turunipun Lèwi. Arun saturun-turunipun sami dados imam. Malah Arun piyambak dados pangulu imam. Sintên ingkang dados pangulu imam kênging malêbêt dhatêng sucining asuci sataun sapisan, inggilipun punika yèn panuju dintên agêng panglêburing dosa. Wondéné padamêlanipun para imam angladosi para tiyang ingkang gadhah kajat dhatêng pasucian wau, kados ta: saos kurban, sapanunggilanipun. Déné tiyang Lèwi sanès-sanèsipun sami angladosi para imam. Wondéné para imam ing sabên anggènipun ambibarakên tiyang ingkang malêbêt ing pasucian kalayan dipunbêrkahi makatên: "Pangéran ambêrkahana marang sira sarta angrêksaa marang sira. Pangéran amadhangana wadanané marang sira sarta amuraha marang sira. Pangéran amanisa wadanané sira sarta amaringana slamêt marang sira."

Wontênipun dintên agêng ingkang kamulyakakên dé-[114]ning Banisrail sarta sakathahing tiyang jalêr sami kawajibakên malêbêt ing pasucian. Punika ing dalêm sataunipun rambah kaping tiga amitung dintên. Ananging mênggah anggènipun sami kèndêl nyambut damêl namung ing dintên wiwitan lan wêkasanipun. Inggilipun sapisan dintên agêng paskhah minôngka pangêngêt-êngêt kala wêdalipun saking tanah Mêsir. Ing ngriku tanêman juwawut ingkang sêpuh rumiyin kasaosakên dhatêng pasucian. Sêsampuning paskhah wau ing tanah Kênangan wiwit panèn juwawut. Kaping kalhipun dintên agêng pêngkosta minôngka kabingahan ing atasipun angundhuh-undhuh, ngiras kadamêl pangêngêt-êngêt kala dhumawuhing anggêr-anggêr wontên ing rêdi Sina. Ing ngriku têtayang sami bingah-bingah margi sami panèn gandum. Kaping tiganipun dintên agêng tancêbing tarub minôngka pangêngêt-êngêt kala kêsahipun dhatêng Kênangan, mondhok wontên ing ara-ara. Ing dintên punika ngiras nyaosi panuwun maring Allah margi saking lênggah wowohan. Samôngsa angajêngakên dintên agêng tancêbing tarub kirang gangsal dintên punika winastan dintên agêng panglêburing dosa. Ing[115] ngriku Banisrail sami

analôngsa maring Allah sarta amawi siyam. Pangulu imam anyaosakên kurban minôngka pangruwatipun dosanipun piyambak saha dosaning Banisrail sadaya.

## 26. Pakuburanipun Tiyang Luamah

Banisrail anggènipun sami wontên sangandhaping rêdi Sina laminipun mèh sataun. Kacariyos ing satunggal dintên tugu mega muluk saking dalêm pasucian. Banisrail lajêng samêkta badhé bidhalan sarta sami abingah-bingah. Panyananipun énggal badhé dumugi ing tanah ingkang sinêdya ing lampah, ananging kathah pangkalanipun. Sawêg angsal lampahan tigang dintên kémawon sami kalêson, wondéné tiyang rucah sami kapéngin ulam, sami nangis lan sambat-sambat: "Sapa kang takjaluki iwak iki, luhung dhèk ana ing Mêsir aku mangan iwak, timun, sêmôngka, kucai, brambang, bawang lan sapanunggalané tanpa tuku. Ing saiki ora ana manèh kang takpangan kaja-[116]ba man iku."

Pangéran tumuntên angandika dhumatêng nabi Musa: "Sira dhawuha marang Banisrail: bésuk-ésuk sira bakal mangan iwak tur ora mung sadina rong dina baé, malah sêsasi muput, kongsi amlukèk-mlukèk. Sabab sira nyênyampahi marang Pangéran kang ana ing têngahira nganti kaduwung gonmu padha mêtu saka ing Mêsir." Déné aturipun nabi Musa: "Kados pundi déné Tuwan dhawuh badhé maringi ulam dhumatêng Banisrail ngantos sawulan muput? Môngka tiyangipun jalêr kémawon nêmu kêthi." Pangandikaning Pangéran: "Mungguh kuwasaning Pangéran apa kuciwa?" Nabi Musa tumuntên anglêmpakakên para pinisêpuhing Banisrail. Lah ing ngriku lajêng wontên angin ambêkta pêksi puyuh saking sagantên kasêbarakên ing pabarisan tuwin saubêngipun, atumpang tindih, inggilipun kalih asta. Saksana Banisrail lajêng sami andêkêpi pêksi puyuh wau, laminipun kalih dintên. Dèrèng ngantos têlas anggènipun nêdha ulamipun, Banisrail kadhatêgan bêtênduning Pangéran. Kathah ingkang lajêng pêjah sar-[117]ta tiyang kang luamah sami kinubur wontên ing ngriku, amila panggènan punika winastan pakuburanipun tiyang luamah.

## 27. Para Têlik

Banisrail sêsampunipun dumugi ing ara-ara Paran, nabi Musa lajêng anglampahakên tiyang, andikakakên sami nêlik ing tanah Kênangan. Ingkang kautus sabên pancêr satunggal katamtokakên tiyang satunggal. Para utusan wau lajêng sami anjajah ing tanah Kênangan saking watês kidul dumugi ing watês lèr. Ing tanah Kênangan pinuju mangsanipun angundhuh anggur, tumuntên anyêmpal pang anggur ingkang wontên wohipun sadhompol agêng, lajêng dipunrêmbat tiyang kalih sarta sami ambêkta woh dalima, kurma, lan wowohan sanèsipun. Sarêng sampun antawis kawandasa dintên, para utusan wau lajêng sami wangsul dhatêng pabarisan sarta sami umatur dhatêng nabi Musa: "Anggèn kula sampéyan utus sampun sami dumugi ing tanah Kênangan, inggih saèstu panjang[118] apunjung, pasir awukir, loh jinawi. Lah punika warnining wowohanipun. Wondéné tiyangipun sami gagah-gagah lan rosa-rosa. Yèn kula katandhing kaliyan tiyang ngriku aprasasat walang. Punapadéné kithanipun agêng-agêng sarta santosa."

Banisrail sarêng mirêng aturing para têlik wau lajêng sami giris. Tiyang sapasamuan sadaya nuntên sami gumuruh anguman-uman dhatêng nabi Musa lan Arun. Wicantênipun: "Luhung kula pêjaha wontên tanah Mêsir utawi wontên ing ara-ara ngriki kémawon. Punapaa kula têka sami kabêkta déning Pangéran dhatêng tanah punika, wusana badhé sami pinêjahan ing mêngsah sarta anak bojo kula badhé tinawan. Lah punapa botên langkung saé kula wangsul dhatêng Mêsir kémawon?" Banisrail nuntên sami agêginêman: "Ayo padha ngadêgaké lurah dhéwé baé lan padha bali mênyang Mêsir!"

Ingkang punika Yusak lan Kalèb panunggilanipun têlik wau, lajêng sami angayêm-ayêmi Banisrail. Wicantênipun: "Tanah kang wus taktiliki iku dhasar luwih déning bagus, bokmanawa Pangéran sudi marang aku, amêsthi aku padha pinaringan ta-[119]nah iku, mung kowé baé aja baléla maring Pangéran lan aja wêdi marang wong Kênangan iku! Sabab pangungsèné wong iku ora ana, môngka aku jinangkung déning Pangéran." Ananging pangayêm-ayêmpun Yusak lan Kalèb dhumatêng Banisrail kapurih kumandêla ing Pangéran wau tanpa damêl, malah tiyang kathah sami alok-alok: "Wong loro iku padha ranjamên baé!"

Saksana kamulyaning Pangéran lajêng ngatingal wontên ing pasucian. Allah nuntên angandika: "Wus ping pira baé Banisrail iku gone padha nyênyampahi marang Ingsun utawa marang sakèhing têtêngêran kang wus Sun-gawé ana ngarêpané? Mulané sira bakal Sun-gawé kaya pangucapira kang wus tumama ing talinganing-Sun. Anakira kang wus sira ucapaké bakal tinawan iku kang bakal Sunlêbokaké andarbéni tanah kang wus sira tampik. Nanging sira iku bakal padha mati ana ing ara-ara iki. Déné anakira bakal anglambrang ana ing ara-ara patang puluh taun."

Makatên Banisrail inggih sami pêjah wontên ing ara-ara,[120] pundi ingkang umur kalihdasa taun sapanginggil. Nalika mêdalipun saking tanah Mêsir, kajawi Yusak lan Kalèb. Môngka Banisrail anggènipun wontên ing ara-ara ngantos kawandasa taun.

## 28. Balélaning Banisrail

Wondéné tiyang Banisrail taksih wontên kémawon ingkang sami baléla. Kacariyos ing ngriku wontên pangagêngipun Banisrail kathahipun kalih atus sèkêt. Sami sabiyantu anglawan dhatêng nabi Musa lan Arun. Winastan angagungkên sariranipun. Déné ingkang dados cucukipun tiyang têtiga, anama: Korah<sup>[1]</sup>, Datan, lan Abiram. Mênggah pangangkahipun tiyang baléla wau, sadaya kadamêla sami tumut angrèh lan angimami. Nabi Musa lajêng ngandika: "Sésuk-ésuk padha sébaa marang ngarsaning Pangéran! Padha anggawaa padupanmu! Ing kono bakal katara, sapa kang pinilih déning Pangéran." Korah tu-[121]muntên anglêmpakakên Banisrail sadaya wontên ngajêngipun pasucianing Allah. Pangéran lajêng ngandika: "Sira padha ngêdohana tarubé Korah, Datan, lan Abiram! Sabab wong iku bakal Suntumpês sakhal." Sanalika punika bumi ingkang dipunanciki tiyang têtiga wau lajêng bêngkah sarta lajêng sami dipununtal sadarbékipun sadaya. Wondéné tiyang kalih atus sèkêt wau lajêng sami pêjah sinambêr ing gêlap latu. Sampun kalampahan makatên, suprandéné botên andadosakên kêndhating manahipun Banisrail. Malah sami angumêl-umêl dhatêng nabi Musa lan Arun, winastan dados jalaraning tumpêsipun tiyang samantên wau. Sarêng makatên tumuntên wontên wêwêlaking Pangéran malih, tiyang salêksa kawan èwu pitung atus lajêng sami pêjah sanalika.

Anjawi saking punika wontên malih cariyosipun Banisrail sami anggarundêli dhatêng nabi Musa amargi sami kakirangan toya wontên ing Kadès. Pangéran lajêng angandika dhumatêng nabi Musa: "Sira ngalapa têtênira! Nuli anglumpukna wong kabèh! Sira lan Arun padha angaruh-aruhana parang ana ngarêpa-[122]né! Sawusé mêngkono parang iku amêsthi mêtû banyu." Nabi Musa lan Arun tumuntên sami anglêmpakakên sakathahing tiyang, lajêng angandika: "Héh wong wangkot, padha ngrungokna! Aku apa mêtokaké banyu saka parang iki?" Môngka nabi Musa angayatakên astanipun lajêng anjojoh parang mawi têtênipun rambah kaping kalih. Sanalika parang wau lajêng medal toya kathah. Tiyang Banisrail dalah khéwanipun<sup>[2]</sup> lajêng sami ngombé. Pangéran tumuntên ngandika dhumatêng Nabi Musa lan Arun: "Sarêhning sira wus anglirwakaké paréntahing-Sun sarta ora ngajèni marang Ingsun ana ing pasamuhan, mulané gonira ngirid Banisrail iku bakal ora kongsi tumêkané ing tanah Kênangan." Wondéné sêndhang punika winastan: Mariba<sup>[3]</sup>, têtêsipun: toya pabên.

Sarêng sampun angsal kawandasa taun lumampah, Banisrail lajêng dumugi ing tanahipun tiyang Édom, inggih punika turunipun Ésaf, putraning nabi Iskhak. Môngka tiyang Édom wau sami botên suka yèn Banisrail langkunga medal ing tanahipun, mila Banisrail lajêng sami nyimpang. Sarêng[123] wontên ing margi lajêng sami anggarundêl malih, wicantênipun: "Ing kéné ora ana roti lan banyu, môngka aku wis padha bosên mangan man iku." Saksana Pangéran lajêng andhatêngakên wêwêlak awarni sawêr kathah saha mandi-mandi sami anyakot tiyang Banisrail, têtèman kathah ingkang sami pêjah. Sakathahing tiyang lajêng sami umarêk dhatêng nabi Musa sarwi umatur: "Kula sampun sami rumaos kalêpatan, sampéyan mugi andongakna kula maring Pangéran, sawêr punika kabirata saking ngriki." Nabi Musa lajêng andongakakên Banisrail. Pangéran tumuntên angandika dhumatêng nabi Musa: "Sira gawéa ula têtmbaga, sarta sira panjêra minôngka têtêngêran! Sing sapa cinakot ing ula, yèn mawas ula têtmbaga iku amêsthi banjur waluya." Nabi Musa tumuntên yasa sawêr têtmbagi, déné sawarnining tiyang kang cinakot ing sawêr samôngsa mandêng sawêr têtmbagi wau lajêng mulya.

- |    |          |    |            |    |          |
|----|----------|----|------------|----|----------|
| 1. | Korakh # | 2. | kéwanipun* | 3. | Meriba # |
|----|----------|----|------------|----|----------|

## 29. Pandhita Balhum<sup>[4]</sup>

Lampahipun Banisrail sêsampuning kalangkung ing tanah É-[124]dom lajêng trus mangalèr anyabrang ing lèpèn Arnon. Sarêng dumugi ing talatahipun nagari Amori lajêng manggih pangkalan malih. Kala samantên sang raja Sihon ingkang darbé nagari Amori wau amapagakên lampahipun Banisrail, botên parêng langkung angambah ing tanahipun. Ing wusana dados pêrang, nanging sang raja Sihon kawon, têmahan nagari ing Amori kadbé ing Banisrail.

Makatên ugi sarêng dumugi ing nagari Basan, ingkang jumênêng ratu ing ngriku nama sang prabu Og, punika inggih angalang-alangi lampahipun Banisrail, kalampahan kagitik ing pêrang dhatêng Banisrail, dados lan kawonipun.

Banisrail tumuntên sami lèrêb wontên ing lêbak Moab sapinggiring bènawi Yardèn angajêngakên nagari Yéréka<sup>[5]</sup>. Kacariyos sang prabu ing Moab anama raja Balak punika animbali juru pamêca ing Aram awasta Balhum, dhawuhipun ingkang kaêmban déning utusan: "Kowé daktimbali supaya angipat-ipatana mungsuhku Banisrail! Sabab aku rumôngsa bakal kuwalahên amapag pêrangé, yèn[125] ora kalawan sabdamu." Nanging Allah ngandika dhumatêng Balhum: "Sira aja mèlu-mèlu lan aja ngipat-ipati Banisrail, sabab wus kabêrkahan!" Mila pandhita Balhum botên purun sowan. Éwadéné raja Balak lajêng utusan punggawa malih ingkang langkung agêng pangkatipun, punika sami angipuk-ipuk dhatêng pandhita Balhum têmahan lajêng purun sowan, anyarêngi lampahing utusan wau. Sarêng wontên ing margi, malaékating Pangéran angadhangi, astanipun nyêpêng pêdhang ligan, wondéné kuldi ingkang dipuntumpaki sumêrêp dhatêng malaékat wau, mila lajêng nyimpang. Ananging Balhum botên sumêrêp dhatêng malaékat, lajêng anggêbagi kuldinipun, têmah lajêng anjêrum. Balhum sangsaya sangêt ing panggêbagipun. Pangéran lajêng ambuka cangkêming kuldi, tumuntên awicantên cara tiyang: "Dosa kula punapa? Déné kula têka sampéyan gêbagi?" Saksana Pangéran ambuka mripatipun pandhita Balhum, lajêng sumêrêp dhatêng malaékat wau. Déné pangandikanipun dhatêng Balhum: "Sira bacuta, nanging sira aja ngucap liyané kang Sunwisikaké!"[126]

Pandhita Balhum sarêng dumugi ngarsaning sang raja Balak, lajêng kabêkta déning sang prabu dhatêng punthuk, supados uninga agumêlaripun Banisrail. Pandhita Balhum tumuntên wicantên wontên ngarsaning sang prabu tuwin para pangagêng: "Kados pundi anggèn kula ngêsotakên tiyang ingkang botên dipunsotakên déning Allah? Lan kados pundi anggèn kula ngipat-ipati tiyang ingkang dipunbêrkahi déning Pangéran? Lah dhatêng kula mriki tan kénging botên mêsthi ambêrkahi." Wondéné pandhita Balhum anggènipun ambêrkahi ngantos rambah kaping pitu. Sang raja Balak tumuntên angandika dhumatêng Balhum: "Kapriyé déné kowé mêngkono? Olèhku nimbali kowé supaya angipat-ipatana marang Banisrail! Môngka kowé malah ambêrkahi, mulané olèhku arêp ngurmati marang kowé tinulak déning Pangéranmu." Sêsampuning makatên, pandhita Balhum tumuntên mantuk dhatêng griyanipun. Lah ing ngriku Banisrail sami anggitik tiyang Moab, ingkang jalêr sadaya sami pinêjahan.[127]

4. Bileam #

5. Yerikho #

### 30. Sédanipun Nabi Musa

Kala samantên, sakathahing tiyang jalêr ingkang kairid déning nabi Musa saking Mêsir sampun sami pêjah, amung kanton Yusak lan Kalèb, Arun ugi sampun séda, punapadéné nabi Musa inggih dumugi ing janji.

Kacariyos kala Banisrail lèrêb wontên ing lêbak Moab, nabi Musa darbé panyuwun dhatêng Pangéran, aturipun: "Kawula mugi kalilana nyabrang ing Yardèn, aningali tanah ingkang Tuwan janjèkakên punika." Ananging Pangéran botên marêngi panyuwunipun. Pangandikanipun: "Sira wis aja matur manèh marang Ingsun ing bab prakara iku. Sira munggaha ing gunung Nêbo! Ana ing kono sira Suntuduhakê tanah Kênangan, kang Sunjanjèkaké marang Banisrail. Matanira bakal andêlêng, nanging sira mêsthi ora lumêbu ing kono." Nabi Musa tumuntên pamit dhumatêng Banisrail kalayan angèngêtakên ing samukawis kasaénaning Allah, punapadéné angapingkalihi paréntahing Allah sadaya. Banisrail sami katêdahakên ing ipat-ipat lan bêrkah sarta sami[128] kaparingan janji: "Pangéran Allahmu bakal angadêgaké nabi sawijining sadulurmu apindha aku, kang iku padha èstokna!" Sêsampuning makatên nabi Musa lajêng paring pangèstu dhumatêng Banisrail. Tumuntên minggah ing rêdi lajêng séda wontên ngriku. Layonipun kapêtak déning Pangéran, botên wontên tiyang ingkang sumêrêp pasaréanipun. Sarêng Banisrail sumêrêp yèn nabi Musa sampun kapundhut déning Pangéran, lajêng dipuntangisi laminipun tigangdasa dintên. Sédanipun nabi Musa wau panuju yuswa satus kalihdasa taun. Mripatipun botên lamur sarta karosanipun botên suda. Ing sapêngkêripun, ing Banisrail botên wontên nabi ingkang kados nabi Musa mênggah kapêrakipun maring Allah.



## 31. Nabi Yusak

Sasédanipun nabi Musa, ingkang kakarsakakên dêning Pangéran angirid Banisrail punika nabi Yusak. Pangéran anjangkung dhumatêng nabi Yusak kados déné ang-[129]gènipun anjangkung dhumatêng nabi Musa. Nabi Musa ingkang anyabrangakên Banisrail ing sagantên Suf, nabi Yusak ingkang anyabrangakên Banisrail ing bènawi Yardèn. Toyanipun piyak, ingkang nginggil kados pagêr banon, ingkang ngandhap lêstantun ilinipun saéngga asat. Ingkang makatên wau ngantos dumugi têlasipun Banisrail anggènipun nyabrang. Sarêng sampun dumugi ing bang kilèn sacêlaking nagari Yéréka, ing ngriku Banisrail sami anêtêpi dintên agêng paskhah ingkang katêmbèn wontên ing tanah Kênangan. Kala samantên amarêngi mangsanipun panèn juwawut, mila Banisrail lajêng sami tumut nêdha juwawut. Wondéné têdhanipun ingkang warni man ing wêkdal punika sampun botên kaparingan malih.

Kacariyos nagari Yéréka punika sakalangkung santosa, éwadéné Pangéran sampun aprajanni badhé piningrakên dhumatêng nabi Yusak. Pangandikaning Pangéran: "Sira angidêrana ing nagara, sakêhing prajuritira iya padha angubêngana sadina sapisan, lawasé nêdha dina. Sarta imam pêpitu padha anggawaa têngara salomprêt ana ngarêpaning pêthi[130] prajanjéan, kairingaké déning wong akèh. Déne ing dina kapituné sira angubêngana nagara rambah kaping pitu, sarta para imam padha angunèkna salomprêté. Samôngsa salomprêt muni, Banisrail kabèh padha surak-suraka kang ramé. Ing kono baluwartining nagara amêsthi jugrug!" Wondéné dhawuhing Pangéran ingkang makatên wau lajêng kalêksanan sadaya. Sarêng Banisrail asurak-surak ramé, saksana baluwartining Yéréka lajêng rêbah. Bala lajêng lumêbêt ing kitha, tiyang ing nagari sami dipunpêjahi lan griyanipun sami kabêsmi. Lah makatên Allah amitulungi nabi Yusak ngantos anêlukakên para ratu alit-alit sanèsipun, cacah tigangdasa satunggal ingkang sami angratoni ing Kênangan. Kala pêrang mêngsah tiyang Amori wontên ing jurang Ayalon, surya tuwin rêmbulan sami kandhêg lampahipun margi saking dhawuhipun nabi Yusak. Môngka Allah anumpês tiyang Amori sarana gêlap jawah woh.

Sarêng bumi ing Kênangan sampun kathah ingkang kénging dhatêng na-[131]bi Yusak, saksana nabi Yusak lajêng angêdum tanah wau dhatêng pancêring Israil, turuning Rubin saha turuning Gad lan turunipun Mênasé ingkang sapalih sampun sami kaparingan dèning nabi Musa bang wêtaning Yardèn. Déne Banisrail sanès-sanèsipun sami kaparingan déning nabi Yusak tanah saantawising Yardèn lan sagantên agêng. Wondéné turuning Lèwi botên panduman tanah, ananging kaparingan kitha kawandasa wolu kapêndhêtakên saking pandumanipun Banisrail sanès-sanèsipun. Déne dalêm pasucian kaadêgakên wontên ing kitha Silo. Wondéné Banisrail kaparingan têtêrêm, botên kakirangan kamirahaning Pangéran ingkang sampun kaprasêtyakakên ing wau-wau.

Nabi Yusak sarêng yuswa satus sadasa taun, sêsampunipun angrampungakên ayahaning Pangéran sadaya, tumuntên anglêmpakakên sakathahing tiyang Banisrail wontên ing Sikêm, badhé sami dipunpamiti. Sami kaêngêtakên kasaénaning Allah sadaya, sami kadhawuhan mantêpa maring Pangéran. Pangandikanipun nabi Yusak: "Padha wêdia maring Pangé-[132]ran sarta padha nêtêpana kang wus tinulis ana ing layang anggêr-anggêré nabi Musa kabèh! Aja ngabêkti maring allah liyané, padha mantêpa maring Pangéran, lamun kowé wêruh kang ngluwihi Pangéran. Kowé amiliha kang arêp kobêktèni, déne mungguhing aku sakrabatku kabèh amêsthi ngabêkti ing Pangéran Allah!" Banisrail sadaya sami saur pêksi, sampun panggih-pinanggih, kula botên purun nilar Pangéran, botên purun ngabêkti allah sanèsipun. Nabi Yusak tumuntên angadêgakên sêla agêng wontên sangandhaping kajêng agêng ingkang cêlak kalayan

dalêm pasucian. Pangandikanipun: "Watu iki minôngka dadi saksi supaya kowé aja mukir maring Allah."

## 32. Gidyon<sup>[6]</sup>

Sasédanipun nabi Yusak, Banisrail botên anêtipi prajanjéanipun, kêrêp sami anêmbah brahala, mila lajêng kapasrahakên déning Pangéran dhatêng tanganing mêngsahipun.[133] Déné yèn sami tobat maring Pangéran inggih lajêng dipunpitulungi sarana tiyang prawira ingkang sami kapatah déning Allah, inggih punika ingkang winastan: para khakim. Ing salajêngipun sami angrêh pancêr satunggal utawi langkung.

Kala samantên tiyang Mêdayin sami angêbroki ing tanah Kênangan, angrêsahi sabin lan ambradhat raja kaya. Inggih makatên wau ing sabên warsa laminipun ngantos pitung taun, môngka botên wontên ingkang malangi. Allah tumuntên amatah tiyang nêman satunggal anama Gidyon kalêbêt turunipun Mênasé, dipunpangandikani déning malaékating Pangéran: "Héh wong prawira, Pangéran anjangkung ing sira." Aturipun Gidyon: "Manawi saestu Pangéran anjangkung ing kawula, kénging punapa kawula sami kadhatêngan sakathahing karibêdan punika? Lah pundi mukjizat ingkang kacariyosakên déning para lêluhur kawula?" Saksana Pangéran angandika dhumatêng Gidyon: "Sira angluwarana Banisrail saka tangané wong Mêdayin kalawan anganggo karosanira! Ingsun kang angutus marang si-[134]ra." Aturipun Gidyon: "Sarana punapa anggèn kawula ngluwari Banisrail? Kang môngka kawula punika sami-sami turuning Mênasé kalêbêt alit piyambak, makatên ugi sami-sami sadhèrèk kawula kalêbêt ênom piyambak." Pangéran lajêng ngandika malih dhumatêng Gidyon: "Ingsun anjangkung ing sira, déné sira bakal anggitik bôngsa Mêdayin kaya amungsuh wong siji." Gidyon tumuntên kadhawuhan pangandikaning Pangéran malih, kakarsakakên angrisak brahala sêsêmbahaning bapakipun dalah panggènanipun pisan. Sarêng sampun kalampahan, sakathahing tiyang ingkang sami nêmbah brahala wau sami anggugat Gidyon, katêdha dhatêng bapakipun badhé dipunpêjahi, déné wangsulaning bapakipun: "Ya géné kowé arêp ambombong prakarané Baal? Lamun Baal iku allah amalêsa dhéwé marang wong kang ambubrah panggonané."

Botên antawis lami ing tanah Kênangan kadhatêngan mêngsah malih anglangkungi kathahipun ngantos wontên sa-[135]kêthi tigang lêksa gangsal èwu, ingkang kathah bôngsa Mêdayin wau. Ing ngriku Gidyon badhé mapag pêrang. Sadèrêngipun mangsah anyuwun pratôndha maring Allah, aturipun: "Kawula badhé anyèlèhakên wulu ménda wontên ing latar, manawi bénjing-énjing wulu ménda kaêbunan sarta kiwa têngênipun garing, kawula amêsthi sumêrêp yèn Tuwan badhé angluwari Banisrail amargi saking tangan kawula." Sarêng Gidyon tangi tilêm ing wanci énjing, wulu lajêng dipunpêrês amêdal êbun ngantos sabokor kêbak, ing sakiwa têngênipun garing kémawon. Gidyon tumuntên kamipurun gadhah panyuwun maring Allah malih, aturipun: "Wulu punika garinga sarta latar kaêbunana sadaya." Allah inggih amarêngi ing sapanyuwunipun Gidyon wau. Ing dalu punika wulu garing, déné latar sadaya kaêbunan.

Gidyon tumuntên mêpakakên bala kathahipun tigang lêksa kalih èwu. Dhawuh pangandikaning Allah: "Balamu samono iku kakêhan, mundhak Banisrail gumunggung rumôngsa angêntasi dhéwé.[136] Mulané saiki undhangana, sapa kang jêrih muliha, aja nganti nuliri kancané." Têmahan ingkang sami mantuk, tiyang kalih lêksa kalih èwu. Sarêng bala kanton salêksa, Pangéran tumuntên ngandika dhumatêng Gidyon: "Bala iku isih kakêhan." Kalampahan dipunlong malih ngantos kanton tiyang tigang atus. Sénapati Gidyon tumuntên amérang-mérang tiyang tigang atus wau kadamêl tigang pôntha. Sabên tiyang kaparingan obor nyatunggal ingkang kalêbêtakên ing guci kothong lan salomprèt nyatunggal. Sarêng wanci têngah dalu lajêng sami lumampah nyilib dhatêng pabarisanipun tiyang Mêdayin, ajêngipun amara tiga lajêng sami asurak-surak, ungêlipun makatên: "Pêdhangé Pangéran lan Gidyon." Sarta sami

angumbulakên oboripun sarêng lan suwaraning salomprèt lan kalêpruking guci adamêl kagèting mêngsah ingkang sawêg sakéca tilêm. Tiyang Mêdayin lajêng sami gègèr awurahan, tumbuh mêngsah lan kônca. Kathah ingkang sami pêjah déning kancanipun piyambak, anggènipun lumajêng amawut-mawut. Wondéné bala ingkang saking rêdi[137] Éfraim sadaya ambêbujêng mêngsah. Tiyang Mêdayin kathah ingkang kapupu, déné kathah ing bandhangan tanpa wicalan.

Sakonduripun Gidyon saking anggènipun unggul ing prang, lajêng badhé kaangkat ratu déning Banisrail, ananging pangandikanipun: "Aja mêngkono, mung Allah piyambak kang angratoni kowé."

6.       Gidheon #

### 33. Bok Rut

Kala jamanipun para khakim, ing tanah Kênangan pinuju awis tédha. Kacariyos, wontên satunggaling tiyang Bètèlekhèm<sup>[7]</sup> anama Èlimèlèh<sup>[8]</sup> kaliyan sémahipun wasta Naomi tuwin anakipun jalêr kêkalih punika sami atilar balé pémahanipun, késah dhatêng tanah Moab. Wontên ing ngriku anakipun wau sami amêndhêt sémah laré èstri ing Moab kêkalih anama Arpah<sup>[9]</sup> lan Rut. Botên antawis lami Èlimèlèh saanakipun jalêr kêkalih wau sami pêjah. Ing ngriku Naomi lajêng mantuk dhatêng tanah kalairanipun, kaêtêrakên ing mantunipun ka-[138]lih. Sarêng wontên ing margi lajêng sami dipunkèn mantuk. Arpah inggih lajêng mantuk, nanging Bok Rut umatur: "Sampéyan sampun ambalak dhumatêng kula, sapurug-purug sampéyan, kula inggih andhèrèk. Bôngsa sampéyan inggih bôngsa kula, Allah jêngandika inggih Allah kula, pêjah gêsang kula andhèrèk sampéyan."

Sadhatêngipun Naomi ing Bètèlekhèm, têtayang sami pandung, wicantênipun: "Iku apa Naomi?" Déné wangsulanipun: "Kowé aja padha ngarani aku Naomi, marga têngsé Naomi iku wong ayêm. Luhung aku aranana Marah<sup>[10]</sup> baé, têngsé wong kaprihatinan. Olèhku lunga sugih, nanging Allah angulihaké aku mlarat."

Kacariyos ing nalika punika pinuju mangsanipun panèn juwawut. Lah ing ngriku Bok Rut dhatêng sabin angangsag juwawut. Kapanujon sabin ingkang dipunangsagi punika gadhahanipun tiyang sugih anama Boas, taksih kalêbêt wangsaniipun Èlimèlèh ingkang sampun pêjah. Sadhatêngipun Boas ing sabin, lajêng pitakèn dhatêng tiyang ani-ani: "Iku wong wadon ngêndi?" Sarêng sumêrêp yèn punika mantuning Naomi, tumuntên wicantên kalayan têmbung manis: "Héh Rut, aku sumurup sakèhing kabê-[139]cikanamu<sup>[11]</sup> marang maratuwamu sapatiné lakimu. Allahé Israil kang kobêktèni muga amalêsa kabêcikanmu." Boas tumuntên dhawuhi réncangipun kinèn sami angrêngkuh saé dhatêng tiyang èstri Moab punika, saha kinèn anilari angsgan ingkang kathah. Saantukipun Bok Rut saking sabin, lajêng anyariyosakên punika wau sadaya dhatêng marasêpuhipun, déné wicantênipun Naomi: "Wong iku isih kalêbu sanakku, muga-muga olèha bêrkahing Allah awit saka wêlasé marang kang urip lan kang wis mati."

Salaminipun panèn, Boas angawasakên kalakuanipun Bok Rut saèstu yèn saé, lajêng tuwuh trêsnanipun. Kacariyos ing Israil wontên anggêr manawi wontên tiyang jalêr pêjah botên atilar anak, akrabipun ingkang cêlak piyambak kawajiban angrabèni randhanipun. Bok Rut sêsampunipun winulang déning marasêpuhipun, tumuntên umarêk dhatêng Boas kados adatipun ing tanah ngriku. Sarèhning sadhèrèkipun ingkang cêlak piyambak botên sarju, mila lajêng karabi[140] déning Boas piyambak. Ing wusana Bok Rut wau dados éyangipun buyut ratu agêng, awit déné Bok Rut apatutan jalêr anama Obèt<sup>[12]</sup>, déné Obèd apêputra Isai, môngka Isai apêputra prabu Dawut<sup>[13]</sup> ratu agêng ing Banisrail.

7. Betlehem #
8. Elimelekh #
9. Orpa #
10. Mara #
11. kabêcikanmu\*
12. Obèd\*
13. Dawud\*

### 34. Èli lan Nabi Sêmuèl<sup>[14]</sup>

Èli punika pangulu imam ngiras khakim. Dalêmipun wontên ing nagari Silo. Inggih punika sasananing pasucianing Allah, panggènanipun tiyang sami kêkêmpalan angabêkti maring Pangéran.

Ing satunggal dintên, Èli aningali tiyang èstri satunggal andêdonga wontên palataraning pasucian. Tiyang wau anama Kanah<sup>[15]</sup>. Anggènipun andêdonga anggujêg, lambénipun calumikan nanging botên kawêdal suwaranipun, awit andêdonga salêbêtipun manah kémawon. Panyananipun Èli, tiyang èstri punika mêngdêm, nanging sayêktosipun botên. Panyuwunipun tiyang èstri wau mugè kaparingana anak jalêr, margi<sup>[141]</sup> anggènipun laki sampun lami, môngka dèrèng gadhah anak. Sarêng Èli sumêrêp mênggah panyuwunipun, lajêng angandika dhumatêng tiyang èstri wau: "Kowé muliha kalawan slamêt! Allahé Israil mêsthi anjurungi panyuwunmu." Kanah lajêng mantuk sarwi bingar, margi Allah sampun anarimah pandonganipun. Botên antawis lami èstu lajêng kaparingan anak jalêr kanamakakên Sêmuèl, têngesipun ingkang kasuwun maring Allah.

Sarêng sampun sawatawis taun amarêngi dintên agêng, Sêmuèl kabêkta déning tiyang sêpuhipun aminggah dhatêng Silo, lajêng kapasrahakên déning ibunipun dhatêng Èli wau, aturipun: "Laré punika kula sumanggakakên ing Pangéran salaminipun gêsang wontên ing arsa sampéyan ngriki." Kalampahan, Sêmuèl tumut angladosi wontên ing dalêm pasucian. Wondéné tiyang sêpuhipun ing sabên taun yèn marêngi dintên agêng sami minggah dhatêng dalêm pasucian, ngiras anuwèni anakipun. Ing ngriku tamtu mirêng pawartosing anakipun ingkang saé. Botên antawis lami Sêmuèl kadhawuhan pangandikaning Allah pi-[142]yambak, kakarsakakên dados nabi.

Kacariyos, anakipun pangulu imam anama Kopni<sup>[16]</sup> lan Pinkas<sup>[17]</sup> punika sami diksura lan durjana. Asring sami dipunèngêtakên déning bapakipun bab anggènipun damêl dosa maring Allah lan dhatêng tiyang, nanging tanpa kapêthès margi sami dipunugung.

Kacariyos ing wanci dalu Sêmuèl pinuju tilêm wontên salêbêting dalêm pasucian, lajêng katimbalan déning Allah, pangandikanipun: "Héh Sêmuèl." Laré wau lajêng tangi, panyananipun ingkang animbali punika Èli. Sarêng katimbalan kaping kalih saha kaping tiga, Èli lajêng sumêrêp yèn ingkang nimbali punika Allah, tumuntên angandika dhatêng Sêmuèl: "Yèn kowé ditimbali manèh matura mêngkéné, sumôngga Pangéran ngandikaa." Sêsampuning makatên, saèstu lajêng wontên suwaraning Allah malih animbali: "Héh Sêmuèl, Sêmuèl." Déné aturipun Sêmuèl: "Sumôngga Pangéran ngandikaa." Saksana Pangéran lajêng ngandika: "Lah Ingsun agawé têtêng-[143]êran ana ing Israil kang andadèkaké sumruwênging kupingé wong kang angrungu. Ingsun bakal aniksa Èli saanaké loro barêng sadina, sabab Èli wus sumurup yèn kalakuané anaké ala têka ora malangi." Sarêng énjingipun, Èli andangu dhumatêng Sêmuèl: "Pangéran angandika apa marang kowé? Kowé aja ngikibi marang aku!" Nabi Sêmuèl sêmu ajrih, nanging inggih amasajakakên sadaya, pangandikanipun Èli: "Iya sumôngga sakarsané Pangéran."

Botên antawis lami punapa sadhawuhing Pangéran wau tumuntên kalampahan. Tiyang Pilistim<sup>[18]</sup> tumuntên anglurugi prang, angasorakên Banisrail. Déné têtindhahing tiyang Israil lajêng sami amêdalakên pèthi prajanjéan dhatêng pabarisan, kadamêl anggugah kapurunaning bala, karêmbat déning putranipun Èli kêkalih wau. Wondéné Èli sadangunipun pèpêrangan,

pinarak wontên ing sakèthèng, angajêng-ngajêng pawartos. Kala samantên Èli sampun sêpuh sangêt, yuswanipun sampun sangandasa wolu taun. Tumuntên wontên utusan dhatêng, panganggénipu-[144]n rowak-rawèk. Èli andangu: "Ing pabarisan kapriyé wartané?" Aturipun utusan: "Banisrail kaplajêng, malah putra sampéyan kêkalih sami pêjah, déné pêthining Allah kabandhang." Sarêng Èli mirêng pawartos punika saksana lajêng kagêblag saking palênggahanipun, githokipun ngantos rêmuk, séda ing ênggèn.

Kocapa pêthining prajanjéan wau lajêng kabêkta déning tiyang Pilistim dhatêng ing Asdod, kalêbêtakên dhatêng panggènaning brahalanipun. Sarêng énjing brahalanipun gumuling ing siti pating sarêmpal. Pêthi wau tumuntên kaêlih dhatêng Ékron. Déné tiyang Ékron inggih lajêng kénging wawêlak, nanging tiyang Pilistim taksih anguwasani Banisrail ngantos kalihdasa taun, têmah Banisrail kathah karibêdanipun.

Sasédaning Èli, nabi Sêmuèl lajêng jumênêng khakim wontên ing tanah Israil. Tumuntên anglêmpakakên sakathahing bala wontên ing Mispah<sup>[19]</sup>, pangandikanipun: "Lamun kowé tobat maring Pangéran kang trus ing atimu, amêsthi Pangéran a-[145]ngluwari kowé saka tangané wong Pilistim." Saksana Banisrail lajêng sami tobat maring Allah sarta ambucali brahalanipun. Tumuntên sagêd unggul pêrangipun, angawonakên tiyang Pilistim. Sakathahing kitha ingkang sampun karayut déning tiyang Pilistim, lajêng sami kénging karêbat malih. Sarêng sampun kalampahan makatên, nabi Sêmuèl angadêgakên séla wontên ing tapêl watêsipun tanah Pilistim. Séla wau minôngka têtêngêran, kasêrat: Èbèn Èsêr<sup>[20]</sup>, têngêsipun: Pangéran wus amitulungi kongsi tumêka ing kéné. Nabi Sêmuèl anggènipun ngasta pranatan saèstu adil, saha kautamènipun angungkuli para khakim ing Israil sadaya.

14. Samuel #
15. Hana #
16. Hofni #
17. Pinehas #
18. Filisti #
19. Mizpa #
20. Èbèn Èsêr = Eben-Haezer

## 35. Nabi Sêmuèl lan Raja Saul

Sarêng nabi Sêmuèl sampun angangkat sêpuh, putranipun inggih sami tumut kabêbahan angrèh Banisrail, nanging sami botên niru kalakuanipun ingkang rama, sami kumêt lan méli- [146]kan, karêm ing rêruba.

Satunggaling dintên para pinisêpuhing Banisrail sadaya sami ngalêmpak sowan dhatêng nabi Sêmuèl wontên ing kitha Ramah. Kadarbé panyuwun, sampun ngantos kaêrèh déning para khakim malih, mugè kaêrèha ing ratu kados déné bôngsa sanès-sanèsipun, ananging nabi Sêmuèl botên sarju. Éwadéné Allah angandika dhumatêng nabi Sêmuèl: "Sira amiturutana mungguh panyuwuné Banisrail, sabab ora nampik sira, balik Ingsun kang tinampik, ora gèlêm Sunratoni pribadi."

Kacariyos ing nalika punika wontên satunggaling tiyang kalêbêt turunipun Bun Yamin anama: Kis<sup>[21]</sup> punika kécalan kuldi sawatawis. Tumuntên kèngkènan satunggal anakipun awasta Saul tuwin réncangipun kinèn anglacak kuldi wau. Lajêng dumugi sacêlaking nagari Ramah, lah ing ngriku réncangipun lajêng angrêmbagi dhatêng Saul kapurih pitakèn dhatêng tiyang sidik mênggah kuldi wau wontên ing pundi. Saksana lajêng pitakèn dha-[147]têng nabi Sêmuèl. Wondéné nabi Sêmuèl dhasar sampun kawangsit déning Pangéran kadhawahan anjêbadi tiyang ingkang pitakèn kuldi punika dadosa ratunipun Banisrail. Sarêng sampun kapanggih, nabi Sêmuèl tumuntên ngandika dhumatêng Saul: "Kowé lumêbua ing gêdhong bêbarêngan mangan lan aku! Déné mungguh kuldimu wis aja kopikir, sabab wus katêmu. Balik kowé bakal anduwèni samubarang kang kasênêngan ing tanah Israil kabèh." Saul botên mangrêtos pangandika punika. Sarêng énjingipun, nabi Sêmuèl angatêrakên Saul. Wontên ing margi piyambakan nabi Sêmuèl angrogoh cupu isi lisah wangi, lajêng dipunsokakên ing sirahipun Saul sarta dipunaras, pangandikanipun: "Lah kowé iku kajêbadaan déning Pangéran angratoni Banisrail!" Sêsampuning makatên, Saul tumuntên mantuk. Wontên ing margi kapanjangan rohing Pangéran. Éwa samantên Saul botên wêwartos dhatêng satunggaling tiyang ngantos dumugi ing dintên anggènipun kakêpyakakên déning nabi Sêmuèl.[148]

Botên antawis lami nabi Sêmuèl anglêmpakakên Banisrail wontên ing Mispah, sami dipuntêdahakên ratunipun tuhu bagus lan inggil dèdêgipun, anama sang raja Saul. Banisrail tumuntên asurak-surak. Botên antawis lami sang raja Saul anyénapatèni pêrangipun Banisrail mêngsah lan tiyang Amoni<sup>[22]</sup>. Wusana unggul ing yuda, kitha Yabès<sup>[23]</sup> ing tanah Gilhad kénging karêbat. Anglangkungi prawiranipun ngantos pinuji-puji déning Banisrail sadaya. Sêsampuning makatên raja Saul kadhawuhan pangandikaning Pangéran, kakarsakakên anumpês tiyang Amalèk sarajakayanipun. Prabu Saul lajêng mangsah pêrang katêmahan unggul yudanipun, ananging lajêng anglirwakakên dhawuhing Pangéran, angéman tiyang punapa malih raja kaya ingkang saé-saé kaawadakên badhé kadamêl kurban. Ing ngriku nabi Sêmuèl amambêngi, wicantênipun: "Punapa pangraos sampéyan? Allah punika sênêngipun dhatêng kurban anglangkungi pamanut, punika botên makatên, wangsul pamanut ingkang ngungkuli kurban. Déné tiyang ambangkang punika dosanipu- [149]n sami lan nêmbah brahala utawi nênung. Sarêhning sampéyan sampun anyênnyampahi dhatêng pangandikaning Pangéran, mila Pangéran ugi nyampahi mênggah anggèn sampéyan dados ratu." Wiwit ing nalika punika raja Saul sangsaya amurang sarak, têtah rohing Pangéran angoncati sariranipun.

21. Kis #                      22. Amon #                      23. Yabesy #



## 36. Dawud Jinêbadan

Ing satunggal dintên nabi Sêmuèl tampi dhawuhing Pangéran, kakarsakakên késah dhatêng griyanipun Isai ing kitha Bètlêkhèm. Awit putranipun Isai wontên ingkang kapilih déning Pangéran badhé kadadosakên ratu. Sarêng sampun dumugi ing Bètlêkhèm, nabi Sêmuèl lajêng angajak sidhêkahan Isai saputranipun. Salêbêtipun sidhêkahan punika nabi Sêmuèl angajêng-ajêng pitêdahing Allah mênggah putraning Isai wau ingkang pundi ingkang kakarsakakên badhé dipunjêbadi. Isai tumuntên sowan lan putranipun pêpitu. Wondéné putra pê-[150]pitu wau wontên ingkang kinintên déning nabi Sêmuèl. Nanging sayêktosipun botên wontên ingkang pinilih déning Pangéran. Pangandikaning Allah: "Sira aja mawang cara manungsa! Sabab panduluning wong iku mung marang kang katon baé, balik Ingsun angudanéni ing batiné." Nabi Sêmuèl tumuntên andangu dhatêng Isai: "Punapa namung punika putra sampéyan?" Wangsulaniipun: "Taksih wontên malih satunggal ingkang wuragil anama Dawud sawêg angèn ménda." Dawud lajêng dipuntimbali tumuntên sowan. Sariranipun bambang awak, alindri nétranipun, lan pidêksa dèdêgipun. Lajêng wontên dhawuhing Pangéran dhumatêng nabi Sêmuèl: "Lah iku kang Sunpilih, nuli sira jêbadana!" Nabi Sêmuèl lajêng anjêbadi Dawud. Wiwit ing dintên punika Dawud katurunan rohing Pangéran lêstantun ing salaminipun. Wondéné raja Saul sarêng sampun kaoncatan rohing Pangéran, manahipun lajêng uru-ara. Tumuntên angupados tiyang ingkang wasis angungêlakên calêmpung kadamêl anglêlipur galihipun. Ing ngriku amirêng pawartos bilih putranipun Isa-[151]i ingkang nama Dawud wasis anyalêmpung saha bagus lan wicaksana tur prawira. Dawud lajêng katimbalan. Wusana kaabdèkakên déning sang prabu, déné yèn galihipun sang prabu anglêrêsi angot uru-aranipun. Dawud lajêng kadhawuhan nyalêmpung ing sabên-sabên andadosakên lipur.

Botên antawis lami tiyang Pilistim anglurugi malih dhatêng Banisrail, lajêng kêkuwu wontên sapucaking rêdi kapapagakên déning Banisrail, ugi masanggrahan sanginggiling rêdi sami ajêng-ajêngan. Tumuntên wontên satunggaling agul-agulipun prajurit Pilistim anama Goliat mèdali ing paprangan. Agêng inggilipun anglangkungi, anganggé topèng têngbagi tuwin kêré pindha sisik, punapadéné garêsipun tinapêl ing têngbagi, amanggul towok, landhéyanipun têngbagi, sarwi anguwuh minta tandhing, wuwusipun makatên: "Hé Banisrail, miliha wong sawiji kang mapagaké pêrangku. Mêngko sapa kang unggul jurité amêsthi ngawulakaké mungsuhé kabèh." Sêsumbar ingkang makatên wau andadosakên tintriming galihipun sang raja Saul [152] sawadya bala Israil sadaya.

Kacariyos, kala samantên para sadhèrèkipun Dawud sami tumut wontên ing pabarisan. Nanging Dawud sampun mantuk dhatêng Bètlêkhèm, anglêstantunakên padamêlanipun lami angèn ménda. Tumuntên kautus ingkang rama anuwèni para sadhèrèkipun. Sarêng Dawud dumugi ing pabarisan, anglêrêsi wêdalipun agul-agul prajurit Pilistim wau taksih asêsumbar. Sarêng Dawud mirêng lajêng pitakên dhatêng tiyang Israil: "Wong Pilistim iku sapa? Déné têka wani anyênnyampahi pabarisaning Allah kang gêsang lan manèh yèn ana wong kang saguh anyirnakaké iku ginantungan ganjaran apa déning sang prabu?" Wangsulaniipun ingkang tinakênan: "Sang prabu dhasar sampun sayêmbara, sintên ingkang anyirnakakên prajurit punika amêsthi dipuntarimani putranipun sang prabu lan kadamêl sugih pisan." Dawud botên anggalih kabêgjan ingkang samantên wau, amung ingkang andadosakên prihatinipun, déné Banisrail botên wontên tiyang ingkang kumandêl ing Allah purun mèdali pêrang a-[153]mapagakên prajurit Pilistim punika. Dawud tumuntên kaaturakên dhatêng sang prabu yèn sêmunipun sagah anyirnakakên Goliat. Pangandikanipun sang prabu: "Kowé isih bocah, môngka Goliat iku prajurit cilik mula." Aturipun Dawud: "Nalika kawula angèn ménda sampun naté mêtjahi singa tuwin bruwang, Allah

ingkang ngluwari kawula saking singa lan bruwang, amêsthi ugi angluwari kawula saking tiyang Pilistim punika." Prabu Saul tumuntên amanganggèni Dawud agêmanipun piyambak, tuwin dipunanggèni topèng miwah kêré. Nanging Dawud angrucati prabot punika, awit rumaosipun malah angribêdi. Sanadyan pêdhang ugi botên ambêkta, panganggénipun kados laré angèn kémawon. Lajêng dhatêng lèpèn angupados séla gangsal ingkang kalimis, kalêbêtakên ing krêganipun. Sarwi anyangking têkên lan bandhil amarêpêki Goliat wau.

Sarêng Goliat sumêrêp bilih Dawud amapag pêrang lajêng wicantên: "Héh bocah angon, aku iki apa kopadhakaké asu? Déné olèhmu mapagaké yudaku mung[154] anggawa têkên baé, majua mréné! Dakpakakaké ing gagak." Wangsulipun Dawud: "Olèhmu mêttoni pêrang anggawa pêdhang, tumbak, lan tamèng, balik olèhku mêtthukaké kowé kalawan asmaning Pangéran, Allahé Banisrail kang kocampahi. Ing dina iki kowé wus kaulungaké déning Pangéran marang tanganku, supaya wong ing bumi kabèh padha sumurupa yèn Banisrail iku anduwèni Allah kang tanpa timbang." Goliat lajêng mangsah sarwi ambapang. Dawud énggal ambandhilakên séla, kénging bathukipun Goliat, lajêng dhawah krungkêb. Dawud nuntên anututi angrêbat pêdhangipun, katigasakên ing jangganipun. Sarêng makatên, sakathahing tiyang Pilistim lajêng sami giris têmah lumajêng, kabujêng déning Banisrail ngantos dumugi ing kithanipun, kitha Gad tuwin Ékron. Nalika punika putranipun sang prabu Saul ingkang nama Yonatan sakalangkung trêsnanipun dhatêng Dawud apindha sariranipun piyambak. Mila lajêng kaparingan agêmipun rasukan tuwin paningsêt, saha pêdhang lan gandhéwa. Sang prabu Saul botên anglilani yèn Dawud mantuka, tumuntên kaang-[155]kat dados lurahing prajuritipun. Botên antawis lami lajêng kapundhut mantu, kaangsalakên putranipun ingkang nama Mikhal.

### 37. Dawud Kinuya-Kuya

Sarèhning Dawud sampun unggul yudanipun kalayan Goliat, mila lajêng pinuji-puji ing tiyang kathah. Kacariyos mantukipun Banisrail saking ambujêng tiyang Pilistim kapêthukakên ing tiyang kathah saha sami asurak-surak. Punapadéné tiyang èstri sami angrêpi sauran, ungêlipun makatên: "Saul wus anggitik éwon, nanging Dawud malah anggitik lêksan." Ingkang makatên wau sarêng kapidhèng déning sang prabu lajêng runtik galihipun, pangandikanipun: "Yèn mêngkono Dawud iku bakal dadi ratu." Wiwit ing dintên punika raja Saul tansah murina dhatêng Dawud tèmahan angangkah pêjahipun.

Kacariyos ing satunggal dintên Dawud sawêg anyalêmpung wontên ngarsanipun sang prabu. Prabu Saul lajêng angot malih uru-aranipun.[156] Dawud katlorong ing waos nanging angéndhani, tumuntên lumajêng mantuk dhatêng dalêmipun. Sang prabu tumuntên utusan anyidra Dawud dhatêng dalêmipun, nanging Dawud kasukanan margi déning kang garwa medal ing jandhêla, tumuntên lolos angungsi dhatêng nabi Sêmuël ing Ramah. Sarêng Dawud sumêrêb<sup>[24]</sup> bilih tinututan déning sang prabu, lajêng wangsul dhatêng tanah Gibya, karsanipun badhé pirêmbagan kaliyan Yonatan. Wondéné Yonatan amurih lilih ing dukanipun ingkang rama, nanging sampun botên kénging. Malah dhawuhing sang prabu: "Dawud iku amêsthi pinatênan!" Sarêng makatên, Yonatan lajêng angrêmbagi dhatêng Dawud kapurih angungsia kémawon.

Dawud lajêng mangkat késah. Sarêng lampahipun dumugi ing nagari Nob pinanggih kaliyan pangulu imam ing ngriku anama Akimèlêh<sup>[25]</sup>. Lajêng kaparingan sangu roti lan pêdhangipun Goliat ingkang sinimpên wontên ing ngriku. Ingkang makatên wau sarêng kapidhèng déning sang prabu Saul lajêng dhawuh amêjahi Akimèlêh kaliyan golonganipun para imam kathahipun wolungdasa sakawan. Kajawi saking punika tiyang[157] sakitha Nob wau ugi sami kapêjahan. Déné ingkang sagêd angrêbat nyawanipun namung satunggal putranipun Akimèlêh anama Abyatar, punika lajêng angungsi dhatêng Dawud. Wondéné Dawud lajêng asingidan dhatêng parêdèn Yahuda. Wontên ing ngriku angsal bala kathahipun nêmatas. Kathah ingkang sami gagah prakosa lan wontên ugi tiyang sêpuh utawi tiyang èstri saha laré-laré kalêbêt kulawangsanipun Dawud sami tumut ngungsi awit ajrih dhatêng sang raja Saul.

Sadangunipun Dawud lolos, Yonatan taksih lêstantun anggènipun amêmitran. Makatên ugi Dawud inggih taksih tulus sêtya tuhunipun dhatêng sang prabu Saul, botên mawi asôngga runggi, botên supé yèn Saul punika ratunipun saha marasêpuhipun lan sudarmaning mitranipun.

Sêsampuning sang raja Saul amêjahi para imam wau, botên antawis lami tumuntên miyos angirid bala pêpilihan tigang èwu badhé anyêpêng Dawud wontên ing parêdèn Yahuda wau. Prabu Saul nuntên lumêbêt dhatêng satunggaling guwa badhé aso wontên ing ngriku,[158] môngka Dawud sabalanipun inggih umpêtan wontên ing guwa punika. Balanipun sami umatur dhatêng Dawud: "Lah ing mangké Pangéran angulungakên mêngsah dhatêng asta sampéyan." Wangsulaniipun Dawud: "Aku ora gélêm matèni marang Gustiku jêjêbadaning Allah." Dawud tumuntên umangsah alon dhatêng panggènanipun saré sang prabu, lajêng angiris poncoting jubahipun. Sarêng raja Saul mêdal, Dawud anguwuh-uwuh: "Dhuh gusti kula sang prabu, lah Pangéran sampun angulungakên sarira dalêm dhumatêng tangan kawula, nanging kawula botên kolu dhatêng panjênêngan dalêm. Dhuh rama, mugi panjênêngan dalêm priksani poncoting jubah dalêm wontên ing tangan kawula." Raja Saul tumuntên amuwun sarwi ngandika dhumatêng

Dawud: "Héh anakku, saiki aku wus sumurup mungguh sêtya tuhumu marang aku, dhasar aku dhéwé kang luput." Raja Saul kalingsêman lajêng kondur.

Botên antawis lami tumuntên miyosi malih, kacariyos ing wanci dalu Dawud lumêbêt ing pabaranipun sang prabu, lajêng mênthêt agêm waos agêmipun sang prabu sarta la-[159] ntingan pangunjukanipun ingkang sami wontên ing ulon-ulonipun. Sarêng sampun lajêng wangsul dhatêng ing panggènanipun. Dawud lajêng anguwuh-uwuh: "Héh Abnèr, Abnèr, sénapatiné sang prabu Saul." Abnèr lajêng anglilir sarta pitakèn: "Kowé iku sapa? Déné ambaribini sang prabu." Panguwuhipun Dawud: "Kowé iku lêlanangé Banisrail, sabab apa kowé ora bisa ngrêksa ratumu? Ana wong lumêbu arêp ambilahèni gustimu sang prabu, lah iki waosé lan lantingané dakjupuk saka ulon-uloné." Raja Saul tumuntên andangu: "Héh Dawud anakku, iku apa dudu swaramu?" Wangsulipun Dawud: "Inggih gusti, kula sang prabu, punika swara kawula, punapaa panjênêngan dalêm anguya-uya dhumatêng kawula? Kalêpatan kawula punapa? Déné ratu ing Israil têka miyosi ambêkta bala samantên. Ambêbujêng ayam wana ing rêdi." Pangandikanipun raja Saul: "Héh Dawud anakku, aku kang luput, kowé muliha! Aku ora ngalani kowé manèh." Nanging Dawud botên pitados dhatêng pangandikanipun sang prabu wau, lajêng anêdha tiyang sa-[160]tunggal, kapurih murugi waos lan lantingan wau. Dawud lajêng késah sabalanipun dhatêng tanah Pilistim. Kaparingan panggènan déning sang raja Akis<sup>[26]</sup>. Wontên ing kitha Siklag<sup>[27]</sup>. Sarêng sang prabu mirêng bilih Dawud angungsi dhatêng ratu ing Pilistim, lajêng botên karsa ambujêng malih.

24. sumêrêp\*

25. Akhimelekh #

26. Akhis #

27. Ziklag #

### 38. Sédanipun Raja Saul

Dawud sarêng sampun antawis satengah taun anggènipun wontên ing tanah Pilistim, para raja ing tanah Pilistim lajêng sami sabiyantu anglurug pêrang dhatêng tanah Israil. Nalika samantên, Dawud pakèwêd sangêt saha manggih kasusahan agêng. Makatên ugi sang prabu Saul dupi mirêng bilih badhé linurungan, sakalangkung kapita tuwin girisipun. Rumaos badhé botên kacongga ananggulang mêngsah, badhé nêdha pitêdah dhatêng nabi Sêmuèl. Nabi Sêmuèl sampun séda, punapadéné anêgês karsaning Allah. Pangéran sampun botên karsa mangsu-[161] li, kang môngka mêngsah sangsaya angangsêg. Wusana têngpuhing prang wontên ing rêdi Gilbuah<sup>[28]</sup>. Ing ngriku Banisrail kaplajêng, kathah kang sami pêjah. Yonatan tuwin sadhèrèkipun kêkalih ugi pêjah. Botên antawis dangu prabu Saul kinêpang ing mêngsah, saking sangêting bingungipun lajêng dhawuh dhumatêng abdi kaparak andikakakên nglarihi panjênenganipun. Nanging kaparak wau sangêt lênggana, wusana sang prabu Saul asuduk jiwa.

Sarêng antawis tigang dintên, wontên satunggaling tiyang dhatêng ing nagari Siklag. Angaturi uninga dhatêng Dawud mênggah kasoring yudanipun Banisrail, saha sédanipun raja Saul saputranipun têtiga. Dawud sakalangkung giyuh, akathah-kathah pangadhuhipun: "Dhuh Saul lan Yonatan sadulurku, iba-iba rêsep lan trêsnamu marang aku, kongsi angluwihi trêsnamu mawang<sup>[29]</sup> wanita."

Dawud sabalanipun tumuntên kondur dhatêng tanah kalairanipun, manggèn wontên ing kitha Khébron, rinatu déning para têdhakipun Yahuda. Wondéné Abnèr anjumênêngakên Isbosèt<sup>[30]</sup> putranipun raja Saul, angratoni Banisrail. Dado-[162]s Banisrail ratunipun kêkalih, ananging sarêng sampun antawis nêmb taun, Isbosèt sinédanan déning abdinipun piyambak. Prabu Dawud tumuntên kapilih angratoni Banisrail sadaya. Sarêng sampun jumênêng ratu ing Israil, lajêng pêrang mêngsah tiyang Yêbusi angrêbat nagari Yêrusalèm dalah kithanipun ingkang nama Sion. Sarêng sampun unggul yudanipun, kitha wau lajêng dipun-yasani karaton, winastan kithaning Dawud.

Sang prabu Dawud lajêng ambangun dalêm pasucian kapindhah wontên ing Siyon wau, dalah pêthining prajanjéan, anglangkungi raménipun. Punapadéné tumindakipun saréngat Musa inggih kakêncêngakên malih. Ing salajêngipun prabu Dawud taksih kêrêp pêrang agêng, angêlar jajahaning karatonipun. Wiwit saking sagantên agêng ngantos dumugi ing bènawi Frat lan wiwit saking Damésék<sup>[31]</sup> ngantos dumugi ing Mêsir. Sanadyan kêrêpa anggènipun pêrang, éwadéné harjaning wadya ing bawahipun angungkuli jamanipun para khakim. Wondéné pamêngkunipun dhatêng wadya anglangkungi adil aparamarta.[163]

Sarêng sampun radi têntrem, sang prabu lajêng ngandika dhatêng nabi Natan: "Lah kula sampun ngênggèni kadhaton kang éndah, kang môngka pêthining Pangéran punika taksih manggèn wontên salêbêting gubah kémawon." Nabi Natan lajêng matur dhatêng sang prabu: "Prakawis punika sarèhning sampéyan sampun kaidèn déning Pangéran, botên langkung kula nyumanggakakên." Kacariyos ing wanci dalu Pangéran adhawuh dhumatêng nabi Natan, pangandikanipun: "Sira dhawuhna marang Dawud! Pangandikaning-Sun mangkéné: 'Sira aja ngyasakaké padalêmaning-Sun! Sabab sira iku wus asring pêtêrangan lan amutahaké gêtih, malah kongsi sapréné durung têntrem babar pisan. Éwadéné bésuk yèn sira wus tumêka ing janji, anakira lanang kang bakal angyasakaké padalêmaning asmaning-Sun, déné dhamparing karatoné bakal Sunkukuhaké lêstari ing salawasé. Ingsun iki minôngka bapakné lan dhèwèké minôngka putraning-Sun. Apadéné turunira lêstari lan karatonira langgêng.'" Sêsampuning prabu Dawud

kaparingan prasêtyaning Allah ingkang kaêmbaran déning nabi Natan wau, prabu Dawud la-[164]jêng sowan ing arsaning Pangéran, sarwi umatur: "Dhuh Gusti Pangéran, sintên kawula? Déné angsal sih Tuwan ingkang samantên agêngipun, lêstantun dumugi sapriki. Éwa samantên taksih Tuwan wastani kirang, malah Tuwan mangandikakakên mênggah turunipun abdi Tuwan bab prakawis ing têmbé. Dhuh Gusti Allah, mugi Tuwan anêtêpana pangandika Tuwan wau sadaya, saha asma Tuwan mugi kaluhurna ing salami-laminipun."

- 28. Gilboa #
- 29. marang\*
- 30. Isyboset #
- 31. Damsyik #

### 39. Prabu Dawud Manggih Lêpat, lajêng Nalôngsa

Botên antawis lami wontên pêrang malih, mêngsah lan bôngsa Amon. Nanging sang prabu Dawud botên miyosi ing payudan. Namung pitados dhumatêng sénapati anama Yoab.

Kocapa sang prabu Dawud ing satunggal dintên ninis wontên payoning dalêm. Ing ngriku mirsa satunggaling wanita éndah ing warni anama Batsébah<sup>[32]</sup> sémahipun Oria<sup>[33]</sup>, pinuju adus. Déné Oria andhèrèk wontên ing payudan. Prabu Dawud sa-[165]kalangkung kasmaran dhatêng Batsébah wau, wusana lajêng paring sêrat dhatêng sénapati Yoab kinèn angloropakên Oria wontên salêbêting paprangan. Kalampahan Oria anêmahi pêjah. Sarêng sang prabu sampun mirêng pawartos, Batsébah lajêng kapundhut garwa pisan. Prakawis punika sakalangkung andadosakên dukaning Pangéran. Nabi Natan tumuntên kautus déning Pangéran. Aturipun dhatêng sang prabu: "Wontên tiyang kêkalih sami manggèn wontên nagari satunggal, ingkang satunggal sugih, satunggalipun botên gadhah. Ingkang sugih kathah rajakayanipun, déné ingkang botên gadhah namung darbé cêmpé satunggal tumut nêdha pulukipun lan ngombé ing cangkiripun, punapa malih tilêm ing pangkonipun. Kocapa tiyang sugih wau katamuan, ménda lan lêmipun owêl yèn kapragata. Dipunlampu amêndhêt cêmpénipun tiyang ingkang botên gadhah wau kadamêl nyêgah tamunipun." Panyananipun sang prabu mênggah dhatêngipun nabi Natan punika anyuwun adil, sang prabu sangêt duka, pangandikanipun: "Dêmi Allah, pun sugih punika amêsthi dipunpêjahi." Nabi Natan tumuntên umatur dhatêng sang[166] prabu: "Inggi sampéyan punika tiyangipun." Pangandikaning Allahipun Israil makatên: "Sira wus Ingsun jêbadi dadi ratu lan sira wus Sunluwari saka tangané Saul. Ya géné sira anglirwakaké pangandikaning-Sun? Agawé piala mêngkono iku? Déné sira wus amatèni Oria asrana pêdhangé wong Amon, lan bojoné sira alap. Mulané Ingsun bakal anêkakaké bilahi marang sira jalaran saka batihira dhéwé." Prabu Dawud lajêng rumaos ing kalêpatanipun sarta ngakèni dosanipun dhatêng Pangéran. Aturipun: "Dhuh Allah, mugi amêlasana kawula, mugi anglêbura dosa kawula, déné kawula ngakèni kalêpatan kawula, dosa kawula tansah katingal. Dhuh Allah, Tuwan anitahna manah rêsik ing lèbêt kawula sarta maringana roh énggal ingkang têtêp dhumatêng kawula." Nabi Natan lajêng sumambung: "Pangéran inggi ngapuntên dhumatêng sampéyan. Sampéyan badhé botên séda, nanging sarèhning sampéyan sampun asuka margi dhatêng mêngsahing Pangéran badhé angawon-awon. Amila putra sampéyan ingkang sawêg lair patuta-[167]n saking Batsébah punika badhé pêjah." Nabi Natan lajêng mundur. Sapêngkêripun nabi Natan, bêtayi lajêng sakit sangêt. Dawud tansah analôngsa sarwi muwun, anyênyuwun wilujêngipun bêtayi wau, ananging Pangéran botên amarêngi. Sarêng bêtayi sampun pêjah, Dawud lajêng mupus. Saksana suryan sarta gêngônda, tumuntên lumêbêt ing padalêmaning Allah saha andêdonga lan amêmuji sokur: "Héh nyawaku, angluhurna Pangéran, héh atiku angluhurna asmané kang suci, héh nyawaku angluhurna Pangéran lan aja lali kabêcikané kang marang kowé, angapura dosamu kabèh sarta amarasaké mêmalamu kabèh, angluwari uripmu saka ing karusakan sarta maringi sih piwêlas marang kowé. Wong urip iku kaya sukêt, mêkar kaya kêmbang, katiyup ing angin banjur ora ana, lan wong ora sumurup panggonané, nanging sih piwêlasing Pangéran tan pègat ing salawasé marang wong kang wêdi asmané. Apadéné adilé marang turuning wong kang anêtêpi prajanjéané sarta kang angèstokaké paréntahé."

Sang prabu lajêng anglêlipur dhumatêng Batsébah. Kacariyos,[168] Batsébah apatutan malih kakung kanamakakên Suléman, inggi punika ingkang jinulukan: Yadidyah<sup>[34]</sup>, têngesipun: kêkasihing Pangéran.

## 40. Prabu Dawud kaliyan Absalom

Kasusahaning sang prabu Dawud sangsaya kathah. Botên antawis lami putranipun ingkang nama Amnon angrêmêni sadhèrèkipun sanès ibu anama Tamar. Sarêng kapingrêng Absalom ingkang raka, lajêng ngupados margi badhé amêjahi Amnon. Sarêng sampun kalampahan, Absalom lajêng lolos ngantos gangsal taun sawêg klilan sowan ingkang rama. Sêsampuning angsal pangapuntên lajêng gadhah tékat<sup>[35]</sup> awon, sumêdya ngraman dhumatêng ingkang rama. Kacariyos, ing Israil botên wontên tiyang ingkang nyamèni Absalom bagusipun. Sakalangkung dados pangalêman. Wiwit saking talapak dumugi ing ngêmbun pisan botên wontên cacadipun.[169]

Kocapa Absalom asring nitih karéta kajajaran déning tiyang sèkêt. Sabên wungu ing wanci énjing lajêng jumênêng wontên sapinggiring margi ingkang anjog dhatêng sakèthènging nagari. Wondéné sakathahing tiyang ingkang sami gadhah prakawis badhé sowan dhatêng sang prabu anyuwun adil. Punika sami tinimbalan déning Absalom, sarta dinangu: "Kowé iku wong ngêndi? Prakaramu apa?" Sarêng tiyang punika sampun matur, Absalom lajêng amangandikani: "Prakaramu iku pancèn bènêr, nanging ora ana kang bakal nganggêp aturmu iku ana pangadilanê sang prabu, yèn ta akua kang nyêkêl pangadilan, amêsthi sapa kang bènêr dakmênangaké." Wondéné manawi wontên tiyang amrêpêki badhé sumungkêm, Absalom énggal anampêl saha anyandhak tumuntên ingaras. Lah makatên punika Absalom anggènipun mênindhêt manahipun Banisrail sadaya.

Botên antawis lami, Absalom késah dhatêng nagari Khébron ambêkta bala kalih atus. Sadumuginipun ing Khébron, lajêng anyêbar utusan kinèn amangsiti Bani-[170]srail sadaya. Ing samôngsa mirêng suwaraning salomprèt awurahan, lajêng sami alok-aloka makatên: "Absalom wus dadi ratu." Botên antawis lami Absalom kalampahan baléla saha kathah tiyang ingkang sami ambaluhi. Sarêng sang prabu kaaturan pirsâ mênggah pangramanipun Absalom, lajêng kasok galhipun. Pangandikanipun: "Ayo padha lumayu! Sabab aku kasompokên ana ing kéné, ora ana pangungsênku."

Sang prabu tumuntên anilar kitha ing Yêrusalèm, nyabrang ing lèpèn Kidron, nuntên minggah ing rêdi Jaitun Zaitun # tanpa tarumpah sarwi muwun. Déné ingkang sami andhèrèk, sadaya béla nangis. Saèstu kala samantên sang prabu anglangkungi sangsaranipun. Malah sarêng dumugi ing margi wontên satunggaling kulawangsanipun Saul anama Simi<sup>[36]</sup>. Punika ambalangi sêla lan anguman-uman dhatêng sang prabu. Ing ngriku wontên abdi satunggal anama Abisai, kédah amêjahi dhumatêng Simi wau, nanging kacêgah déning sang prabu, pangandikanipun: "Karêbèn ta, wus mêngkono karsaning Pangéran." Sang prabu lajêng malêbêt ing kitha Mahanaim.[171]

Kocapa Absalom ambêdhah ing kitha Yêrusalèm, lajêng angêbroki kadhaton. Botên antawis dangu amêpak bala, lajêng ambujêng ingkang rama, kapêthukakên déning balanipun sang prabu. Wondéné sabidhalipun, dipunwêling déning sang prabu: "Botên parêng yèn Absalom kasiya-siyaa!" Sarêng tênguhing prang wontên ing wana Éfraim, bala kraman sami kasoran, têngahan Absalom lumajêng sarwi anitih kuldi. Dumadakan sirahipun kacêpit ing kêkajêngan, saha rikmanipun anggubêd ing pang, kuldi taksih lajêng pambandhangipun. Wusana Absalom kanton gumantung wontên ing pang wau. Tumuntên wontên satunggaling prajurit aningali dhatêng Absalom manggih sangsara wau, lajêng ngaturi uninga dhatêng sénapati Yoab. Pangandikanipun Yoab: "Ya géné ora korampung pisan?" Wangsulaning prajurit wau: "Sanadyan kula kaparingana uwang salaka sèwu, kula môngsa puruna amêjahi putranipun sang prabu, sabab kula



sampun mirêng pangandikaning sang prabu, botên parêng yèn Absalom wau kasiya-siyaa." Pangandikanipun Yoab: "Yèn aku ora mêngkono, apa kang takanti ma-[172]nèh. Saksana lajêng mênèdhêt waos têtiga, amurugi dhatêng panggènaning Absalom, pinanggih taksih gêsang, lajêng kaprajaya pulung manahipun, wusana Absalom kapisanan."

Dupi sang prabu sarêng mirêng yèn ingkang putra séda, sakalangkung kasêngkêlan ing galih, angadhuh-adhuh: "Dhuh anakku Absalom, dhuh anakku, anakku Absalom, angur aku baé matia, dhuh Absalom anakku, anakku." Botên antawis dangu sang prabu lajêng kondur dhatêng Yêrusalèm, ananging konduripun wau Banisrail ingkang rumêp<sup>[37]</sup> namung têdhak Yahuda, amargi sang prabu kapéngin pinêthuk déning têdhak Yahuda wau. Lah punika andadosakên kamèrèning Banisrail sanès-sanèsipun.

35. tékad\*

36. Simei #

37. rumêsêp\*

## 41. Wêkasaning Panjênênganipun Prabu Dawud

Sakonduripun sang prabu Dawud, Banisrail dèrèng sagêd tèntrêm amargi wontên kraman malih. Pangagêngipun anama Séba kalêbêt têdhak Bun Yamin, dipunbaluhi déning Banisrail ingkang sami kamèrèn wau.[173] Botên antawis dangu kalurugan déning Yoab, tèmahan sami kawon. Séba malah dipunpêjahi déning balanipun piyambak.

Tumuntên wontên putraning sang prabu Dawud anama Adonia<sup>[38]</sup> ugi baléla. Angangguh dados ratu, anggêntosi ingkang rama. Ananging sang prabu énggal anyandèkakên kaniyatanipun Adonia wau, lajêng angadègakên putranipun ingkang ênèm anama Suléman kaangkat dados prabu anèm, kajêbada saha kaèstrènan déning tiyang kathah. Dhasar rumiyin mila Suléman punika ginadhang déning kang rama, saha kaidènan déning Allah badhé anggêntosi jumênêng ratu.

Kacariyos ing satunggal dintên sang prabu Dawud kénging godha, kédah nacahakên sakathahing Banisrail. Sanadyan sénapati ingkang kautus anama Yoab punika anyulayani, éwadéné saking kêncênging karsanipun prabu Dawud inggih kalêksanan.

Sarêng sampun antawis sangang wulan langkung, Yoab mantuk saking ang-[174]gènipun nacahakên Banisrail wau. Pinanggih cacahipun tiyang Israil sanèsipun têdhak Yahuda, wolung kêthi sami tiyang prakosa, wondéné ingkang têdhak Yahuda gangsal kêthi. Sarêng sampun katur dhatêng sang prabu, sanalika galhipun lajêng tab-taban, rumaos sangêt kalêpatanipun. Analôngsa dhatêng Pangéran. Allah tumuntên ngutus nabi Gad kinèn andhawuhana dhatêng prabu Dawud makatên: "Ana têlung prakara minôngka paukumanira. Kang sapisan larang pangan lawasé têlung taun. Kapindhoné kaburu ing mungsuh lawasé têlung sasi, katêluné pagêblug ing tanah lawasé têlung dina. Iku sira pilih salah siji kang bakal Suntêkakaké!" Sarêng pangandikaning Allah wau sampun kadhawuhakên, wangsulanipun prabu Dawud dhatêng nabi Gad: "Sangêt ribêd kula, luhung kula kasiksaa déning Allah piyambak, sabab kathah sih piwêlasipun. Sampun ngantos kasiksa samining tiyang." Pangéran tumuntên dhatêngakên pagêblug. Tiyang ingkang pêjah pitung lègsa<sup>[39]</sup>. Sarêng pagêblug badhé dumugi ing Yêrusalèm, Pangéran lajêng lumuntur wêlasipun. Malaékat ingkang ambêkta pagêblug, kadhawahan kèndêl.[175] Sang prabu Dawud aningali malaékat jumênêng wontên ing rêdi Siyon, cêlak lan panutoning Aruna tiyang Yêbusi. Sang prabu nuntên ayasa pakurbanan wontên ing ngriku, sarta anyaosakên kurban panuwun dhatêng Pangéran. Wêwêlak lajêng sirêp.

Sêsampuning makatên, sang prabu angadègakên lurahing Banisrail. Tiyang nèm èwu pêpilihan saking tiyang Lèwi, sakantunipun tiyang Lèwi pinatah anggarap padamêlan wontên ing masjid, pinara kawan likur nyèwu-nyèwu. Punapadéné tiyang ngrêrêpi lan niyaga kawan èwu, pinara kawan likur. Déné ingkang nglurahi punika Asaf, Yêdutun, lan Héman.

Sarêng sang prabu angraos bilih sampun angajêngakên dumugi ing janji, lajêng animbali sakathahing para pangagêng andikakakên sowan wontên ngarsanipun. Sang prabu siniwaka kaliyan Suléman putranipun. Sarêng sampun sami pêpak wontên ing arsanipun sang prabu tuwin ingkang putra, prabu Dawud lajêng amasrahakên karatonipun dhatêng Suléman sarta amêmêling andikakakên yasa Bétal Mukadas. Suléman kaparingan pola sarta raja brana ê-[176]mas lan salaka, tênggah lan wêsi kathah ingkang sampun tinandho, punapadéné bèkakakas êmas lan slaka kathah ingkang sampun dados, sarta kajêng lan séla cêndhani kathah. Suléman lajêng dipundhawuhi kinèn tumêmên saha mantêp anggènipun angèstokakên paréntahing Pangéran.

Sang prabu Dawud angandika dhumatêng ingkang putra: "Kowé dirosa lan dipanggah, sarta anglakonana sakèhé paréntahing Pangéran. Kowé aja wêdi lan aja maras! Sabab Gusti Allah: Allahku anjangkung ing kowé, mêsthi ora anilar kowé."

Sang prabu Dawud lajêng amujèkakên kathah-kathah dhatêng Suléman. Saha lajêng angajak tiyang sapasamuan angluhurakên asmaning Pangéran, ngiras damêl bujana pisan. Botên antawis lami sang prabu Dawud lajêng séda, kasarékakên wontên ing kitha Yêrusalèm. Wondéné anggènipun mêngku kaprabon laminipun kawandasa taun.[177]

38. Adhonia #

39. lêksa\*

## 42. Kaprabonipun Raja Suléman

Sasédaning sang prabu Dawud, Suléman anggêntosi jumênêng ratu wontên ing tanah Israil, sakalangkung trêsnanipun dhatêng Pangéran, anêtêpi pranatanipun sawargi ingkang rama.

Ing satunggal dintên, sang prabu tindak dhatêng kitha Gibyon, karsanipun badhé kurban wontên ngriku. Sarêng sampun dumugi ing Gibyon, lajêng dipunkatingali déning Pangéran wontên salêbêting supênan ing wanci dalu. Pangandikaning Allah: "Sira nyênyuwuna, amêsthi Sunparingi!" Aturipun sang prabu Suléman: "Kawula punika taksih laré, môngka kawula angrêh Banisrail samantên kathahipun. Kawula mugi kaparingana kawicaksanan saha manah ingkang jujur, sagêda mêngku umat Tuwan Banisrail. Saha sagêda bèntênakên awon kaliyan saé." Pangéran lajêng ngandika: "Sarêhning mêngkono panyuwunira, ora anyuwun umur dawa, utawa kasugihan, miwah unggul marang mungsuhira, lah Ingsun amarêngi panyuwunira, kajaba saka iku Ingsun iya amaringi kasugihan lan kamuktèn, angungkuli para ratu ing jamanira kabèh. Déné yèn si-[178]ra anêtêpi paréntahing-Sun, kaya bapakira, amêsthi Sundawakaké umurira."

Botên antawis lami sang prabu Suléman anglampahakên utusan dhatêng sang raja Khiram ing nagari Tirus, mitranipun sawargi ingkang rama. Aminta pasumbang warni kajêng èrês tuwin borês badhé kanggé yasa Bétal Mukadas. Ingkang makatên punika sakalangkung andadosakên dhanganipun sang raja Khiram, mila lajêng dhawuh dhumatêng para abdinipun undhagi, sami kinèn ambiyantu panêgoripun kajêng wau wontên ing rêdi Libanon saha natahi pisan.

Wondéné sang prabu Suléman anggènipun yasa Bétal Mukadas wontên ing rêdi Muriah<sup>[40]</sup> laminipun ngantos pitung taun. Sarêng sampun dados, sang prabu lajêng angêmpalakên sawarnining lurah békêlipun Banisrail panuju dintên agêng ingkang winastan: tancêbing tarub. Sami dipunajak suka-suka anganyari Bétal Mukadas wau. Ing nalika punika para imam sami anjunjung pêthining prajanjéan kalêbêtakên dhatêng[179] Bétal Mukadas, kaprênahakên wontên sucining asuci. Wondéné sawêdalipun, lajêng wontên mega angèbêki ing Bétal Mukadas. Lah punika anyasmitani kamulyaning Pangéran. Sang prabu lajêng amêmujujêkakên ing tiyang sapasamuan saha andêdonga: "Dhuh Pangéran Allahing Israil, lah Swarga utawi Swarganing Swarga botên kuwawi Tuwan ênggèni, langkung malih padalêman yasan kawula punika, éwadéné Tuwan mugi anêmbadanana panyuwun kawula ing dintên punika, tingal Tuwan mugi anyawanga dhumatêng padalêman punika rintên dalu, saha Tuwan angidinana Banisrail sadaya tuwin tiyang ngamônca ingkang sami marêk ing arsa Tuwan wontên salêbêting Bétal Mukadas punika."

Sang prabu tuwin Banisrail sadaya lajêng sami nyaosakên kurban dhatêng Pangéran. Wondéné kurbanipun sang prabu piyambak awarni lêmbu kalih lêksa kalih èwu tuwin ménda sakêthi kalih lêksa. Mênggah anggènipun sami suka-suka ngantos kawan wêlas dintên. Sang prabu lajêng andhawahi bibaran. Tumutên sami umantuk asowang-sowang kalayan suka bingah, sami sa-[180]kéca manahipun. Awit saking kasaénaning Pangéran dhumatêng Dawud kawulanipun lan dhumatêng Banisrail umatipun.

Sang prabu Suléman misuwur ing kawicaksanan sarta kasugihan lan kamuktènipun, botên wontên ratu ingkang nyamèni. Baitanipun lumampah ing sagantên Suf dhatêng tanah Indi, wontên ingkang dhatêng tanah Tarsis, sami ambêkta raja brana lan sêsotya tuwin gadhing lan kajêng arêng saking tanah Aprikah. Anggitanipun saloka ngantos sapriki kanggé mêmulang

dhumatêng tiyang bodho tuwin tiyang sagêd. Salaminipun sang prabu Suléman jumênêng ratu, Banisrail sami têntrem ayêm, punapadéné nagarinipun sakalangkung gêmah harja.

Para ratu ing ngamônca wontên ingkang sami dhatêng ing nagari Yêrusalèm badhé anêksèni mênggah kawicaksananipun, saha sami angsal-angsal dhatêng sang prabu.

Kacariyos sang pramèswari ing Sêba<sup>[41]</sup>, bawah Ngarab, sarêng sampun mirsa kamulyan saha kawicaksananipun sang prabu, lajêng wicantên: "Kula wontên nagari kula piyambak mirêng pawar-[181]tos ing atasipun kaluwihan sampéyan dèrèng pitados. Ing mangké kula sampun sumêrêp piyambak mênggah kayêktosanipun, pangraos kula malah langkung saking tikêl katimbang kaliyan pawartos wau."

Sanadyan kawicaksananipun sang prabu Suléman sampun misuwur, éwadéné inggih taksih kénging dosa anêrak prajanjéaning Allah kaliyan Banisrail. Garwanipun pintên-pintên atus, para putri ing Kênangan, ing Sidon, ing Sur, ing Mêsir, lan ing tanah sanèsipun, sami ambêkta brahalanipun dhatêng Yêrusalèm. Sarta anggléwangakên galihipun sang prabu Suléman, têmah anêmbah brahala. Milanipun kénging bêtênduning Pangéran sarta kadhawuhan, bénjing sapêngkêripun badhé kagêmpal karatonipun.

40.     Moria #

41.     Syeba #

### 43. Gêmpaling Karaton

Sang prabu Suléman anggènipun jumênêng ratu laminipun kawandasa<sup>[182]</sup> taun. Déné sasédanipun, Banisrail sami kêkêmpalan wontên ing nagari Sikhèm badhé anjumênêngakên putranipun ingkang nama Rêkhabam<sup>[42]</sup>. Sarêng Banisrail sampun pêpak, lajêng sami matur dhatêng Rêkhabam: "Rama jêngandika sawargi angawratakên pêpikulan kawula. Panyuwun kawula, ing samangké panjênêngan dalêm mugèng angènthèngna, kawula inggih lêstantuna dados abdi dalêm." Wondéné para pinisêpuh sami angrujuki ing panyuwunipun Banisrail wau, ananging para priyantun nènèman sami botên kadugi. Wusana Rêkhabam amiturut rêmbagipun para nènèman wau, lajêng andhawuhakên bilih panyuwunipun wau botên kasêmbadan, malah ing atasipun sêsanggèning tiyang alit sadaya badhé kadamêl langkung awrat. Déné sêdyanipun Rêkhabam makatên wau badhé anggêgiro Banisrail. Ananging malah sami gambira. Kadadosanipun Banisrail sanèsing tédhak Yahuda lan Bun Yamin sami amilih ratu piyambak. Wondéné ingkang kaangkat dados ratu, sénapati Yarobam<sup>[43]</sup>. [183]

Wondéné Rêkhabam sarêng mirêng badhé anginggahi pêrang dhatêng tiyang Israil, nanging Allah angutus nabi satunggal andhawuhakên dhatêng sang prabu lan dhumatêng Banisrail sadaya, pangandikaning Pangéran makatên: "Sira aja pêrang lawan padha kadangira Banisrail! Padha muliha! Sabab prakara iku dhasar wus karsaning-Sun." Wusana tumutên sami mantuk, angèstokakên pangandikaning Pangéran. Awit nalika samantên, ing tanah Israil wontên karaton kêkalih. Ingkang satunggal kasêbut karaton Yahuda, kithanipun ing Yêrusalèm, ingkang jumênêng ratu anama Rêkhabam. Satunggalipun kasêbut karaton Israil, kala samantên kithanipun wontên ing Sikhèm, botên antawis lami ngalih dhatêng Tirsa<sup>[44]</sup>, wusana ngalih malih dhatêng Samaria.

Sarêng Yarobam sampun jumênêng ratu ing Israil, lajêng botên mantêp pangabêktinipun dhatêng Pangéran. Wondéné ingkang dados jalaranipun makatên, sang prabu kagungan sumêlang bilih kawulanipun sami kalilan minggah sêmbahyang dhatêng Bétal Muka-[184]das, botên wandé ing tênggah sami ambalik dhatêng tédhaking Dawud. Mila sang prabu lajêng yasa sêsêmbahan piyambak awarni pêdhèt êmas kêkalih. Ingkang satunggal kaprênahakên wontên ing watês lèr, satunggalipun kaprênahakên wontên watês kidul. Sarta lajêng dhawah, sawarnining tiyang kinèn anyêmbah dhatêng pêdhèt êmas wau, botên kalilan minggah dhatêng Bétal Mukadas. Sang prabu lajêng kaêngêtakên déning Allah, éwa samantên botên purun tobat. Mila lajêng kénging bêtênduning Pangéran. Ngantos karaton Israil namung tumurun dhumatêng putranipun kémawon. Ing salajêngipun botên lêstantun dhatêng tédhakingipun.

42. Rehabeam #

43. Yerobeam #

44. Tirza #

## 44. Nabi Élia

Sami-sami ratu ing Israil, ingkang murang sarak piyambak sang raja Akhab. Garwanipun putri ing Sidon anama Isêbèl<sup>[45]</sup>. Punika ayasa candhi wontên ing nagari Samaria minôngka kabuyutaning Baal tuwin Astarot<sup>[46]</sup>, sami braha-[185]lanipun tiyang Sidon. Saha angingah imaming Baal wau kawan atus sèkêt tuwin imaming Astarot kawan atus. Déné tiyang kang sami nêmbah Allahipun Israil sami kinuya-kuya sarta nabining Allah sami dipunpêjahi.

Kocapa ing satunggal dintên nabi Élia sowan dhatêng sang prabu Akhab. Aturipun: "Dêmi Pangéran Allahipun Israil ingkang kula sungkêmi, ing taun punika ing salajêngipun badhé botên wontên êbun utawi jawah kajawi saking panyuwun kawula." Kalampahan ing tanah Israil botên jawah-jawah, têmahan awis tédha. Wondéné nabi Élia kadhawuhan déning Allah andhêlika wontên ing lèpèn Kêrit, inggih punika ingkang kaunjuk toyanipun. Mênggah dhaharipun saking parmaning Pangéran. Ing sabên dintênipun dipunkintun roti tuwin ulam déning pêksi dhandhang. Sarêng lèpèn wau sampun asat, nabi Élia lajêng kadhawuhan déning Pangéran késaha dhatêng nagari Sarfat, amargi ing ngriku wontên satunggaling rôndha ingkang sampun kadhawuhan nyanggi dhaharipun. Sarêng nabi Élia dumugi sa-[186]kèthènging nagari, lah ing ngriku wontên satunggaling rôndha sawêg ripik kajêng punika lajêng dipuntêmbungi toya tuwin roti. Wangsulani: "Mugi sampun andadosakên panggali sampéyan. Dêmi Allah, gadhahan kula namung galêpung sagêgêm wontên ing cuwo, tuwin lisah sakêdhik wontên ing gêndul, jaginipun tédha kula lan anak kula namung kanggé sagêpyakan. Déné yèn sampun têlas, tamtu kula pêjah kalirên. Lah kados pundi anggèn kula sagêd nyaosi dhatêng sampéyan?" Pangandikanipun nabi Élia: "Kowé aja kuwatir! Muliha! Aku olèhna roti! Sawusé mêngkono kowé olèha sabutuhmu dhéwé, sabab pangandikaning Pangéran Allahé Israil mangkéné: ?Galêpung kang ana ing cuwo bakal ora èntèk-èntèk sarta lènga ing gêndul bakal ora kalong-kalong, kongsi tumêka tibaning udan." Saksana bok rôndha wau lajêng anglampahi punapa sapitêdahipun nabi Élia wau. Ing salajêngipun, nabi Élia mondhak wontên ing griyanipu-[187]n bok rôndha wau sarta anunggil nêdha laminipun ngantos sataun. Inggih kayêktosan, galêpung ing cuwo botên têlas-têlas, punapadéné lisah ing gêndul botên kalong-kalong.

Sarêng sampun antawis dintên anakipun bok rôndha wau sakit dados lan pêjahipun. Saking sangêting susahipun bok rôndha lajêng matur dhatêng nabi Élia: "Dhuh tiyanging Allah, punapa dhatêng sampéyan punika anjalari pêjahipun anak kula, minôngka paukumaning dosa kula?" Nabi Élia tanpa mangsuli lajêng anyandhak jisim wau, kabêkta dhatêng pamondhokanipun lajêng dipunrungkêbi rambah kaping tiga, sarta sangêt panyuwunipun maring Allah supados laré punika kagêsangna malih. Pangéran inggih anjurungi panyuwunipun nabi Élia. Sanalika jisim wau gêsang. Sarêng dipunwangsulakên dhatêng biyungipun, bok rôndha wau lajêng anêksèni bilih nabi Élia punika saèstu tiyanging Allah sarta ngêmban timbalaning Allah.[188]

Ing tanah Israil sêsampuning kakêndhatan jawah laminipun kawan têngah taun, Pangéran angandika dhumatêng nabi Élia: "Ing samêngko sira ngatona marang Akhab! Sabab Ingsun bakal anibakaké udan manèh." Sadhatêngipun nabi Élia, sang raja Akhab lajêng ngandika: "Lo kowé, wong ambilaèni Banisrail." Wangsulani nabi Élia: "Déné kula ingkang andhatêngakên bilahi, saèstunipun sampéyan piyambak lan sakulawôngsa sampéyan, anggèn sampéyan nilar paréntahing Pangéran saha manut ing brahala punika ingkang dados jalaranipun." Awit saking panyuwunipun nabi Élia, sang prabu tumuntên angêmpalakên sakathahing Banisrail wontên ing rêdi Karmêl, sarêng kaliyan para imaming Baal tuwin Astarot. Sarêng sampun ngalêmpak, nabi Élia tumuntên ngandika dhumatêng gêgolongan punika: "Bésuk kapan olèhmu padha marèni

amaro tingal? Yèn Pangéran iku Allah, padha nutên! Déné yèn Baal iku allah iya padha nutên!"[189] Tiyang gégolongan botên mangsuli punapa-punapa. Nabi Élia tumuntên ngandika malih: "Ènggonku dadi nabi iki ijèn baé, môngka imaming Baal wong patang atus sèkèt. Kowé padha nêkakna sapi loro! Kang siji para imam iku padha anyèlèhna ing kayu, sijiné aku kang numpangaké ing kayu, nanging aja ana nyêpakaké gêni, tumuli kowé padha nyêbuta jênêngé déwamu, aku iya anyêbut asmaning Pangéran Allahku. Déné êndi kang mangsuli kalawan gêni, iku Allah kang sajati." Tiyang gégolongan lajêng sami saur pêksi. Para imaming Baal tumuntên sami murak lêmipun, lajêng sinèlèhakên ing pakurbananipun. Tumuntên sami angidêri pakurbanan wiwit énjing dumugi wanci luhur saha sami anguwuh-uwuh: "Dhuh Baal, amangsulana kawula." Nanging botên wontên suwara utawi wangsulan. Saksana nabi Élia amoyoki para imam punika, pangandikanipun: "Panguwuhmu kurang sêru. Bok manawa déwamu lagi éwuh, apa manèh lagi pêpara, u-[190]tawa lagi turu." Tumuntên sangsaya asru panguwuhipun, sami anyublêsi awakipun mawi lading nanging mêksa botên wontên suwara utawi wangsulan. Sarêng dumugi ing wanci sontên, nabi Élia ayasa pakurbanan kinubêng ing kalèn. Déné kajêng tuwin kurbanipun obaran sami dipun-grujugi ing toya. Nabi Élia tumuntên anyênyuwun: "Dhuh Allahipun Ibrahim, Iskhak kaliyan Yakub, ing dintên punika Tuwan mugè anguningakna yèn Tuwan punika Allahipun Banisrail, saha kawula punika abdi Tuwan." Sanalika lajêng wontên gèlap latu amôngsa kurban. Toya ingkang wontên ing kalèn ngantos asat dinilat ing latu. Ing ngriku tiyang gégolongan tumuntên sami sumungkêm saha sami asurak: "Pangéran iku Allah, Pangéran iku Allah." Wondéné dhawuhipun nabi Élia: "Para imaming Baal aja ana kang mrucut, padha dicêkêlana lan dipatênana!" Nabi Élia tumuntên anyênyuwun rambah kaping pitu: "Allah mugè amaringana jawah." Réncangipun nabi[191] Élia kinèn angawasakên prênahing sagantên. Sêsampuning andêdonga rambah kaping pitu, réncangipun lajêng umatur: "Kula ningali mênthung alit mumbul saking sagantên agêngipun saèpèk-èpèking tiyang." Nabi Élia tumuntên kèngkènan umatur dhumatêng raja Akhab: "Sampéyan ngrakitana karéta! Sampun ngantos kabêthêngên ing jawah." Saksana mênthung andhêdhêt saha lajêng jawah dèrês.

Sarêng sang pramèswari Isèbèl mirêng pawartos bilih para imaming Baal sampun sami dipunpêjahi déning nabi Élia, sakalangkung ing dukanipun, kédah malês ukum pêjah dhatêng nabi Élia. Wondéné nabi Élia lajêng ngungsi tèbih. Wontên ing margi kèndêl sangandhaping kêkajêngan. Saking sêngkêling galih lajêng nyênyuwun dhatêng Pangéran, mugè kapundhuta ing sanalika punika. Botên antawis dangu lajêng saré, tumuntên kagugah déning malaékat kinèn wungu sarta dhahar. Sarêng nglilir lajêng manggih roti lan toya cumawis wontên ngajêngipun. Nabi Élia nuntên dhahar sarta ngunjuk.[192] Wondéné saking sawabing roti tuwin toya wau lajêng kuwawi andumugèkakên lampahipun ngantos kawandasa dintên kawandasa dalu. Sarêng dumugi ing rêdi Korêb<sup>[47]</sup> lajêng andhêlik wontên ing guwa, nuntên dipunpangandikani déning Pangéran: "Lah apa karyanira ana ing kono?" Wangsulani nabi Élia: "Dhuh Pangéran, kawula sampun angêkahi Pangéran Allahipun langit lan bumi. Sanadyan Banisrail sampun sami anilar prajanjéan Tuwan sarta amêjahi nabi Tuwan sadaya, ing mangké namung kanton kawula piyambak. Sêdyanipun, kawula badhé dipunpêjahi pisan." Pangéran lajêng angandika: "Sira mêtua! Ingsun bakal langkung ing ngarêpanira." Tumuntên wontên angin ribut, lindhu tuwin thathit lan galudhug, ananging Pangéran botên wontên ing ngriku. Sêsampunipun lajêng wontên samirana sumilir, ing ngriku nabi Élia rumaos wontên pangayunaning Allah. Lajêng kadhawuhan pangandikaning Pangéran: "Ingsun angisihaké Banisrail wong pitung èwu kang padha ora mèlu nêmbah brahala." Nabi Élia lajêng kadhawuhan mantuk, ki-[193]nèn anjêbadi Éliisa sakabatipun. Ing tèmbe sapêngkêripun anggêntosana dados nabi.



Wondéné sang raja Akhab botên antawis lami kénging kukuming Allah, séda ing paprangan jalaran kénging jêmparing ing mêngsah. Mênggah ingkang gëntosi dados ratu putranipun anama Akhas<sup>[48]</sup>. Punika inggih sangêt pamurangsarakipun. Kacariyos ing satunggal dintên sang prabu gêrah lajêng utusan anêgês dhatêng Baal Sêbub déwanipun tiyang Pilistim. Kados pundi mênggah gêrahipun wau, punapa waluya punapa botên. Kocapa utusan wau wontên ing margi kapêthukakên déning nabi Élia, lajêng dipunpangandikani: "Ing Israil apa ora ana Allah? Déné kowé têka arêp nêgês marang déwané wong Pilistim. Mulané pangandikaning Pangéran mangkéné: 'Amêsthi Akhas ênggoné lara iku anjalari patiné.'" Utusan wau lajêng wangsul sarta umatur: "Wontên ing margi kawula kapêthuk ing tiyang, panganggénipun wacucal, wicantênipun: 'Kowé matura marang sang pra-[194]bu, amêsthi sampéyan badhé séda.'" Sang prabu lajêng anamtokakên bilih punika nabi Élia. Mila lajêng utusan têtindhahi saprajuritipun sèkêt, andikakakên nyêpêng nabi Élia kalayan bêbandan. Déné wicantênipun têtindhahi dhatêng nabi Élia: "Héh wonging Allah, paréntahku marang kowé trang saka sang prabu, kowé mudhuna!" Wangsulipun nabi Élia: "Yèn aku wonging Allah, anaa gêni tumurun saka ing langit amôngsaa kowé saprajuritmu sèkêt!" Sanalika kalampahan makatên. Sang prabu nuntên utusan malih têtindhahi sanèsipun. Môngka têtindhahi punika saprajuritipun sèkêt, inggih kamôngsa ing latu saking langit malih. Déné dhatêngipun utusan ingkang kaping tiga, utusan wau lajêng sumungkêm sarwi matur: "Dhuh tiyanging Allah, sampéyan mugè mêngsana nyawa kula sakônca kula tiyang sèkêt punika." Nabi Élia lajêng tumurun, tumut sowan dhatêng sang prabu, aturipun: "Pangandikaning Pangéran makatên: Sarèhning sira kongkonan nêgês marang Baal Sêbub déwané wong Pilistim, prasasat ing Israil ora ana Allah kang kêna[195] ditêgês. Mulané sira ora mudhun manèh saka ing paturonira, amêsthi nêmahé mati." Lah makatên punika sédanipun raja Akhas, botên atilar putra.

45. Izebel #
46. Asyera #
47. Khorêb\*
48. Ahazia #

## 45. Nabi Élisha

Kala nabi Élia anjêbadi Élisha badhé anggêntosi dados nabi, sampun sumêrêb<sup>[49]</sup> bilih sampun andungkap pinundhut déning Allah. Ing satunggal dintên Élisha andhèrèkakên nabi Élia. Sarêng lampahipun dumugi ing bènawi Yardèn, nabi lia tumuntên angrucat jubahipun, lajêng winaru kadamêl anggitik toya. Sanalika toyaning bènawi Yardèn piyak asisih-sisihan. Sakaliyanipun tumuntên lumampah asatan. Sarêng sampun dumugi ing sabrang, lajêng sami andumugèkakên lampahipun. Wontên ing margi sami agêginêman. Ing ngriku nabi Élia lajêng kabêkta ing Iésus, mumbul dhatêng Swarga sarwi numpak rata murub, kapalipun ugi murub. Saksana Élisha lajêng katurunan roh tuwin kasêktè-[196]nipun nabi Élia.

Nabi Élisha lajêng tindak dhatêng nagari Bêt El<sup>[50]</sup>, inggih punika panggènanipun tiyang nêmbah pêdhèt êmas yasanipun sawargi sang prabu Yarobam. Ing ngriku wontên laré kathah andhugal sami amoyoki nabi Élisha. Wicantênipun: "Héh gundhul, sumingkira! Héh gundhul, sumingkira!" Nabi Élisha lajêng ngêsotakên laré punika anganggé asmaning Pangéran. Sanalika lajêng wontên bruwang kêkalih medal saking wana, nuntên anyêmpal-nyêmpal laré kawandasa kalih.

Botên antawis lami lajêng wontên randhaning nabi satunggal asêsambat dhatêng nabi Élisha, aturipun: "Laki kula sampun pêjah atilar sambutan. Ing samangké ingkang nyambutakên dhatêng, badhé amêndhêt anak kula kêkalih kadamêl réncang." Pangandikanipun nabi Élisha: "Kowé duwé apa ing omahmu?" Aturipun bok rôndha: "Abdi sampéyan namung gadhah lisah saguci." Pangandikanipun nabi Élisha: "Kowé golèka wadhah kothong kang akèh, banjur lumêbua ing omah saanakmu, lawangé kancingên![197] Wadhah-wadhah iku kabèh tumuli êsokana lênga saka ing gucimu nganti sakêbaké!" Bok rôndha lajêng anglampahi punapa sadhawuhipun nabi Élisha, wadhah-wadhah sami kaisènan lisah sakêbakipun. Nabi Élisha tumuntên ngandika: "Lênga iku êdolên, banjur saurna utangmu. Déné turahané gawênên panguripanmu saanakmu!"

Kocapa ing jaman punika wontên sênapati ing nagari Aram awasta Naaman. Punika gêrah budhugên, garwanipun kagungan réncang èstri tiyang Israil boyongan. Réncang wau umatur: "Mênawi bândara kula dhatênga ing arsanipun nabi Élisha kang wontên ing Samaria, amêsthi badhé saras." Naaman lajêng mangkat dhatêng tanah Israil ambêkta kapal, karéta lan barang pèni-pèni kathah. Tumuntên dhatêng ing dalêmipun nabi Élisha. Saksana nabi Élisha lajêng utusan andhawuhi dhatêng Naaman kinèn salulupa wontên ing bènawi Yardèn rambah kaping pitu. Yèn sampun kalampahan amêsthi waluya. Naaman sarêng tampi dhawuh makatên wau lajêng rêngu, pangandikanipun: "Daknyana arêp nêmoni aku sarta tangané angusapi mala-[198]ku lan andongakaké warasku. Kali-kalining tanahku ing kana apa ora ngungkuli banyuning tanah Israil kabèh?" Para abdinipun lajêng sami matur dhatêng bândaranipun: "Dhuh bândara, sanadyan nabi andhawuhana padamêlan ingkang awrat, botên wandé inggih sampéyan lampahi. Langkung malih namung andikakakên siram dhatêng lèpèn kémawon, tur sampéyan dipunjanji waluya." Saksana Naaman lajêng tumurun, salulup ing bènawi Yardèn kaping pitu. Ing ngriku dagingipun lajêng pulih kados daginging bêtayi. Naaman tumuntên wangsul, angaturakên panuwun dhatêng nabi Élisha, sarta lajêng anêksèni bilih ing pundi-pundi botên wontên Allah kajawi ing tanah Israil. Sêsampuning makatên, Naaman lajêng anyaosakên raja pèni, ananging nabi Élisha botên pisan-pisan karsa nampèni. Wusana aparing pangèstu wilujêng, Naaman lajêng kondur.

Kocapa réncangipun nabi Élisha awasta Gékasi<sup>[51]</sup> punika kapéncut ing barang mas slaka lan panganggé saé ingkang tinampik déning bândaranipun wau. Mila sapêngkêripun Naa-[199]man, Gékasi lajêng anututi, aturipun: "Sapêngkêr sampéyan wau, bândara kula katamuan nabi miskin

kêkalih, mila kula lajêng dipunutus punika. Sampéyan kapurih maringi slaka satalênta tuwin panganggé kalih pangadêg dhatêng têtamu wau!" Gékasi lajêng kaparingan slaka kalih talênta tuwin panganggé kalih pangadêg, lajêng mantuk. Sowan ing arsaning bêndaranipun, nabi Élisha andangu: "Héh Gékasi, kowé saka ing ngêndi?" Aturipun: "Kula botên késah-késah." Pangandikaning nabi Élisha: "Aku wus wêruh kalawan roh, yèn kowé nampani salaka lan sandhangan saka Naaman. Lah tingkahmu mêngkono iku apa patut? Ing samêngko larané Naaman sandhangên salawasmu urip." Gékasi<sup>[52]</sup> lajêng medal, sanalika lajêng sakit budhugên.

Kala samantên ingkang jumênêng ratu ing tanah Israil anama sang prabu Yoram. Punika apêpêrangan mêngsah lan tiyang Aram. Ing ngriku nabi Élisha amratêlakakên dhatêng sang prabu mênggah kalakuanipun pabarisaning mêngsah. Ratu ing Aram tumuntên utusan angêpang ing kitha Dotan badhé anyêpêng nabi Élisha kang mang-[200]gên wontên ing ngriku. Dhatêngipun tiyang Aram ing wanci dalu, lajêng angêpang ing kitha Dotan. Réncangipun nabi Élisha sarêng tangi énjing, aningali mêngsah angêpang kitha, lajêng angaturi uninga dhatêng bêndaranipun: "Dhuh tuwan, kados pundi polah kula?" Pangandikanipun nabi Élisha: "Kowé aja kuwatir! Kang anjangkung ing aku angungkuli mungsuhku." Pangéran tumuntên ambuka mripatipun réncang wau, sanalika lajêng sumêrêp ing rêdi kêbak jaranan lan rata murub sami angayab nabi Élisha. Saking pandonganipun nabi Élisha, bala mêngsah lajêng sami lamur, nuntên kairid déning nabi Élisha dhatêng ngarsaning sang prabu Yoram. Wontên ing ngriku saking pandonganing nabi Élisha lajêng sami awas kados ing wau-wau. Kadadosanipun, mêngsah botên dipunpêjahi dhatêng sang prabu, malah dipunsugata, lajêng sami kalilan mantuk.

- 49.     sumêrêp\*
- 50.     Betel #
- 51.     Gehazi #
- 52.     Gékasi\*

## 46. Nabi Yunus

Kala panjênênganipun sang prabu Yarobam ingkang kaping kalih, ratu ing Israil, punika wontên satunggaling nabi awasta[201] Yunus. Kautus ing Pangéran dhatêng nagari Ninêwé<sup>[53]</sup>, tanah Asur<sup>[54]</sup>. Nagari punika sakalangkung agêngipun, kêmutipun ngantos lampahan tigang dintên. Déné tiyangipun anglangkungi kathah piawonipun, mila nabi Yunus wau kinèn andhawuhakên karsaning Allah dhumatêng tiyang ngriku, bilih badhé kadhatêngan bêbênduning Pangéran. Ananging nabi Yunus sangêt lênggana, malah lajêng miruda sumêdya dhatêng nagari Tarsis, lampahipun medal ing sagantên. Sarêng lampahing baita sampun dumugi ing tengah, Pangéran tumuntên andhatêngakên prahara, andadosakên kuwatosipun para tiyang ing baita, bok manawi rêmuk, sami asêsambat dhatêng allahipun piyambak-piyambak. Tumuntên sami ambucali bêkakas dhatêng sagantên supados baita wau ènthènga. Wondéné nabi Yunus tilêm kémawon wontên salêbêting baita ingkang ngandhap. Lurahing baita tumuntên anggugah dhumatêng nabi Yunus: "Hé, kapriyé déné kowé têka turu baé? Lah tangia, anyêbuta Allahmu!" Têtiyang ing baita sami mupakat angundhèni, supados sumêrêpa sintên ingkang dados margining kadhatêngan pakêwêd punika. Lah ing ngriku undhi anêdahakên nabi Yunus. Sa-[202]ksana nabi Yunus lajêng wicantên: "Aku baé cêmplungna ing sagara! Ing kono amêsthi sirêp. Sabab aku rumôngsa dadi jalarané gonmu padha katêkan pakéwuh iku." Têtiyang ing baita tumuntên sami nyênyuwun maring Allah, aturipun: "Kawula sampun ngantos karisakan, margi anggèn kawula nyêmplungakên tiyang punika ing sagantên. Kawula sampun ngantos katêmpahan rah ingkang rêsik." Nabi Yunus lajêng kacêmplungakên ing sagantên. Sanalika kocaking sagantên lajêng sirêp. Sêsampuning kalampahan, têtayang ing baita lajêng sami kurban saha punagi.

Kocapa nabi Yunus saking karsaning Allah kauntal déning ulam agêng, ananging botên dados ing sédanipun. Ngantos tigang dintên tigang dalu anggènipun wontên salêbêting padharan ulam wau sakalangkung prihatinipun. Analôngsa maring Allah, wusana lajêng kautahakên dhatêng dharatan. Pangéran tumuntên ngandika malih dhatêng nabi Yunus: "Sira lungaa marang nagara Ninêwé, amituturna apa kang Sunpangandikakaké marang sira!" Nabi Yunus lajêng késah dhatêng nagari Ninêwé sarta anguwuh-uwuh wontên ing lèlu-[203]rung: "Kurang patang puluh dina Ninêwé bakal winalik." Têtiyang ing nagari sami pitados wicantêning nabi Yunus wau sarta sami ajrih, lajêng sami siyam tuwin amanganggé bagor, dalah sang prabu inggih ngrucat kaprabonipun sarta angundhangakên manungsa sakéwanipun sami kinèn siyam. Saha têtayang sami sangêta anggènipun nyênyuwun maring Allah kalayan amantuni kalakuanipun ingkang awon. Bok manawi Allah anyandèkakên bilahi. Pangéran inggih angowêl nagari punika, botên tamtu andhatêngakên bilahi. Nabi Yunus tumuntên amuring-muring mênggah kasabaraning Allah, wicantênipun: "Yèn mêngkono angur aku matia." Lajêng mêdal saking nagari adamêl gubug, badhé sumêrêp punapa kadadosaning nagari.

Ing wanci dalu Allah anuwuhakên uwit kikayon, énjingipun agodhong lan angéyubi, nabi Yunus sênêng anggènipun kaéyuban. Nanging énjingipun malih Pangéran andhatêngakên ulêr, amêmôngsa uwit punika. Sarêng surya sampun bêtêr, godhongipun lajêng sami garing. Sirahipun nabi Yunus sarêng kasorotan ing surya lajêng aminta pêjah. Allah tumuntê-[204]n ngandika: "Mungguh nêpsumu iku apa pantês?" Aturipun nabi Yunus: "Inggih sakalangkung pantêsipun." Pangandikaning Pangéran: "Sira angowêl uwit kikayon iku, môngka ora sira tandur, thukulé barêng sawengi sarta rusaké padha sawengi. Ingsun apa ora ngowêl nagara gêdhé iku? Kang diênggoni ing wong luwih saka rôlsa lèksa kang durung bisa ambédakaké tangan kiwa lan têngên, apadéné khéwan sapirang-pirang."

53. Niniwe #

54. Asyur #

## 47. Wêkasaning Karaton Israil

Sasédanipun sang prabu Yarobam ingkang sapisan, Banisrail sangsaya karisakan, santun-sumantun ingkang ngraman. Manawi wontên ratu énggal lajêng dipunlungsur saking dhamparipun lan dipunpêjahi sakulawangsanipun. Wondéné ingkang anggêntosi jumênêng ratu malah anglangkungi piawonipun. Botên angamungkên nêmbah pêdhèt êmas kémawon, malah anêmbah brah-[205] alanipun para jinis. Kados déné lêlampahanipun sang raja Akhab ingkang sampun kasêbut nginggil sarta anyaosakên kurban kanisthan. Lah punika margining karisakanipun Banisrail. Salêbêtipun makatên, para nabi tansah angèngêtakên supados sami mantuna anggènipun nêmbah brahala, ananging mêksa botên purun tobat. Lami-laming dintên Banisrail kalurugan déning ratu ing tanah Asur, têmahan tanahipun wontên ingkang kénging kabawahakên. Sarêng ingkang jumênêng ratu ing Israil sang prabu Hoséa punika adamêl prajanjéan kaliyan sang raja Salmanèsêr ing Asur, nanging dèrèng ngantos lami dipuntêrak piyambak. Ing ngriku sang prabu Salmanèsêr lajêng anglurugi dhatêng tanah Israil angêpang kitha ing Samaria laminipun ngantos tigang taun. Wêkasana nagari Samaria bêdhah, Banisrail sami kaboyong, kabêkta dhatêng tanah Médi utawi sanèsipun ingkang têbih-têbih. Déné tiyang ingkang dipuntilar wo-[206]ntên ing tanah Israil namung sakêdhik. Wondéné tanahipun ingkang suwêng awit saking dhawuhipun sang prabu ing Asur lajêng sami dipunênggèni déning tiyang kapis. Lah punika wêkasaning karaton Israil. Umuripun kalih atus sèkêt tiga taun. Wondéné cacahing ratu sangalas.

Kacariyos têtiyang kapis ingkang sami manggèn wontên ing tanah Israil kathah bêncananipun. Prakawis punika ngantos katur dhatêng sang prabu ing Asur, déné pamanggihipun ingkang ngaturi uninga, ingkang makatên wau jalaran para tiyang sami botên uninga cara-caranipun angabêkti dhatêng Allahipun ing tanah Israil. Saksana sang prabu ing Asur lajêng angintuni imam satunggal bôngsa Israil, tinuduh kinèn amêmulanga pratikêlipun anêmbah ing Pangéran. Wondéné woworanipun tiyang kapis kaliyan tiyang Israil ingkang sami taksih wontên ing ngriku punika winastan bôngsa Samaria.[207]

## 48. Para Ratu ing Karaton Yahuda

Kala sirnaning karaton Israil, karaton Yahuda taksih jumênêng, malah umuripun ngantos dumugi tigang atus wolung dasa pitu taun. Cacahing ratu kalih dasa, sami têdhaking prabu Dawud sadaya. Ananging para ratu samantên wau inggih kathah ingkang nêmbah brahala sarta awon kalakuanipun. Wondéné ratu ingkang salèh namung sakêdhik.

Kacariyos sang raja Akhas punika ayasa pasujudan dhatêng Baal, wontên lêlurunging Yêrusalèm. Déné Bétal Mukadas kainêb, mila lajêng botên wontên ingkang ngambah ing ngriku. Sarêng kaprabonipun gumantos dhumatêng ingkang putra anama prabu Khiskia<sup>[55]</sup>. Sarêhning panggalhipun salèh, mila lajêng angêngakakên kontênipun Bétal Mukadas malih, anyirnakakên brahala saking ing Yêrusalèm sarta amurih pancêr sadasa sami wangsula anganggêp Allahing lêluhuripun, saha sami kinèn tumut angrêgani paskhah. Déné nalika panjênênganipun sang prabu wau pancêr sadasa sami kaboyong dhatêng A-[208]sur, têtayang ing karaton Israil pintên-pintên èwu ingkang sami ngungsi dhatêng karaton Yahuda amêwahi harjaning karatonipun sang prabu Khiskia.

Botên antawis lami sang raja Sankhérib<sup>[56]</sup>, ratu ing tanah Asur anglurugi kitha-kitha ing karaton Yahuda, malah angêpang ing kitha Yêrusalèm. Sang prabu Khiskia tampi panantangipun kanthi ambaèkakên asmaning Pangéran Allahipun Israil. Ing ngriku sang prabu lajêng anyuwèk-nyuwèk pangagêmanipun, saking sangêting prihatin, sarta andêdonga maring Pangéran. Tumuntên malaékating Allah tumurun anggitik pabarisanipun tiyang Asur, têmahan tiyang sakêthi wolung lêksa gangsal èwu sami pêjah sarêng sadalu. Sarêng énjing jisimipun kados bêbadan pacing. Sang raja Sankhérib lajêng bidhal kondur dhatêng nagarinipun piyambak.

Ing nalika dhatêngipun mêngsah wau, sang prabu Khiskia pinuju gêrah sangêt. Ing ngriku wontên satunggaling nabi anama Yésaya sowan dhatêng sang prabu, angêmban dhawuh timbalaning Pangéran. Sang prabu kinèn sadhiya anggènipun badhé kapundhut déning Allah. Sang[209] prabu tumuntên muwun sarwi nyênyuwun maring Allah, ingkang mugè yuswanipun dipunpanjangna. Mila nabi Yésaya sawêdalipun saking kadhaton lajêng kadhawuhan pangandikaning Allah, kinèn wangsul andhawuhana dhatêng sang prabu bilih panyuwunipun sampun katarimah. Yuswanipun kaindhakan gangsal wêlas taun êngkas. Sêsampuning kalampahan tigang dintên, sang prabu lajêng sênggang. Tumuntên lumêbêt ing Bétal Mukadas, nyaosi sukur maring Allah awit saking anggènipun kasaracakên.

Sasédanipun prabu Khiskia, ingkang anggêntosi jumênêng ratu putranipun anama Mênasé, laminipun ngantos sèkêt gangsal taun. Punika anilar kalakuanipun ingkang rama, anasarakên Banisrail dhatêng brahala malih. Mila sarêng sampun sêpuh kaulungakên déning Pangéran dhatêng tanganing mêngsah, têmahan kaboyong dhatêng Babil. Wontên ing ngriku lajêng analôngsa maring Pangéran, katarimah lajêng kawangsulakên dhatêng karatonipun malih. Tumuntên anyirnakakên sakathahing brahala saking Yêrusalèm.

Sarêng sang prabu Mênasé sampun séda lajêng kagêntosa-[210]n déning putranipun anama Amon, punika inggih anglangkungi piawonipun, nanging botên purun tobat kados ingkang rama. Anggènipun jumênêng ratu namung kalih taun, lajêng dipunsédani kawulanipun piyambak.

Tumuntên gêntosan ingkang putra, nama prabu Yosia. Lah punika ratu salèh, angantêpi pangabêktinipun maring Allah. Sawêg yuswa kalih dasa taun anyirnakakên sakathahing brahala

saking kitha Yêrusalèm lan satalatahipun sadaya, saha andandosi Bétal Mukadas. Sarêng angrêsiki, lah pangulu imam anama Hilkia amanggih kitab torèt ingkang ical kala jamanipun Mênasé, lajêng dipunungêlakên wontên ngarsaning sang prabu. Saksana sang prabu kagèt lan kagawokan awit saking pangancam-ancamipun kitab punika, ngantos anyuwèk-nyuwèk pangagêmanipun. Nanging sang prabu Yosia dipunpangandikani déning Allah lantaran saking nabi èstri anama Kulda: "Sarèhning atinira luluh gonira angrungokaké surasaning kitab iku, mulané sira bakal mati kalawan slamêt, ora mênangi bilahi kang bakal Suntêkaka-[211]ké marang nagara iki." Sang prabu Yosia tabêri anggènipun angéwahi pranataning Banisrail miturut anggêr-anggêripun nabi Musa. Tumuntên kawulanipun sami kinalêmpakakên sarta dipunwaosakên kitab punika. Sang prabu adamêl prajanjéan lan sakathahing kawulanipun wontên ngarsaning Allah, yèn wiwit nalika punika ing salajêngipun badhé sami angèstokakên paréntahing Allah kalayan trusing manah. Sang prabu Yosia anggènipun ambibrahi brahala ngantos dhatêng ing patilasanipun karaton Israil, kados ta: ing nagari Bèt El panggènaning pêdhèt êmas yasanipun sang prabu Yarobam ingkang sampun kasêbut ing ngajêng. Panggènan punika dipunrisak sarta bêbalungipun para imaming brahala ingkang kapêndhêm ing ngriku sami kapêndhêtan lajêng dipunbêsmi. Inggang makatên wau dhasar sampun kawêca déning satunggalipun utusaning Allah ing nguni.

Sasédaning sang prabu Yosia, putranipun têtiga lan wayahipun satunggal gantos-gumantos jumênêng ing karaton Yahuda, nanging sakawan pisan sami linungsur. Kathah sasmitanipun yèn karato-[212]n punika badhé énggal sirna.

55. Hizkia #

56. Sanherib #



## 49. Wêkasaning Karaton Yahuda

Wondéné ingkang suka pitêdah tuwin anarbuka mênggahing sasmita wau inggih punika para nabi, pangandikanipun kathah ingkang kasêbut wontên kitab suci. Mênggah padamêlanipun para nabi punika anggugah manahing Banisrail supados samia pitados dhatêng Allah ingkang sajati. Sampun ngantos manggih karisakan ingkang asring tuwuh saking awoning kalakuanipun tiyang kathah, punapa malih para ratu utawi para imam. Allah amatah para nabi wontên ing karaton Yahuda tuwin karaton Israil. Wontên ingkang medal saking tiyang agêng utawi saking tiyang alit. Kados ta: Yésaya tuwin Sifan Ya<sup>[57]</sup> punika trahing ratu, Yirmaya<sup>[58]</sup> lan Yêkhiskièl<sup>[59]</sup> punika trahing imam, Élia, Élisa, Yunus, lan Mikha punika wijiling tiyang alit, déné Amos punika pa-[213]ngèn miskin.

Nabi Yirmaya amêmêca mênggah badhé risakipun nagari Yêrusalèm minôngka siksaning Allah. Éwa samantên saking pamêcanipun, siksa wau taksih kénging dipuntulak kalayan patobat. Sarêng sampun antawis tiga likur taun anggènipun mêmulang makatên wau, môngka tanpa dipun-gêga, lajêng kawangsit déning Pangéran, yèn siksa wau sampun mêsthi kalêksananipun. Malah amasthèkakên yèn tiyang ing karaton Yahuda badhé kaboyong dhatêng ing Babil laminipun ngantos pitung dasa taun. Para nabi anggènipun mêmêca asring mawi pralambang, kados ta ing satunggal dintên nabi Yirmaya tumbas guci dhatêng kundhi, lajêng dipunbanting wontên ngajênganing para imam tuwin para pinisêpuh, guci lajêng pêcah dados wingka. Nabi Yirmaya lajêng ngandika: "Dhawuhing Allah kaya rêmuking wadhah gégawéaning kundhi, ora kêna kapulihaké manèh. Mêngkono uga ing sun angrêmu Banisrail iku sanagarané, omah-omah lan kadhaton ing Yêrusalèm bakal binubrah, sabab Banisrail wus padha angutugi[214] brahala."

Botên antawis lami têtayang ing karaton Yahuda sami sumêrêp kanyataanipun pamêcaning para nabi wau. Prabu Nêbukhadnésar<sup>[60]</sup> ratu ing nagari Babil anêlukakên karaton Yahuda. Ing ngriku prabu Yoyakhin lan prajuritipun salêksa, punapadéné para pangagêng, para pandhé utawi para undhagi sadaya sami kaboyong dhatêng ing Babil. Prabu Nêbukhadnésar tumuntên angadêgakên ratu sanèsipun anama raja Sidkia<sup>[61]</sup>. Botên antawis lami sang raja Sidkia aminta bantu tiyang ing Mêsir, kaajak anglawan dhatêng sang prabu Nêbukhadnésar. Tumuntên bala Kasdim angêrobi karaton Yahuda, angêpang nagari Yêrusalèm, dipunkêkahi déning tiyang Yahudi laminipun ngantos kalih taun. Saking sangêtipun awis tédha ngantos kalampahan tiyang èstri sami nêdha anakipun piyambak. Wêkasan nagari Yêrusalèm bêdhah, sang raja Sidkia lolos. Ananging kacandhak déning mêngsah, lajêng cinuplak mripatipun sarta kaboyong dhatêng nagari Babil. Sadèrèngipun kacuplak wau raja Sidkia mirsa yèn putranipun kakung sami kinisas. Lah ing[215] ngriku kalampahan pamêcanipun nabi Yêkhiskièl, yèn sang prabu badhé dumugi ing Babil sarta séda wontên ing ngriku, ananging tingalipun badhé botên mirsa ing tanah ngriku.

Nagari Yêrusalèm dalah Bétal Mukadas sami jinarah, sadaya binéngkas lan kabêsmi. Déné bêkakasipun masjit<sup>[62]</sup> ingkang pèni-pèni sami kacacahakên lan kabêkta dhatêng pamujan ing nagari Babil. Ananging mênggah pêthining prajanjéan botên wontên ingkang uninga kadadosanipun.

Wondéné tiyangipun ing karaton Yahuda sami kaboyong dhatêng ing Babil sadaya, panggènanipun kaprênca kados mrambut kabur ing angin. Anêtêpi pamêcanipun para nabi ing nguni, wontên ugi ingkang kakantunakên, inggih punika tiyang agêng sawatawis ingkang pancèn pinitados dhatêng sang prabu Nêbukhadnésar, punapa malih tiyang ingkang sami miskin.

Wontên panunggilanipun tiyang agêng wau ingkang nama Gêdalya, punika pinitados déning sang prabu angêrèh tanah Yahuda, nanging lajêng pinêjahan déning tiyang Yahudi. Wondéné nabi Yirmaya inggih kalilan déning sang prabu kantun wontên ing nagarinipun. Sabêdhahing Yê-[216]rusalèm, nabi Yirmaya lajêng anganggit sêrat pangadhuhipun.

57. Zefanya #

58. Yeremia #

59. Yeheskiel #

60. Nebukadnezar #

61. Zedhekia #

62. masjid\*

## 50. Nabi Daniël<sup>[63]</sup>

Tiyang Yahudi anggènipun wontên ing boyongan, sarèhning sampun têbih nagari tuwin masjidipun, sampun tamtu kémawon kathah kasusahanipun. Éwa samantên botên siniya-siya utawi kasami kaliyan tiyang têtumbasan. Malah wontên jêjaka Yahudi sawatawis saking karsaning sang prabu Nêbukhadnésar sami winulang kasagêdanipun tiyang Kasdim, kados ta: Daniël, Sadrah<sup>[64]</sup>, Mésah lan Abèdnégo, sapanunggilanipun. Jêjaka sakawan wau katêmanahanipun ginanjar pangkat inggil. Ing ngriku lajêng sami sagêd damêl kasaénan dhatêng bangsanipun piyambak saha mradinakên agami dhumatêng tiyang kapis.

Wondéné jêjaka sakawan wau sami botên purun nêdha tuwin ngombé pêparingipun sang prabu, sabab ajrih durakanipun tiyang nêdha kharam. Panyuwunipun dhumatêng lélurah mugè kaparingana toya tuwin rêjeki ingkang medal saking tanêm tuwuh kémawon. Sarèhning Allah a-[217]ngidini pikajênganipun ingkang samantên wau, amila bagus kasarasan tuwin kakuwatanipun angungkuli kônca-kancanipun sadaya. Sarêng sami kasowanakên dhatêng ngarsaning sang prabu, katitik bilih kasagêdanipun saèstu tanpa sasami, mila lajêng sami kaabdèkakên déning sang prabu.

Kocapa sang prabu Nêbukhadnésar anglêmpakakên êmas jêjarahan, kadamêl brahala, inggilipun ngantos sawidak asta. Sarêng sampun dados, lajêng animbali sawarnining para pangagêng saha anuding gandhèk, kinèn andhawuhakên undhang-undhang. Sawarnining tiyang ing samôngsa mirêng têngara lajêng samia sumungkêm sarta sujuda dhatêng brahala mas ingkang sampun kaadêgakên déning sang prabu punika. Sintên ingkang botên ngèstokakên dhawuh wau, amêsthi kacêmplungakên ing latu murub. Sarêng têngara sampun mungêl, para tiyang lajêng sami nêmbah brahala wau. Déné ingkang kacariyos botên tumut sujud namung tiyang têtiga, inggih punika Sadrah, Mésah lan Abèdnégo. Sarêng katur dhatêng sang prabu, tiyang têtiga wau lajêng sami tinimbalan. Pangandikanipun sang prabu: "Sabab apa sira ora gélêm nêmbah sêsêmbahan êmas iku? Lah ing ngêndi ana[218] Allah kang bisa ngluwari sira saka ing astaningsun?" Aturipun tiyang têtiga wau: "Allah sêsêmbahan kawula sagêd angluwari kawula saking latu murub, utawi saking panguwasa dalêm, sanadyan botêna karsa ngluwari, kawula inggih botên purun nêmbah brahala kancana yasan dalêm punika." Sang prabu Nêbukhadnésar sakalangkung bramatyani<sup>[65]</sup>ipun, lajêng dhawuh andadosna latu agêngipun tikêl pitu kaliyan ingkang wau-wau. Sadrah, Mésah lan Abèdnégo lajêng sami ginodhi, tumuntên sami kacêmplungakên ing latu agêng wau. Saking déné agênging latu, têtayang ingkang nyêmplungakên sami pêjah kasaladan. Sarêng tiyang têtiga wau sampun sami kacêmplungakên ing latu, sang prabu sakalangkung gumun. Déné amirsani Sadrah, Mésah lan Abèdnégo sami lumampah wontên salêbêting latu unjaran kémawon, malah wontên kancanipun malih satunggal. Paningalipun sang prabu kados putraning déwa. Saksana sang prabu Nêbukhadnésar lajêng marêpêki dhatêng panggènaning latu sarwi animbali: "Héh Sadrah, Mésah lan Abèdnégo, kawulaning Allah Kang Maha Luhur, sira padha mêtua!" Tiyang têtiga wau lajêng sami mêngtas saking latu, pinanggih sandhangani-[219]pun botên wontên ingkang rêmpit, badanipun botên malonyoh, dalah rigmanipun<sup>[66]</sup> botên gêsêng. Sang prabu lajêng angandika: "Allahé wong têtêlu iku kaluhurna, déné wus angutus malaékaté anulungi kawulané kang padha kumandêl ing kuwasané." Sang prabu tumuntên angundhangakên dhumatêng wawêngkonipun<sup>[67]</sup> sadaya, makatên: "Wong kang angala-ala Allahé Sadrah, Mésah lan Abèdnégo amêsthi dikisas." Déné tiyang têtiga punika lajêng sami kaparingan panguwasa agêng wontên ing karatonipun sang prabu.

Makatên ugi nabi Daniël sampun kaparingan pangkat inggil déning sang prabu Nêbukhadnésar, punapa malih putranipun sang prabu ingkang gumantos ing kaprabonipun anama sang rabu Bêlsasar<sup>[68]</sup>, punika inggih sakalangkung ngurmati dhatêng nabi Daniël. Langkung malih sang prabu Darius<sup>[69]</sup> ratu ing Médi. Nabi Daniël ngantos dipunpitadosi angrèh sapratiganing karatonipun, malah sêdyanipun sang prabu Darius, nabi Daniël badhé pinitados angrèh karatonipun sadaya. Mila para pangagêng sanèsipun sami mèri dhatêng kabêgjan ingkang samantên wau. Tê-[220]mah tansah sami ngupados kalêpatanipun nabi Daniël, ananging botên pinanggih. Têmahan para pangagêng wau sami saékapraya darbé atur dhatêng sang prabu supados angundhangna paréntah ing salêbêtipun kawandasa dintên botên kénging tiyang darbé panyuwun dhatêng satunggaling Allah utawi manungsa, ngamungna dhatêng sang prabu piyambak. Sintên-sintêna ingkang nêrak wêwalêr punika amêsthi kacêmplungakên luwênging singa. Sang prabu inggih anêmbadani panyuwuning para pangagêng ingkang makatên wau. Sanadyan sampun wontên undhang-undhang punika. Éwadéné nabi Daniël botên kêndhat anggènipun andêdonga maring Allah, kados ngadat ingkang sampun kalampahan, sadintên rambah kaping tiga wontên ing lotêng, jandhêlanipun mênga kémawon. Wondéné para pangagêng wau botên sarônta, énggal angaturi uninga dhatêng sang prabu, wondéné sang prabu sangêt pangungunipun, kaduwung anggènipun andhawuhakên undhang-undhang wau. Karsanipun sang prabu badhé angalingi nabi Daniël, ananging pakêwêd anggènipun badhé ambibrah undhang-undhang wau. Wusana ngandika dhumatêng nabi Daniël: "Allah kang sira kawulani tan pêgat, muga amitu-[221]lungana ing sira." Nabi Daniël tumuntên kacêmplungakên ing luwênging singa. Wondéné sang prabu botên dhahar botên saré sadalu muput. Ing wanci bangun énjing énggal tindak dhatêng panggènaning luwêng, tumuntên animbali: "Héh Daniël, kawulaning Allah kang gêsang, Allah kang sira bêktèni apa nyata anulungi ing sira?" Aturipun nabi Daniël: "Inggih yêktos, Allah kawula sampun ngutus malaékatipun ambungkêm cangkêming singa, mila botên sagêd misakit dhatêng kawula." Sang prabu sakalangkung suka ing galih, lajêng dhawah angêntas nabi Daniël saking luwêng. Wondéné têtiyang agêng ingkang sami andakwa nabi Daniël wau lajêng sami kacêmplungakên ing luwêng, dèrèng ngantos dumugi ing ngandhap sampun sinandêr ing singa lajêng minôngsa. Sang prabu Darius tumuntên angundhangakên paréntah, kawulaningsun kabèh padha wêdia maring Allahé Daniël, sabab sagêd angluwari sarta amitulungi, miwah damêl têtêngêran ana ing langit utawa ing bumi.[222]

63. Dhaniel #

64. Sadrakh #

65. bramantyanipun\*

66. rikmanipun\*

67. wêwêngkonipun\*

68. Belsyazar #

69. Dharius #

## 51. Nagari Yêrusalèm Binangun

Sarêng tiyang Yahudi anggènipun wontên ing boyongan sampun antawis pitung dasa taun. Nagari ingkang sami dipunênggèni kados ta ing Asur, ing Médi, lan ing Babil punika sami kabawah paréntahipun sang prabu Khorês ratu ing Pèrsi. Kocapa sang prabu anggènipun jumênêng dèrèng angsal sataun, lajêng angundhangakên dhawuh dhatêng sakathahing tiyang Yahudi ingkang sami manggèn wontên talatahipun. Dhawuhipun makatên: "Pangéran Allah ing Swarga wus andhawuhi ingsun, kinon ambangun padalêmané ing Yêrusalèm! Mulané sapanunggalmu kang kalêbu umaté iku padha muliha, sarta ambanguna Bétal Mukadas! Iya muga kajangkunga ing Allahé." Wondéné bêkakas êmas, bêkakas praboting masjid, ingkang sampun kajarah dhatêng ing Babil, punika kaparingakên wangsul dhatêng tiyang Yahudi, kathahipun gangsal èwu kawan atus.

Têtiyang ingkang taksih sami kèngêtan dhatêng Yêrusalèm inggih lajêng samêkta badhé mantuk, ananging sarèhning tiyang Yahudi kathah ingkang sampun sami kraos, punapa malih ingkang sampun sugih. Mi-[223]la ingkang sami mantuk namung wontên tiyang baku griya kawan lêksa kalih èwu. Tiyang samantên wau ingkang kathah tédhak Yahuda tuwin Lèwi, wondéné ingkang dados pangiridipun, pangulu imam anama Yusak, tuwin sêru Babil, tédhkipun Dawud. Sarêng sampun sami dumugi ing Yêrusalèm, ingkang dipun-garap rumiyin pakurbananing Pangéran, tuwin talêsing masjid dipunadhêpi para imam, sarwi amêmuji mawi angungêlakên salomprèt. Ananging para tiyang sêpuh ingkang sampun naté sumêrêp Bétal Mukadas yasanipun sang prabu Suléman, sadaya sami nangis, awit katawis bilih masjid ingkang sawêg ginrap punika badhé botên paja-paja angèmpêri masjid ingkang lami, mila sambating tiyang sêpuh awor lan bingah ing tiyang anèm.

Kacariyos tiyang Samaria lajêng sami makèwêdi dhatêng para tiyang ingkang sami nyambut damêl, tuwin mêmêngsahan, tèmahan tiyang nambut karya sami kèndho manahipun. Ing ngriku wontên nabi kêkalih anama Khagai lan Sakarya, kautus déning Pangéran kinèn anglêlipur tuwin anggugah manahing tiyang Yahudi, tèmah lajêng sami sêngkut malih anggènipun tumandang ing damêl, ngantos dumugi rampung-[224]ipun.

Botên antawis lami, wontên satunggaling ngulama bôngsa Yahudi ingkang sampun kawêntar mênggah kawicaksanan tuwin salèhipun, anama Ésra<sup>[70]</sup>. Punika angsal idinipun sang prabu ing Pèrsi, klilan ambiyantu murih rêjanipun nagari Yêrusalèm. Nuntên bidhal saking Pèrsi, kadhèrèkakên déning para pèpilihane bangsanipun, saha kabêktanan déning sang prabu ing Pèrsi, awarni bêkakasing Bétal Mukadas ingkang taksih kantun wontên ing Babil. Sadhatèngipun Ésra ing Yêrusalèm, lajêng amranata bab agami lan padamêlaning para imam miturut pranatanipun nabi Musa. Éwa samantên tiyang Yahudi taksih kathah kasusahanipun, punapadéné nagari Yêrusalèm dèrèng katingal rêja. Mila makatên, awit tiyang Yahudi anggènipun ambangun baluwartining nagari tansah dipunrêsahi dhatêng bôngsa Samaria. Kacariyos wontên satunggaling bôngsa Yahudi dados juru larihipun sang prabu ing Pèrsi, anama Nêkhamya<sup>[71]</sup>. Punika klilan mantuk dhatêng Yêrusalèm, sarta kinèn ambangun baluwartinipun. Malah kinula wisudha dados adipati, pinasrahan angrèh tanah Yahudi sadaya.[225]

Dhasar para ratu ing tanah Pèrsi kathah kasaénanipun dhatêng bôngsa Yahudi. Kacariyos wontên satunggaling ratu anama Akhaswêrus, punika akrama angsal prawan Yahudi anama Èster, anjalari kathahing pitulunganipun sang prabu dhumatêng bôngsa Yahudi, nalikanipun manggih pakèwêd agêng. Wondéné sang pramèswari Èster wau kagungan nak sadhèrèk, anama

Mardêkhai. Punika sampun naté amêdhar wadosipun para tiyang ingkang sami saékapraya ngangkah sédanipun sang prabu, kaaturakên dhatêng sang pramèswari. Ing wingking Mardêkhai kinula wisudha dados patihipun sang prabu.

Mangsuli cariyosipun adipati Nêkhamya, lêstantun padamêlanipun ambangun kitha, sarta angêncêngakên sawarnining pranata. adipati Nêkhamya tuhu saé budinipun, salaminipun jumênêng adipati botên angsal pamêdal, malah sabên dintên anyugata tiyang satus sèkêt, tuwin nyambutakên lan amitulungi mawi artanipun piyambak, déné têtiyang ingkang sami nyambut wau botên tinagih. Sang adipati anyarirani garap baluwarti wau, para abdinipun inggih sami ngrêncangi. Lah ingkang makatên wau saèstu dados têtuladanipun para sugih, lajêng sami anglilakakê-[226]n potangipun dhatêng têtiyang mlarat, sarta amangsulakên gantosan tanpa panêbus.

Iba sapintên kémawon kautamènipun ingkang sami ambangun wau, ananging sajatinipun ingkang ambangun punika dèrèng rawuh. Sawêg kapangandikakakên déning Pangéran, lantaran saking nabi Mal Akhi: "Lah Ingsun utusan malaékating-Sun bakal angrata dalan ana ing arsaning-Sun, môngka Gusti kang padha sira upaya rikat tumêka marang masjidé, apadéné malaékating prajanjéan kang padha sira arêp-arêp, iya têka." Lah mêngkono pangandikaning Pangéraning langit lan bumi.

70. Ezra #

71. Nehemya #

## 52. Nabi Ayub

Ing tanah Us, wontên satunggaling nabi anama Ayub. Kagungan putra sadasa, ingkang jalêr pêpitu, ingkang èstri têtiga, sarta asugih raja kaya ingkang warni ménda pitung èwu, unta tigang èwu, lêmbu sèwu, kuldi gangsal atus, tuwin sugih réncang, mila kamulyanipun ngantos angungkuli tiyang bang wétan sadaya.[227] Para putranipun ingkang jalêr kêrêp adamêl bujana, gêntos-gêntos kémawon, sami ngajak sadhèrèkipun èstri. Para putra wau anggènipun damêl bujana sabên gangsal saubêngan, nabi Ayub lajêng kurban maring Pangéran, sacacahing putranipun, minôngka pangruwating dosanipun, kang awit nabi Ayub sumêlang bok manawi salêbêtipun bujana wau putranipun kénging dosa maring Allah.

Kacariyos ing satunggal dintên, para putra sawêg sami bujana sarwi kasukan, dumadakan wontên satunggal abdi sowan dhatêng nabi Ayub, aturipun: "Kagungan sampéyan lêmbu tuwin kuldi sami kabradhat déning tiyang Baduwi, malah ingkang angèn sami dipunpêjahi. Namung kula piyambak ingkang mrucut, lajêng angaturi uninga dhumatêng sampéyan punika." Dèrèng têlas aturipun abdi wau, lajêng katungka dhatêngipun abdi malih, aturipun: "Kagungan sampéyan ménda kasambêr ing gêlap latu, têlas kabêsmi dalah para pangènipun. Namung kula piyambak ingkang wilujêng, mila énggal lajêng ngaturi uninga punika." Abdi wau dèrèng dumugi anggènipun matur, kasarû dhatêngipun abdi malih, aturipun: "Kagungan sampéyan unta sami kaplajêngakên dhatêng[228] tiyang Kasdim. Inggang angèn sami dipunpêjahi, namung kula piyambak ingkang mrucut, mila lajêng ngaturi uninga ing sampéyan." Dèrèng rampung aturipun abdi wau, lajêng wontên malih abdi dhatêng, aturipun: "Para putra sampéyan jalêr èstri sawêg sami bujana, dumadakan wontên angin agêng, anêmpuh griya ngantos angrêbahi para putra sampéyan wau, têmahan pêjah sadaya." Saksana nabi Ayub lajêng ngadêg, anyuwèk-nyuwèk sandhanganipun, lajêng sumungkêm ing siti sujud maring Pangéran. Wicantênipun: "Pangéran kang maringi, Pangéran kang mundhut, Pangéran kaluhurna." Sawêg samantên nabi Ayub botên manggih kalêpatan, tuwin botên maibên dhatêng Pangéran.

Kacariyos sangsaya kathah cobining Pangéran ingkang tumanduk dhumatêng nabi Ayub. Botên antawis lami nabi Ayub kacandhak sakit bibrah, badanipun sakoju kêbak mêmala, sakalangkung nisthanipun. Asring-asring lênggah wontên ing pawuhan, sarwi ngêrok malanipun, kalayan wingka. Garwanipun lajêng matur: "Sampéyan punapa taksih ngantêpi sêtya tuhu sampéyan maring Allah? Yèn sêmbada bok inggih sampéyan andum wilujêng atilar do-[229]nya kémawon." Nabi Ayub sakalangkung botên kadugi dhatêng rêmbagipun ingkang garwa wau, wangsulanipun: "Sarêhning aku wus nampani pira-pira kabêcikaning Allah, ing samêngko aku pinaringan kang ala, kapriyé gonku ora narima?" Dumugi samantên nabi Ayub botên kawêdal pangrêsulanipun.

Kocapa wontên mitraning nabi Ayub têtiga, sarêng mirêng mênggah sangsaranipun nabi Ayub, lajêng amrêlokakên tuwi, sêdyanipun badhé anglêlipur. Sarêng ningali nabi Ayub saking katêbihan, sami pandung, tumuntên sami anjêrit sarwi karuna, anênggani wontên sandhingipun ngantos pitung dintên pitung dalu, tanpa mawi imbal wicantên sakêcap-kêcapa, awit sami sumêrêp bilih sakitipun nabi Ayub anglangkungi rêkaosipun. Ing ngriku nabi Ayub lajêng kawêdal wicantênipun ingkang botên prayogi, angipat-ipati sariranipun piyambak, pangandikanipun: "Yèn kaya mêngkéné iki, luwih bêcik aku aja tumitah baé." Déné mitranipun têtiga wau sêmunipun sami maibên dhatêng kasalêhaning nabi Ayub, nanging botên kawêdal pasajanipun. Inggang makatên wau nabi Ayub sangsaya botên sakéca manahipun, andadosakên ka-[230]thah wêdaling pangundhamananipun maring Allah.

Sarêng nabi Ayub angsal pangandikaning Allah piyambak, lajêng angakêni balilunipun, sarta lajêng analôngsa. Wusana nabi Ayub lajêng kabrêkahan déning Allah, anglangkungi ingkang sampun. Sêsakitipun têmah mulya, salajêngipun nabi Ayub apêputra jalêr pêpitu lan èstri têtiga, punapadéné rajakayanipun kaparingakên wangsul kalayan tikêl. Yuswanipun kasambêtan satus kawan dasa taun, ngantos mêningi canggahipun.



Disalin dari Aksara Jawa oleh Sastra.org: [http://www.sastra.org/katalog/judul?ti\\_id=1962](http://www.sastra.org/katalog/judul?ti_id=1962)

## Katalog

Katalog # : 1962

Titel : Kitab Suci

Versi : Anonim

Tahun : -

Image :

Tipe : Naskah

Bentuk : Prosa

Bahasa : Jawa

Aksara : Jawa

Ikhtisar : Perjanjian Lama dimulai dengan cerita Allah menciptakan dunia dengan segala isinya, termasuk penciptaan manusia pertama (Adam dan Hawa). Kemudian cerita tentang dosa pertama manusia. Cerita selanjutnya tentang keturunan Adam dan Hawa. Cerita tentang nabi-nabi, di antaranya nabi Ibrahim, nabi Iskhak, nabi Yakub, nabi Yusuf, nabi Musa, nabi Élia, nabi Élisa, nabi Yunus, dan nabi Daniel. Sedangkan Perjanjian Baru menceritakan tentang kehidupan Yesus, mulai dari kelahiran-Nya dari seorang perawan bernama Maryam hingga kematian-Nya di kayu salib. Selama hidupnya banyak mujizat yang dilakukan oleh Yesus. Ia juga mengajarkan banyak hal tentang kerajaan Surga dengan perumpamaan. Ia mempunyai dua belas murid dan banyak orang menjadi pengikut-Nya. Setelah kematian-Nya, Yesus bangkit dan naik ke Surga. Cerita selanjutnya tentang pengabaran Injil para murid Yesus.

Kata kunci : agama, agami, aksara, gancaran, jawa, jawi, naskah, carik

Data digital : 1. [Kitab Suci, Anonim, #1962 \(Bagian 1\)](#). Agama dan Kepercayaan | Kitab Suci #1548.  
2. [Kitab Suci, Anonim, #1962 \(Bagian 2\)](#). Agama dan Kepercayaan | Kitab Suci #1547.  
3. [Kitab Suci, Anonim, #1962 \(Bagian 3\)](#). Agama dan Kepercayaan | Kitab Suci #1546.  
4. [Kitab Suci, Anonim, #1962 \(Bagian 4\)](#). Agama dan Kepercayaan | Kitab Suci #1545.

## Deskripsi

### Judul

Luar : Kitab Suci

Dalam : -

Lain : -

Sub-judul : -

Bagian dari : [Pêpêthikan Saking Kitab Suci, Kristiana, 2011, #1950](#)

Memuat : -

Series dari : -

### Penyusun

*Tidak ada data*

### Jilid

Jumlah : 1 dari 1

Jilid # : 1

Series ref. : -

Jilid titel : -

Penerbit : -

Tempat : -

Tanggal : -

Edisi ref. : -

Print ref. : -

Halaman : 394

Gambar : -

Kosong : -

### Sumber

Jumlah : 1 dari 1

|             |                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                  |
|-------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Sumber      | : Rêksa Pustaka (Mangkunagara, Surakarta)                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                        |
| Katalog     | : A 220                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                          |
| Tipe media  | : Asli                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                           |
| Ukuran      | : 21 x 17 cm.                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                    |
| Ukuran teks | : 17. 5 x 15 cm.                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                 |
| Fisik       | : Naskah masih cukup baik, tidak ada lembaran yang terlepas dari benang jilidannya, tetapi benang jilidannya kurang kuat. Naskah dijilid hard cover. Sampul naskah berwarna hijau muda dan di bagian punggung naskah berwarna hijau tua, di tengah punggung naskah terdapat tempelan kertas putih bertuliskan A 220. Sebelum lembar awal dan lembar akhir terdapat kertas yang cukup tebal berwarna coklat.                                                                                                                      |
| Kertas      | : Naskah menggunakan kertas polos berwarna coklat muda. Ada beberapa kertas yang berlobang di bagian pinggirnya, yaitu pada 2 lembar awal tanpa nomor halaman, halaman 1, 380, dan 381. Pada halaman 380 dan 381 diberi kertas pelapis karena pada halaman ini keadaan kertas mengkhawatirkan dan keadaan teks yang sebagian hilang karena kertas berlobang dan sobek.                                                                                                                                                           |
| Rusak       | : -                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                              |
| Tulisan     | : Aksara Jawa carik, mbata sarimbag miring ke kanan. Ukuran huruf sedang dan jarak antar huruf juga sedang, tidak terlalu rapat dan tidak terlalu berjauhan. Warna tinta hitam kecoklatan. Karena penulisan teks menggunakan kertas polos, maka jumlah baris tiap halamannya tidak ajeg, ada yang 17 baris/ halaman dan ada pula yang 18 baris/ halaman, tetapi kebanyakan 18 baris/ halaman.                                                                                                                                    |
| Penomoran   | : 2 lembar awal tanpa nomor halaman, yaitu lembar pertama bertuliskan judul <i>Kitab Suci</i> dan lembar kedua bertuliskan <i>Pêpêthikan Saking Kitab Suci Kathahipun Satus Sakawan Cariyos</i> . Halaman 1 tidak diberi nomor halaman. 2 lembar sebelum halaman 234 juga tanpa nomor halaman, lembar pertama kosong, sedangkan lembar kedua bertuliskan <i>Dwi Makandhêh Pêpêthikan Saking Prajanjéan Énggal Kathahipun Sèkêt Kalih Cariyos</i> . Lembar terakhir juga tanpa nomor halaman. Halaman 2-394 diberi nomor halaman. |

#### Digitisasi

|                  |                                                       |
|------------------|-------------------------------------------------------|
| Transkripsi oleh | : Lisa Kristiana                                      |
| Digitisasi oleh  | : Lisa Kristiana                                      |
| Tanggal          | : Apr 2011                                            |
| Sumber           | : Rêksa Pustaka (Mangkunagara, Surakarta) #A 220 Asli |